

**UPACARA TRADHISI SLAMETAN PATANGPULUH DINTEN  
SEDANIPUN TIYANG WONTEN ING DHUSUN MANGUNAN DESA  
MANGUNAN KECAMATAN DLINGO KABUPATEN BANTUL**

**SKRIPSI**

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat  
Anggayuh *Gelar Sarjana Pendidikan*



**dening:**

**Anik Wulandari**

**NIM 14205241013**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

## PASARUJUKAN

*Skripsi kanthi irah-irahan Upacara Tradhisi Slametan Patangpuh Dinten  
Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan  
Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul menika sampaun angsal palilah saking  
Pembimbing supados dipunajengaken ing pandadaran.*



Yogyakarta, 02 Maret 2018

*Pembimbing,*


A handwritten signature in black ink, appearing to read "Purwadi".

Dr. Purwadi, SS.,M.Hum.

NIP. 19710916 200501 1 001

## PANGESAHAAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluhan Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul menika sumpun dipunandharaken wonten ing pandadaran sangajenging Dewan Penguji rikala tanggal 30 April 2018 saha dipuntetepaken lulus.*



Yogyakarta, 23 Mei 2018

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.

NIP. 19571231 198303 3 004

## WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula

Nama : **Anik Wulandari**

NIM : 14205241013

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri  
Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika seratan kula piyambak. Samangertos kula, karya ilmiah menika isipun boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha etika nyerat *karya ilmiah* ingkang limrah.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten menawi wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 02 Maret 2018

Panyerat,



Anik Wulandari

## **SESANTI**

“Yen wani aja wedi-wedi, yen wedi aja wani-wani”

(Pitedah saking tiyang sepuh)

“*Sesungguhnya sesudah kesulitan itu ada kemudahan. Maka apabila kamu telah selesai (dari sesuatu urusan), kerjakanlah dengan sungguh-sungguh (urusan) yang lain dan hanya kepada Tuhanmulah hendaknya kamu berharap*”

(Q.S Al Insyirah :6-8)

## **PISUNGSUNG**

*Alhamdulillahirrabil'alamin* Kanthi linambaran pamuji sukur dhumateng  
Ngarsanipun Gusti Allah Ingkang Maha Kuwaos, *Skripsi* menika  
kapisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula kekalih ingkang kula tresnani  
ingkang sampun paring panggulawenthah kanthi tenaga, beya,  
panjurung pangestunipun menapa dene katresnan.

## PRAWACANA

*Alhamdulillahirabil'alamin* Puji sukur konjuk wonten Ngarsanipun Gusti Allah Ingkang Maha Kuwaos ingkang sampun paring pangayoman, satemah karaharjan saha kabekjan tansah tumanduk dhateng panyerat. Satemah skripsi kanthi irah-irahan *Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluhan Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul* skripsi menika dipundamel kangege njangkepi sarat nggayuh gelar sarjana pendidikan.

Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng dosen pembimbing inggih menika Bapak Dr. Purwadi, SS.M.Hum ingkang kanthi sabar lan wicaksana sampun paring bimbingan, panjurung, pamrayogi, saha panyaruwe sadangunipun kula nyerat skripsi, satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Atur panuwun ugi katuraken dhateng sedaya pihak ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun, awit saking purwaka dumugi paripurnaning skripsi menika. Kanthi raos ingkang tulus panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa M.Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni.
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum. minangka pangarsaning Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring wewarah supados skripsi menika saged dipunrampungaken kanthi lancar.
4. Ibu Dra. Sri Widystuti, M.Hum minangka Penasehat Akademik ingkang sampun paring piwulang.
5. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ngelmu, piwulang, miwah panjurung dhateng panyerat.

6. Bapak Supana, S.Sos minangka Admin Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu panjurung dhateng panyerat sadangunipun ngrampungaken skripsi menika.
7. Sedaya staf karyawan Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring pambiyantu sadangunipun maguru satemah saged rancag ing sedayanipun.
8. Tiyang sepuh kekalih ingkang sanget kula tresnani awit sadaya panjurung saha donga pangestunipun.
9. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah kelas A angkatan 2014 ingkang sampun suka panjurung anggen kula nyerat skripsi menika.
10. Kanca kula Ana, Windu, Mifta, Indri, Novi, Nur Fatimah, ingkang asring paring panyemangat anggen kula nyerat skripsi.
11. Sedaya kanca kula PLT wonten SMA N 1 IMOGLI saha kanca KKN A9 ingkang paring panjurung anggen kula nyerat skripsi.
12. Sadaya pihak waraga Mangunan ingkang boten saged kula sebutaken sadaya ingkang sampun paring pambiyantu, pandonga saha panjurung dhateng panyerat satemah skripsi menika saged maujud.

Panyerat ngrumaosi bilih *skripsi* menika taksih tebih saking sampurna.

Satemah saking menika, sedaya pamrayogi menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih jejangkeping *skripsi* menika, tansah katampi kanthi bingahing manah. Ewa semanten panyerat ugi gadah pangajeng-ajeng sageda *skripsi* menika migunani tumrap sinten kemawon ingkang maos. Makaten kalawau atur sapala saking panyerat, mugi *skripsi* menika saged murakabi. Aamiin.

Yogyakarta, 02 Maret 2018

Panyerat,



Anik Wulandari

## WOSING ISI

Kaca

<b>IRAH-IRAHAN .....</b>	i
<b>PASARUJUKAN .....</b>	ii
<b>PANGESAHAAN .....</b>	iii
<b>WEDHARAN .....</b>	iv
<b>SESANTI .....</b>	v
<b>PISUNGSUNG .....</b>	vi
<b>PRAWACAN .....</b>	vii
<b>WOSING ISI.....</b>	ix
<b>DHAFTAR TABEL.....</b>	xiv
<b>DHAFTAR GAMBAR .....</b>	xv
<b>DHAFTAR GAMBAR LAMPIRAN .....</b>	xvii
<b>DHAFTAR LAMPIRAN .....</b>	xix
<b>SARINGING PANALITEN.....</b>	xx
<b>BAB I PURWAKA .....</b>	1
A. Dasaring Panaliten .....	1
B. Undheraning Prakawis .....	5
C. Watesaning Prakawis .....	6
D. Wosing Prakawis.....	6
E. Ancasing Panaliten.....	7
F. Paedahing Panaliten .....	8
<b>BAB II GEGARAN TEORI.....</b>	9
A. Kabudayan .....	9
B. Folklor.....	13
C. Tradhisi .....	16

D. Slametan Patangpuluh Dinten .....	19
E. Makna Simbolik .....	22
F. Sajen .....	23
G. Panaliten ingkang jumbuh .....	24
 <b>BAB III METODE PANALITEN .....</b>	 26
A. Jinising Panaliten .....	26
B. Setting Panaliten .....	26
C. Data lan sumber data .....	27
D. Cara Ngempalaken Data .....	28
1. Observasi Berperanserta .....	28
2. Wawancara Mendalam .....	28
3. Dokumentasi .....	28
E. Pirantining Panaliten .....	28
F. Cara Nganalisis Data .....	29
G. Cara Ngesahaken Data .....	30
 <b>BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN .....</b>	 32
A. Deskripsi Setting Panaliten .....	32
1. Papan Upacara Tradhisi Slametan .....	33
2. Paraga Upacara Tradhisi Slametan .....	34
a. Data Kependudukan .....	35
b. Data Pedamelan .....	36
c. Data Pendidikan .....	36
d. Data Sistem Religi .....	37
B. Prosesi Lampahing Upacara Tradhisi Slametan .....	39
1. Cecawis .....	39
a. Sajen Peturon .....	40
1) Sedaya sajen daharan .....	40

2) Kinang, sekar, arta wajib.....	41
3) Rujak Degan.....	43
b. Sajen Ziarah .....	44
1) Sekar Telon .....	44
2) Godhong dhadhap .....	45
3) Menyan.....	46
c. Sajen Kendhuri.....	47
1) Ingkung .....	47
2) Dhele saha Rambak .....	50
3) Pisang Raja.....	50
4) Tukon Pasar.....	52
5) Sekar konyoh.....	53
6) Sekul ambeng .....	54
7) Sekul liwet.....	56
8) Sekul golong .....	57
9) Jenang.....	59
10) Apem .....	61
11) Jadah.....	62
12) Ketan salak (wajik) .....	63
13) Pisang sale.....	64
14) Peyek .....	65
2. Lampahing Adicara .....	66
a. Masrahaken sajen .....	66
b. Ziarah Kubur.....	68
1) Mbesem menyan .....	70
2) Nyebar sekar telon .....	72
c. Yasinan .....	73
1) Maos Surat Yasin .....	73
2) Kendhuri.....	76
(a) Berkat.....	77

(b) Sodakohan .....	78
C. Makna Simbolik Sesajen .....	80
1. Sajen wonten peturon .....	81
a. Sedaya dhaharan ingkang dipunolah .....	81
b. Kinang, sekar, arta wajib .....	82
c. Rujak degan .....	83
2. Sajen ziarah .....	83
a. Sekar Telon.....	83
b. Godhong Dhadhap.....	84
c. Menyan.....	85
3. Sajen kendhuri .....	85
a. Ingkung.....	86
b. Pisang Raja .....	87
c. Sekar konyoh .....	88
d. Sekul Ambeng .....	89
e. Sekul Liwet.....	90
f. Sekul Golong .....	91
g. Jenang .....	92
h. Apem .....	93
i. Jadah .....	94
j. Ketan salak (wajik) .....	94
k. Pisang sale .....	94
D. Paedahipun Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten....	95
1. Paedah Religi .....	95
2. Paedah Sarana Shodaqoh .....	97
3. Paedah Sosial .....	97
4. Paedah Nglestantunaken Budaya .....	99
<b>BAB V PANUTUP .....</b>	<b>101</b>
A. Dudutan .....	101
B. <i>Implikasi</i> .....	106

C. Pamrayogi .....	106
<b>KAPUSTAKAN .....</b>	<b>108</b>
<i>LAMPIRAN .....</i>	110

## **DHAFTAR TABEL**

Kaca	
<i>Table 1</i> : Cacahing penduduk dhusun Mangunan .....	34
<i>Table 2</i> : Pedamelan penduduk dhusun Mangunan.....	35
<i>Table 3</i> : Tingkat pendidikan penduduk dhusun Mangunan .....	36
<i>Table 4</i> : Agami penduduk dhusun Mangunan.....	37

## **DHAFTAR GAMBAR**

	Kaca
Gambar 1 : Peta Desa Mangunan .....	33
Gambar 2 : Denah lokasi Upacara Tradhis Slametan.....	34
Gambar 3 : Sajen Sedaya Daharan .....	40
Gambar 4 : Kinang .....	41
Gambar 5 : Rujak Degan .....	43
Gambar 6 : Sekar Telon.....	44
Gambar 7 : Godhong Dhadhap .....	45
Gambar 8 : Menyan .....	46
Gambar 9 : Ingkung .....	47
Gambar 10 : Ingkung saha Sekul Wuduk .....	48
Gambar 11 : Dele saha Rambak .....	50
Gambar 12 : Pisang Raja .....	51
Gambar 13 : Tukon Pasar .....	52
Gambar 14 : Sekar Konyoh .....	53
Gambar 15 : Sekul Ambeng .....	54
Gambar 16 : Sekul Ambeng saha Lawuh .....	55
Gambar 17 : Sekul Liwet.....	56
Gambar 18 : Sekul Golong .....	57
Gambar 19 : Sekul Golong saha Lawuh .....	58
Gambar 20 : Jenang .....	59

Gambar 21 : Apem .....	61
Gambar 22 : Jadah .....	62
Gambar 23 : Ketan Salak.....	63
Gambar 24 : Pisang Sale.....	64
Gambar 25 : Peyek .....	65
Gambar 26 : Bapak Zabidi Masrahaken sajen peturon.....	66
Gambar 27 : Ziarah Kubur.....	68
Gambar 28 : Bapak Zabidi mbesem menyan.....	71
Gambar 28 : Nyebar Sekar Telon .....	72
Gambar 29 : Yasinan .....	73
Gambar 30 : Kendhuri .....	76
Gambar 31 : Berkat.....	77
Gambar 32 : Sodakohan .....	79

## **DHAFTAR GAMBAR LAMPIRAN**

	Kaca
Gambar 1 : Peta Desa Mangunan .....	111
Gambar 2 : Denah lokasi Upacara Tradhis Slametan.....	112
Gambar 3 : Sajen Sedaya Daharan .....	117
Gambar 4 : Kinang .....	118
Gambar 5 : Rujak Degan .....	119
Gambar 6 : Sekar Telon.....	120
Gambar 7 : Godhong Dhadhap .....	120
Gambar 8 : Menyan .....	121
Gambar 9 : Ingkung .....	121
Gambar 10 : Ingkung saha Sekul Wuduk .....	122
Gambar 11 : Dele saha Rambak .....	123
Gambar 12 : Pisang Raja .....	123
Gambar 13 : Tukon Pasar .....	124
Gambar 14 : Sekar Konyoh .....	125
Gambar 15 : Sekul Ambeng .....	126
Gambar 16 : Sekul Ambeng saha Lawuh .....	126
Gambar 17 : Sekul Liwet.....	127
Gambar 18 : Sekul Golong .....	128
Gambar 19 : Sekul Golong saha Lawuh .....	128
Gambar 20 : Jenang .....	129

Gambar 21 : Apem .....	130
Gambar 22 : Jadah .....	131
Gambar 23 : Ketan Salak.....	131
Gambar 24 : Pisang Sale.....	132
Gambar 25 : Peyek .....	133
Gambar 26 : Bapak Zabidi Masrahaken sajen peturon.....	134
Gambar 27 : Ziarah Kubur.....	136
Gambar 28 : Bapak Zabidi mbesem menyan.....	137
Gambar 28 : Nyebar Sekar Telon .....	138
Gambar 29 : Yasinan .....	139
Gambar 30 : Kendhuri .....	140
Gambar 31 : Berkat.....	140
Gambar 32 : Sodakohan .....	141

## **DHAFTAR LAMPIRAN**

Kaca	
<i>Lampiran 1 : Catatan Lapangan Observasi .....</i>	108
<i>Lampiran 2 : Catatan Lapangan Wawancara .....</i>	143
<i>Lampiran 3 : Surat Pernyataan Informan .....</i>	179
<i>Lampiran 4 : Surat Ijin Panaliten .....</i>	185

**UPACARA TRADHISI SLAMETAN PATANGPUH DINTEN  
SEDANIPUN TIYANG WONTEN ING DHUSUN MANGUNAN DESA  
MANGUNAN KECAMATAN DLINGO KABUPATEN BANTUL**

**Dening Anik Wulandari  
NIM 14205241013**

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken prosesi upacara tradhisi slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang, sajen saha *makna simbolik* sajen ingkang dipunginaaekn wonten upacara tradhisi slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang, paedahipun upacara tradhisi slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang dhateng masarakat.

Panaliten menika ngginaaken metode panaliten kualitatif deskriptif. Caranipun ngempalaken data ing salebetting panaliten menika migunakaken *observasi berperanserta, wawancara mendalam* saha *dokumentasi*. Pirantining panaliten inggih menika buku piranti kangge nyerat, *kamera foto* saha *voice recorder*. Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika teknik analisis data *induktif*. Caranipun ngesahaken data lumantar *triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih (1) prosesi upacara tradhisi slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang menika dipunperang dados tigang tahap inggih menika: a) pasrahaken sajen wonten peturon, b) ziarah wonten makam, c) yasinan saha tahlil, (2) sajen saha makna simbolik sajen ingkang dipunginaaken wonten upacara tradhisi slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang menika ngandharaken kangge nyuwunaken ampuan utawi pangapunten dhateng tiyang ingkang sampun seda supados pinaringan papan ingkang sekeca wonten ing alam kubur, (3) paedahipun upacara tradhisi slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang menika wonten sekawan a) paedah religi, b) paedah sarana shodaqoh, c) paedah sosial, d) paedah nglestantunaken budaya.

Pamijining tembung: Tradhisi Slametan Sedanipun Tiyang, Makna Simbolik Sajen

## **BAB I**

### **PURWAKA**

#### **A. Dasaring panaliten**

Masarakat Jawi gadhah maneka warni kabudayan ingkang taksih dipunlestantunaken dumugi samenika. Masarakat Jawi menika sampun dangu anggenipun ngawontenaken acara-acara ingkang gayut kaliyan kabudayan. Maneka warninipun kabudayan antawisipun kesenian, upacara tradhisi, sistem kapitadosan masarakat, lan sapanunggalanipun. Masarakat Jawi taksih asring ngawontenaken acara-acara ingkang wonten gayutipun kaliyan kabudayan kados ta upacara tradhisi.

Upacara tradhisi inggih menika salah satunggaling kegiyatan wonten pagesangan masarakat ingkang dipunsengkuyung dening warga masarakat ingkang ancasipun kangege nyuwun kawilujengan saking Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Upacara tradhisi arupa adatipun tiyang rumiyin dumugi sakmenika minangka warisan turun-temurun ingkang ndadosaken upacara tradhisi jumbuh kaliyan aturan tartamtu satemah ndadosaken kabudayan (Soepanto, 1992 : 12).

Upacara tradhisi minangka salah satunggaling unsur budaya ingkang wonten ing wewengkon masarakat, dipuntindakaken dening masarakat ingkang dados titikan utawi *ciri khas* ingkang mbedaaken papan satunggal kaliyan papan sanesipun. Tradhisi ingkang dipuntindhakaken dening masarakat gadhah tatacara tartamtu ingkang karantam saking kabudayan

masarakat panyengkuyungipun. Masarakat Jawi gadhah pamanggih bilih upacara tradhisi menika kedah dipuntindakaken.

Salah satunggaling upacara ingkang taksih lumampah dumugi samenika inggih menika upacara tradhisi slametan sedanipun tiyang (*kematian*). Tradhisi slametan menika minangka salah satunggaling cara masarakat kangge nyekapi kabetahan spiritual, kangge paring pakurmatan dhateng arwah leluhur. Prosesi lampahing upacara menika tamtunipun gadhah makna sarta piwulang ingkang dipundadosaken pitedhah wonten ing pagesangan.

Tradhisi slametan sedanipun tiyang inggih menika salah satunggaling tradhisi masarakat Jawi mliginipun masarakat ingkang ngrasuk agami islam. Tradhisi menika wujud pakurmatan masarakat Jawi dhumateng arwah leluhur ingkang sampun seda minangka pepiling. Masarakat Jawi sami nindakaken tradhisi saking wiwit sedaipun tiyang kadosta pitung dinten, patangpuluhan dinten, setunggalatus dinten, pendhak setunggal (satunggal taun) pendhak kalih (kalih taun), nyewu (sewu dinten / tigangtaun), saha qaul, qaul inggih menika ambal warsaninpun tiyang ingkang seda.

Panaliti mendhet kajian panaliten bab upacara tradhisi slametan sedanipun tiyang, amargi tradhisi slametan wonten papan satunggal kalian papan sanesipun beda lan gadhah keunikan piyambak-piyambak. Upacara tradhisi slametan dumugi samenika taksih dipuntindakaken dening masarakat Mangunan saha prelu dipunlestantunaken supados boten ical. Panaliten menika kaajab saged paring seserepan dhumateng masarakat saha para mudha

amargi wonten ing jaman samanika kathah para mudha ingkang sampun boten mangertos bab tradhisi.

Slametan inggih menika ajaran saking tiyang jawi kangge nylametaken tiyang ingkang sampun seda. Slametan menika wujud pemujaan dhateng arwah utawi roh tiyang ingkang sampun seda ancasipun supados pikantuk papan ingkang sekeca. Slametan ingkang dipuntindhaaken dening kulawarga saha masarakat ancasipun kangge mengeti arwahipun leluhur tiyang ingkang sampun seda.

Masarakat Jawi menika sampun dangu anggenipun ngawontenaken acara-acara ingkang gayut kaliyan kabudayan, amargi tradhisi menika kawiwitan saking simbah buyut jaman rumiyin ingkang dipuntilaraken turun-temurun. Kagiyatnipun wonten ing tradhisi mengeti sedanipun tiyang inggih menika wontenipun ziarah kubur, tahlilan, pengaosan utawi yasinan, saha tahlil. Wonten prosesi slametan menika ugi taksih ginaaken maneka warni sesajen. Sesajen boten namung arupi daharan, ananging wonten ugi sekar. Slametan menika dipunsengkuyung dening para sanak sedherek, tangga teparo, saha masarakat kangge nglampahiadicara menika saha kangge nglestantunaken kabudayan supados tetep lestantun.

Miturut masarakat Jawi slametan patangpuluhan dinten menika minangka wujud pakurmatan kangge mengeti dhateng arwah leluhur. Sadangunipun patangpuluhan dinten menika arwah tiyang ingkang seda taksih wonten ing sakiwa tengen griya anggenipun mapan. Sadangunipun patangpuluhan dinten menika Arwah tiyang ingkang seda ingkang badhe wiwit

medal saking pekarangan anggenipun mapan sadangunipun taksih gesang arwah menika badhe tindhak tumuju dhateng alam kubur. Lajeng wontenipun upacara tradhisi slametan menika kangege paring donga dhumateng arwah tiyang ingkang seda supados dipunparangi lancar anggenipun tindak lan pikantuk katentreman wonten ing alam kubur.

Wonten ing dhusun Mangunan upacara tradhisi slametan kematian menika taksih dipuntindakaken kanthi maneka warni sesajenan, saha prosesi ingkang sambet kaliyan jaman rumiyin. Ingkang dipuntaliti menika tradhisi slametan patangpuluh dinten ingkang dipuntindhakaken turun-temurun sampun dangu saha taksih dipunlestantunaken dening masarakat wonten ing dhusun menika. Wonten ing tradhisi slametan menika ugi taksih ginaaken manekawarni ubarampe sesajen ingkang gadhah makna. Ancasipun dipunwontenaken upacara tradhisi slametan menika kangege ngurmati arwah leluhu, kangege nguri-uri kabudayan supados boten ical, kangege padas katentreman dhateng warga, saha damel masarakat dados rumaket anggenipun pasederekan wonten masarakat amargi sami gotong-royong.

Adhedhasar saking *pernyataan* wonten ngingil narik kawigatosan panaliti lajeng prelu dipuntindakaken panaliten supados pikantuk *informasi* ingkang jelas ngengingi Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul ingkang badhe kababar wonten ing ngandhap menika.

## B. Underaning Prakawis

Gegayutan andharan ing dhasaring panaliten ing nginggil, nuwuhaken prakawis-prakawis ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul.
2. Prosesi Lampahing Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.
3. Ubarampe ingkang dipunginaaken wonten ing Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.
4. Cara damel ubarampe wonten Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.
5. Makna simbolik saking Sesajen ingkang dipunginakaken kangge lampahing Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.
6. Ancasipun dipunwontenaken Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.

7. Paedahinpun saking Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.

### **C. Watesaning Prakawis**

Adhedhasar underaning prakawis wonten ing nginggil, prakawis wonten ing panaliten menika kedah dipunwatesi, inggih watesaning prakawis katata kados ing ngandhap menika.

1. Prosesi Lampahing Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.
2. Sajen saha Makna simbolik sajen ingkang dipunginakaken wonten Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.
3. Paedahinpun saking Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.

### **D. Wosing Prakawis**

Jumbuh kaliyan andharan watesaning prakawis ingkang sampun sinerat ing nginggil menika. Wosing prakawis ing panaliten menika saged dipunrantam kados ing ngandhap menika.

1. Kados pundi prosesi lampahing Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.
2. Menapa sajen saha makna simbolik sajen ingkang dipunginakaken wonten Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.
3. Menapa Paedahinpun saking Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.

#### **E. Ancasing Panaliten**

Ancasing pirembagan wonten ing panaliten Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul antawisipun :

1. Ngandharaken prosesi lampahing Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.
2. Ngandharaken sajen saha makna simbolik sajen ingkang dipunginakaken wonten Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.

3. Ngandharaken Paedahinpun saking Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.

#### **F. Paedahing Panaliten**

Panaliten Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul menika gadhah Paedah Teoritis saha Paedah Praktis.

##### **1. Paedahing Teoritis**

Saking metode panaliten saha bab sanesipun ingkang wonten gayutipun kaliyan panaliten menika saged dipundadosaken acuan kangge panaliten sanesipun ingkang wonten gayutanipun kaliyan foklor. Asiling panaliten babagan Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul.

##### **2. Paedah Praktis**

Panaliten Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul, panaliten menika kaajab saged paring informasi saha kangge nambah seserepan dhateng panaliti ngengingi babagan upacara ingkang wonten gayutipun kaliyan kabudayan Jawi.

## **BAB II**

### **GEGARAN TEORI**

#### **A. Kabudayan**

Tembung kabudayan inggih menika saking tembung buddhayah, ingkang awujud jamak saking tembung *buddhi* inggih menika ”*budi*“ utawi ”*akal*”. Kabudayan menika ateges bab ingkang wonten gayutanipun kaliyan *budi* saha *akal*. Asiling akal menika ngasilaken tindak-tandukipun tiyang ingkang ajeg wonten masyarakat.

”*Kebudayaan berdasar dari semua wujud gejala manusia, yang berhubungan dengan sikap, konsep, ideologi, tingkah laku, kebiasaan, karya kreatif, dan sebagainya.*” (Maryaeni, 2005: 5).

Jumbuh kaliyan andharan ing inggil inggih menika kabudayan adhedasar saking sikap inggih menika patrapipun tiyang anggenipun ngapresiasi dhateng kabudayan. Kabudayan adhedhasar konsep inggih menika keragaman saking manekawarni budaya aturan ingkang dipunpitados dening masarakat, Kabudayan adhedhasar ideologi inggih menika aturan-aturan ingkang ngatur patrapaipun tiyang ingkang dipundadosaken pitedah. Kabudayan adhedhasar solah bawa inggih menika kabudayan saged ngrembaka saking solah bawanipun tiyang, pengalaman manungsa ingkang jumlahipun boten terbatas lajeng dadosaken ciri khas utawi titikan. Kabudayan asdedhasar kebiasaan inggih menika tuwuh saking generasi dipunwarisaken turun-tumurun ingkang ajeg wonten ing masarakat,

kabudayan adhedhasar karya kreatif inggih menika minangka asil karya saking tiyang.

Kabudayan menika jumbuh kaliyan *adat istiadat* inggih menika adat sabenipun tiyang rumiyin dumugi sakmenika ndadosaken upacara tradhisi ingkang jumbuh kaliyan aturan tartamtu satemah ndadosaken kabudayan. Kabudayan adhedhasar *tradhisi lisan* inggih menika dipunsebar kanthi cara lisan ingkang nyariosaken namung nampi saking lathi dhateng lathi. *karya seni* inggih menika hasil tindak-tanduk ingkang saged paring nilai tambah kangge tiyang gesang amargi seni menika gayut kaliyan kaendahan saged kangge hiburan utawi tontonan kangge masyarakat inkang narik kawigatosan, basa menika minangka piranti kangge komunikasi wonten ing masarakat. *pola interaksi* inggih menika hubunganipun tiyang dhateng tiyang kegiatan wonten pagesangan masarakat lan sapanunggalanipun. Kabudayan menika arupi kasunyatan ingkang gadhah titikan utawi *ciri khas* saha sipatipun *universal* utawi menyeluruh.

R. Linton lumantar (Alfan, 2013: 29) kabudayan inggih menika *konfigurasi* saking tingkah laku ingkang dipunsinau, unsur-unsur pandamelipun dipunsarujuk saha dipunlestantunaken dening masarakat, kabudayan saged ngrembaka menika minangka saking asiling upiya saha panyengkuyungipun sedaya warga masyarakat.

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih kabudayan menika minangka asil saking rasa, cipta, saha karsa manungsa

ingkang saged mbentuk *kesatuan social* lajeng dipunsinau dening masarakat wonten ing salebeting papan saha wekdal ingkang dados *ciri khas* utawi titikan ingkang sipatipun *universal*. Kabudayan menika ateges bab ingkang wonten gayutanipun kaliyan *budi* saha *akal*. Asiling akal menika ngasilaken tindak-tandukipun tiyang ingkang ajeg wonten masyarakat lajeng kabudayan dipunlestantunaken dening masarakat.

Kabudayan inggih menika sedaya *gagasan, pikiran, karya*, saha asiling karyanipun manungsa ingkang boten namung nengenaken naluri. Saking sedaya penggalihanipun tiyang menika kedah gladhi langkung rumiyin, satemah saged nglaeraken salah satunggaling kabudayan. Ngrembakaning kabudayan menika tamtu saking asiling upiya saha panyengkuyungipun sedaya warga masarakat (Koentjaraningrat, 1994: 1).

Miturut Koentjaraningrat (1994: 5) wujud kabudayan wonten tiga, inggih menika:

1. Wujud kabudayan minangka kompleks saking *ide-ide, gagasan, nilai-nilai, norma-norma*, lsp.
2. Wujud kabudayan minangka *komplek aktivitas* saha tindakan ingkang polanipun saking manungsa wonten ing masarakat.
3. Wujud kabudayan minangka piranti-piranti asiling karya manungsa.

Saking andharan ing nginggil bilih wujud kabudayan ingkang kaping pisan arupi wujud *ide* saking kabudayan. Bilih kabudayan ginanipun kangege

ngatur patrapipun manungsa wonten ing masarakat. Wujud ingkang kaping kalih minangka *sistem sosial aktivitas* saking manungsa. Wujud ingkang kaping tiga minangka sedaya asiling karya saking manungsa wujudipun nyata saged dipuntingali. Kabudayan ingkang dipungadahi dening manungsa wonten ing donya menika gadhah pitung unsur kabudayan ingkang sipatipun universal, pitung unsur kabudayan ing donya inggih menika:

1. *Bahasa*
2. *kesenian*
3. *sistem pengetahuan*
4. *sistem organisasi sosial*
5. *sistem ekonomi*
6. *sistem teknologi*
7. *religi*

Ingkang dipunkajengaken saking andharan ing nginggil bilih wonten saperangan bab ing salebetung kabudayan inggih menika (1) Basa dipunginakaken tiyang kangege pawicantenan kaliyan tiyang sanes; (2) Kesenian inggih menika salah satunggaling hiburan utawi tontonan kangege masyarakat; (3) *Sistem Pengetahuan* menika salah satunggaling ngelmu bab ingkang mboten nyata ananging kawontenanipun dipunbetahaken saged kangege ngrembakakaken maneka-warni pangretosan; (4) *Sistem organisasi sosial* ingkang wonten ing masyarakat menika ingkang gegayutan kaliyan awakipun piyambak utawi diri pribadhi kaliyan kelompok saha kaliyan masyarakat; (5) *Sistem ekonomi* inggih menika kangege nyekapi kabetahanipun tiyang gesang wonten ing alam ndonya; (6) *Sistem teknologi* inggih menika salah satunggaling pangretosan ingkang dipungadhahi masyarakat kangege sarana paring kabar; (7) *Religi* inggih menika ingkang wonten gayutanipun

kaliyan agami minangka salah satunggalipun kapitadosan ingkang dipunlampahi dening masarakat saha wonten gayutipun kaliyan Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

Adhedhasar saking andharan saking nginggil kabudayan menika wonten gayutanipun kaliyan *budi* saha *akal* inggih menika masarakat Mangunan pitados kaliyan tradhisi adat jawi inggih menika anggenipun ngawontenaken tradhisi slametan masarakat Mangunan taksih migunaaken maneka warni sajen, maneka warni sajen menika tamtu gadhah makna ingkang saged dipuntrapaken gesang ing padintenan.

Adhedhasar mawarni-warnining kabudayan wonten ing ngginggil menika, pitung unsur kalawau mingka wujud kabudayan wonten ing masarakat ingkang kalebet salah satunggaling kabudayan inggih menika *folklor*. Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken babagan *folklor*.

#### **A. *Folklor***

*Folklor* inggih menika saking tembung *folk* kaliyan *lore*. *Folk* tegesipun rakyat saha *lore* tegesipun tradhisi. *Folklor* inggih menika salah satunggaling wujud tradhisi kabudayan ingkang dipunwarisaken turun temurun. *Folk* inggih menika kelompokipun tiyang ingkang nggadhahi titikan supados saged dipunbedakaken kaliyan kelompok sanesipun. Titikan ingkang mbedakaken inggih menika *fisik*, *sosial* saha kabudayanipun (Dananjaja 1994:1).

Ingkang kalebet *folklor* inggih menika *dogeng*, *cariyos*, *hikayat*, *kepahlawanan*, *adat-istiadat*, tata cara, kasusastran, kesenian lan wusana daerah. Sedaya menika minangka kagunganipun masarakat tradhisional ingkang *kolektif* (Purwadi, 2012:12).

*Folklor* gadhah titikan kangge mbedaaken saking kabudayan sanesipun. Dananjaja, (1994:3-4) ngandharaken titikanipun *folklor* inggih menika.

1. Panyebaran saha tetilaranipun dipuntindhakaken kanthi lisan, saking pawicantenan tutuk dhateng tutuk utawi kanthi tuladha *gerak isyarat* saha *alat pembantu pengingat* saking satunggal *generasi* tumuju *generasi* salajengipun.
2. *Folklor* asipat tradhisional ingkang mratah kanthi bentuk *relative tetap* utawi kanthi *bentuk standar*. Mratah wonten ing saperangan masarakat tartamtu kanthi wekdal ingkang dangu.
3. *Folklor* wonten (*exist*) kanthi *versi-versi* utawi *varian-varian* ingkang maneka warni.
4. *Folklor* asipat *anonim* inggih menika nama ingkang ngripta boten dipunmangertosi kaliyan tiyang.
5. *Folklor* gadhah bentuk *berumus* utawi *berpola*.
6. *Folklor* ngewrat mumpangat wonten ing pagesangan saperangan masarakat.

7. *Folklor* asipat *pralogis* inggih menika ngewrat *logika* ingkang mligi boten miturut *logika umum*.
8. *Folklor* gadhahanipun saperangan masarakat tartamtu.
9. *Folklor* biasanipun asipat polos saha lugu, satemah asring katingal kasar saha *spontan*.

Adedhasar saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih Tradhisi Slametan Patangpuluh dinten sedanipun tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul menika arupi *folklor* ingkang taksih dipunanggep dening masarakat panyengkuyungipun.

Bruvand (lumantar Dananjaja, 1994: 21) *folklor* dipungolongaken dados tigang kelompok ageng.

### 1. *Folklor lisan*

*Folklor lisan* inggih menika *folklor* ingkang awujud murni lesan. *Bentuk-bentuk folklor* ingkang mlebet ing kelompok menika antawisipun (a) basa rakyat kados ta logat, julukan, pangkat tradhisional, saha titel kebangsawanana; (b) *ungkapan tradhisional* kados ta peribahasa, pepatah; (c) *pertanyaan tradhisional* kados tateka-teki; (d) *puisi rakyat* kados ta pantun, gurindam, syair; (e) *cerita prosa rakyat* kados ta legenda saha dongeng; (f) nyanyian rakyat.

### 2. *Folklor sebagian lisan*

*Folklor sebagian lisan* inggih menika *folklor* ingkang wujudipun minangka *campuran unsur lisan* saha *unsur bukan lisan*. Bentuk-bentuk *folklor* ingkang kagolong ing kelompok menika kajawi *kepercayaan rakyat* ugi *permainan rakyat, teater rakyat, tari rakyat, adat istiadat, upacara, pesta rakyat*, lan sapanunggalanipun.

### 3. *Folklor bukan lisan*

*Folklor bukan lisan* inggih menika *folklor* ingkang awujud sanes lisan, wondene anggenipun damel dipunwulangaken mawi lisan. *Folklor* menika kaperang dados kalih inggih menika (a) *folklor* ingkang kagolong *material*, antawisipun *arsitektur rumah, kerajinan tangan rakyat*, jampi tradhisional, lan sapanunggalanipun; (b) *folklor* ingkang *bukan material*, antawisipun *gerak isyarat* tradhisional, *bunyi isyarat* kangge *komunikasi rakyat*, saha *musik rakyat*.

Saking andharan wonten ing nginggil, bilih Tradhisi Slametan Patangpuluhan Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul kagolong *folklor* sebagian lisan amargi minangka salah satunggaling tradhisi ingkang wujudipun campuran *unsur lisan* saha *unsur sanes lisan*. *Folklor* ugi gadhah Paedah kangge nguri-uri asiling kabudayan jawi.

## B. Tradhisi

Tradhisi inggih menika salah satunggaling unsur budaya ingkang wonten ing wewengkon masarakat minangka asil karya saking masarakat

ingkang dipunsengkuyung dening warga masyarakat kangege pados kawilujengan katentreman anggenipun gesang wonten ing alam donya saking Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

*Tradisi merupakan perbuatan yang dilakukan berulang-ulang dalam bentuk yang sama* (Soerjana Soekanto, 1987: 13).

Jumbuh ingkang dipunandharaken wonten ing nginggil bilih tradhisi minangka warisan leluhur, ingkang ngasilaken tindak-tanduk ingkang sami utawi ajeg wonten masyarakat, sedaya kegiatan ingkang dipunlampahi dening masarakat minangka tetilaran ingkang turun-temurun dipuntindaken dening masarakat ingkang nyengkuyung kangege pados kawilujengan. Andharan menika dipunsengkuyung dening Sumadi kados ing ngandap menika.

*“Tradisi merupakan bagian dari kebudayaan, baik yang sifatnya masih tradisional maupun yang telah mengalami pergeseran kearah yang lebih modern.”* (Sumadi, 2013: 1).

Jumbuh kaliyan andharan ing inggil tradhisi menika perangan saking kabudayan, ingkang sipatipun tradhisional utawi ingkang sampun nglampahi ewah-ewahan tumuju dhateng *modernisasi* ingkang dipuntilaraken turun-temurun ingkang salajengipun dados kebiasaan dipunadani dening masarakat panyengkuyungipun lajeng dipunlestantunaken dening masarakat. Andharan ing inggil dipunsengkuyung dening Atmosuwito kados ing ngandhap menika.

*Jika sesuatu ada ikatan atau pengikat diri, kemudian bereligi berarti menyerahkan diri, tunduk atau taat, namun pengertiannya adalah positif, karena penyerahan diri atau ketataan dikaitkan dengan kebahagiaan.* Miturut james lumantar (Atmosuwito, 1989: 123).

Ingkang dipunkajengaken andharan ing inggil tradhisi inggih menika kange ngurmati saha nyuwun keslamatan dhateng Gusti ingkang Maha Kuwaos. Tiyang ingkang taat ndherek kersanipun Gusti Ingkang Maha Kuwaos menika kagolong tiyang ingkang boten nerak paugeran, anggenipun nglampahi tumindak ingkang sae menika pikantuk kabagan wonten donya menapa dene wonten akhirat. Masarakat lajeng gadhah kapitadosan bilih kange damel manah tentrem, tiyang menika kedah tunduk, pasrah, supados pikantuk kabagan. Andharan ing inggil dipunsengkuyung dening Endraswara.

*religi adalah agama yang berdasarkan wahyu Tuhan karena itu religi tidak bisa dijangkau oleh daya pikir manusia apalagi dicari kebenarannya* (Endraswara, 2006: 162).

Ingkang dipunkajengaken andharan ing inggil bilih religi inggih menika agami ingkang adhedhasar wahyu saking Gusti kange manggihaken kawilujengan saking kekiyatane sepiritual. Religi menika sikap ingkang patuh dhateng kapitadosan ingkang dipunanut inggih menika hubunganipun kaliyan Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Wujudipun religi minangka pemujaan inggih menika kapitadosan tresna dhateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos dipunwujudaken kaliyan komunikasi ritul. *Religi* boten saged dipunjangkau dening daya pikir manungsa menapa malih dipunpadosi keleresanipun, ananging saged dipunraosaken saking hubunganipun tiyang kaliyan Gusti Allah ingkang raosipun tuwu kagem mengabdi kange pados katentreman sae wonten doya menapa dene wonten akhirat.

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunpendet dudutan bilih upacara tradhisi menika minangka tandha supados masarakat tansah emut dhateng leluhuripun. Tradhisi minangka warisan leluhur, sedaya kegiatan ingkang dipunlampahi dening masarakat minangka tetilaran ingkang turun-temurun dipuntindaken dening masarakat ingkang nyengkuyung kange pados kawilujengan, tradhisi saged lestantun dumugi samenika minangka upiya saha dipunsengkuyung dening sedaya warga masarakat.

Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul menika ngasilaken tindak-tanduk ingkang ajeg wonten masyarakat inggih menika anggenipun ngalmpahi tradhisi slametan taksih migunaaken maneka warni ubarampe ingkang jangkep. Tradhisi ingkang wonten ing masyarakat Jawi menika gadhah ancas supados dipunparangi berkah, katentreman, kawilujengan anggenipun gesang wonten ing masarakat.

### **C. Slametan Patangpuluh Dinten**

Upacara tradhisi dumugi samenika tasih dipuntindakaken dening masarakat. Salah satunggalipun upacara tradhisi ingkang tasih dipuntindakaken dening masarakat inggih menika upacara tradhisi slametan kematian. Slametan inggih menika kange ngurmati saha paring donga dhateng tiyang ingkang sampun seda, supados anggenipun sowan dhateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos dipunparangi gampil saha lancar.

*Slametan adalah memberi penghormatan kepada roh orang yang telah meninggal, bahwa 40 hari orang yang meninggal arwah sudah mulai keluar dari pekarangan dan akan menuju kealam kubur. fungsi slametan*

*yaitu sebagai upaya pemujaan roh orang yang meninggal. Roh orang yang telah meninggal jika tidak dipelihara semestinya akan mengganggu manusia, sebaliknya jika roh akan mendatangkan keberuntungan jika dipuja atau diberi slametan* (Koentjaraningrat, 1974: 268-269).

Slametan inggih menika kangege paring pakurmatan dhateng arwah tiyang ingkang sampun seda, menawi sadangunipun patangpuluh dinten tiyang ingkang seda arwahipun wiwit medal saking pekarangan ingkang tumuju dhateng alam kubur. Ancasipun slametan minangka paring donga dhateng tiyang ingkang seda. Roh tiyang ingkang seda menawi dipunrumat kanthi sae saged paring berkah ananging menawi boten dipunrumat saged ngganggu tiyang (Koentjaraningrat, 1974: 268-269).

*Slametan adalah upacara sedekah makanan dan doa bersama yang bertujuan untuk memohon keselamatan dan ketentraman untuk ahli keluarga yang menyelenggarakannya. Ada yang meyakini bahwa slametan adalah syarat spiritual yang wajib dan jika dilanggar akan mendapatkan ketidakberkahan atau kecelakaan* (Sutrisno, 2009: 37-38).

Jumbuh kalihan ingkang dipunandharaken wonten ing inggil slametan inggih menika upacara sedekah dhaharan saha ndedonga sesarengan ingkang ancasipun kangege nyuwun keslametan saha katentreman dhateng kaluwarga ingkang nindhakaken. Dipunpitados bilih slametan menika syarat *spiritual* ingkang wajib dipuntindakaken, menawi dipunterak saged damel alangan utawi kacilakan (Sutrisno, 2009: 37-38).

*Slametan adalah untuk menandai geblak seseorang. Maksud slametan ini adalah agar almarhum yang meninggal itu dalam perjalanan menghadap Tuhanya tidak mayang tumuleh artinya tidak ragu-ragu atau bimbang. Dalam slametan ini dibacakan doa selamat agar*

*mendapat keselamatan, jauh dari “sambekala” atau malapetaka* (Mustopo, 1984: 72-73).

Jumbuh kalihan ingkang dipunandharaken wonten ing nginggil bilih Slametan inggih menika minangka pepeling kangge mengeti sedanipun tiyang ngawontenaken slametan saha ngintun donga ingkang ancasipun supados tiyang ingkang seda pikantuk papan ingkang sekeca, dipunparingi kawilujengan dipuntebihaken saking nir sambekala (Mustopo, 1984:72-73).

Adhedhasar saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih slametan inggih menika kangge mengeti sedanipun tiyang ingkang ancasipun kangge nyuwunaken keslametan. Slametan patangpuluhan dinten menika wujud pakurmatan dhateng arwah leluhur, amargi sedangunipun patangpuluhan dinten arwahipun tiyang ingkang seda wiwit medal saking pekarangan anggenipun mapan sadangunipun taksih gesang lajeng arwah menika badhe tindhak tumuju dhateng alam kubur.

Arwah leluhur menawi dipunrumat kanthi sae, dipunwonteni slametan, dipundongaaken saged damel kaberkahan saha kabekjan dhaeng kulawarga, ananging menawi boten dipunrumat kanthi sae, boten dipunslameti arwah menika saged ngganggu tiyang ingkang gesang. Arwah tiyang ingkang sampun seda kadang kala asring ketingal. Cara anggenipun ngetang kangge slametan dinten saha pasaranipun patangpuuh dinten ginaaken rumus masama, inggih menika dinten kaping gangsal saha pasaran kaping gangsal. Slametan tradhisi patangpuluhan dinten dipunpengeti dening masarakat gadhah ancas ingkang dipunkajengaken kangge nggampilaken arwah utawi roh tindhak

tumuju alam kubur. lajeng kulawarga ngawontenaken slametan saha tahlilan kangge ngintun donga dhumateng tiyang ingkang sampun seda supados dipunparingi lancar anggenipun tindak tumuju wonten ing alam kubur.

#### **D. Makna Simbolik**

Kabudayan tiyang gesang menika gayut kaliyan simbolisme. Simbolisme menika cetha sanget katingal wonten ing upacara adat istiadat minangka warisaning budaya. Wujudipun makna simbolik wonten ing masarakat minangka sarana kangge damel caketing tiyang gesang kaliyan Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

*Kata symbol asalnya dari bahasa Yunani Symbolos artinya tanda atau ciri yang membicarakan suatu bab kepada manusia* (Endraswara, 171: 2006).

Tembung *Symbol* menika saking basa Yunani. *Symbolon* tegesipun tandha utawi titikan ingkang nedahaken satunggaling bab dhateng tiyang. Tiyang gesang wonten ing alam donya menika ngginakaken *simbol* ingkang wonten gayutanipun kaliyan gesang ing padintenan. *Simbol* dipunginakaken masyarakat Jawi kangge sarana ngandharaken satunggaling prakawis, ingkang dipuntindakaken para warga mangretosi menapa ingkang dipunkajengaken saking *simbol* menika. Andharan menika dipunsengkuyung dening Herusatoto kados ing ngandhap menika.

*Simbol atau lambang adalah semacam tanda, lukisan, perkataan, lencana dan sebagainya yang menyatakan sesuatu hal atau mengandung maksud tertentu* (Herusatoto 2003:10).

Ingkang dipunkajengaken saking andharan wonten ing nginggil inggih menika bilih lambang menika perangan saking tandha, gambar, utawi

*perkataan* utawi perangan sanesipun ingkang nuduhaken salah satungaling bab ingkang ngandhut kekajengan tartamtu. Tuladhanipun apem, apem menika gadhah teges nyuwun pangapunten.

Adhedhasar pangretosan saking nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih simbol inggih menika tanda ingkang nedhahaken satunggaling prakawis tartamtu dhateng tiyang. Panaliten menika badhe mbabar makna simbolik sesajen ingkang dipunginaaken wonten Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul.

#### **E. Sesajen**

*Miturut W. J. S Poerwadarminta (1939 : 537) sadjen inggih menika kembang, panganan inkang dipunsajekaken dhateng lelembut.*

Sajen minangka sesembahan dhateng lelembut. Werninipun sajen menika boten namung tetedhan kemawon, ananging saged arupi sekar saha piranti sanesipun. Sajen ingkang arupi tetedhan daharan utawi sekar dipunsembahaken dhateng lelembut ingkang mbauregsa wonten ing papan tartamtu minangka sedekah. Sajen wonten ing upacara tradhisi minangka simbol kangge nggayutaken donya nyata kaliyan donya kasat mata.

Maneka warnaning sajen dipunginakaken wonten upacara-upacara menika nggadhahi simbolis saha ancas tartamtu gumantung upacarananipun. Paedahipun sajen menika minangka sedhekah saha kangge komunikasi kaliyan makluk kasat mata. Sedaya wujud sajen ingkang dipunginakaken

menika gadhah makna simbolik tartamtu ingkang dipunanggep wigati wonten ing salebetung pagesangan.

#### **F. Panaliten Ingkang Jumbuh**

Panaliten ingkang gayut kaliyan Panaliten Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul, panaliten menika jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken dening Monica Valent Minanda ing salebetung *Tugas Akhir Skripsi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta* taun 2013 kanthi irah-irahan “Upacara Bancakan wonten ing Trirenggo Bantul“. Relevansi saking panaliten ingkang dipuntindhakaken dening Monica Valent Minanda kaliyan panaliten menika sami-sami ngrembag bab prosesi, makna simbolik saking ubarampe ingkang dipunginaaken ananging papan saha wekdal anggenipun panaliten menika beda. Asiling panaliten nedahaken tigang perangan kados wonten ing ngandhap menika.

1. Panaliten upacara bancakan weton dipunadani wonten ing Desa Trirenggo, Kecamatan Bantul, Kabupaten Bantul menika kangge nggambarkeren lampahingadicara lan makna simbolik ubarampe ing bancakan menika. Asiling panaliten menika: Prosesi upacara bancakan weton inggih menika Masrahaken bancakan, Maringi sajen ing aruman Ngendum bancakan.

2. Makna simbolik wonten ing sesaji upacara bancakan weton wonten ing Desa Trirenggo, Kecamatan Bantul, Kabupaten Bantul
3. Paedah upacara bancakan weton inggih menika: paedah religi, paedah sosial, paedah nglestantunaken kabudayan, saha paedah sarana shodaqoh.

Kantri adhedhasar teori-teori ingkang sampun kababar ing nginggil menika pramila saged dipunmangertosi bilih panaliten Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangnan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul, menika lelandhesan teori-teori ing antawisipun inggih menika Teori Kabudayan (Koentjaraningrat, 1994 kaliyan Alfan 2013), Teori Folklor (Danandjaja, 1994 kaliyan Purwadi 2012), Teori Tradhisi (Endraswara 2006, Sumadi 2013, saha Soerjono Soekanto 1987) Teori slametan (Koentjaraningrat, 1974: 268-269. Sutrisno, 2009: 37-38, Mustopo, 1984:72-73), Makna Simbolik (Herusatoto, 2003 kaliyan Endraswara 2006). Saking teroi-teori kasebat saged kangge dhasar anggenipun nglampahi garapan panaliten menika, amargi anggenipun ngolah data hasil panaliten temtunipun migunakaken dhasar teori ingkang saged kajumbuhaken kaliyan hasiling panaliten.

## **BAB III**

### **CARA PANALITEN**

#### **A. Jinising Panaliten**

Panaliten Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul menika kalebet jinising panaliten *kualitatif deskriptif*.

*Penelitian kualitatif merupakan penelitian yang menghasilkan data deskripsi berupa kata-kata tertulis atau lisan dari orang-orang dan perilaku yang dapat diamati. Jadi, dalam penelitian ini dilakukan pengumpulan data yang diambil secara langsung dari lapangan* (Moleong, 2013 : 3)

Jumbuh kaliyan andharan ing nginggil panaliten *kualitatif* inggih menika panaliti nindakaken panaliten langsung dhateng papan panaliten supados saged ngasilaken data *deskriptif* ingkang ngandharaken data sinerat utawi lisan saking asiling *wawancara* saha *observasi* langsung wonten ing papan panaliten ingkang dipunteliti supados pikantuk gambaran kados ta prosesi, makna simbolik saking ubarampe, saha paedahipun sakingadicara slametan menika saha katrangan saking wawancara kaliyan informan. Dados wonten ing panaliten menika anggenipun ngempalaken data dipunpendhet langsung saking lapangan.

#### **B. Setting Panaliten**

Upacara Trdhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul

dipuntindakaken wonten ing dhusun Mangunan RT 12 dinten jumuah wage surya kaping 6 wulan Oktober 2017 wonten dalemipun bapak Sumarjo saha makam suci mangunan.

Prosesi lampahipun Upacara Tradisi Slametan dipunwiiti saking *persiapan* damel sajen saha *pelaksanaan* Upacara Tradisi Slametan. Prosesinipun Upacara Tradisi Slametan kadosta (a) *persiapan* inggih menika damel sajen kaliyan nata sajen; (b) *pelaksanaan* inggih menika masrahaken sajen, ziarah dhateng kubur (pasareyan), yasinan saha kendhuri.

### C. Data lan Sumber Data

Data panaliten inggih menika tetembungan ingkang dipunpanggihaken saking asiling wawancara kaliyan *informan*. Inggih menika saking *setting* panaliten ingkang dipunamati, *latar belakang sosial* ingkang dipunteliti, *pelaku kegiatan* ingkang dipunteliti saha *materi* ingkang dipunginaaken wonten kegiatan kasebat. Pelaku tradisi dipundadosaken subjek amargi pelaku tradisi kagolong tiyang ingkang ndherek lampahipun upacara satemah mangertos ngengingi bab tradhisi kadosta prosesi lampahing acara, sajen ingkang dipunginaaken saha mangertos maknanipun.

Sumber data wonten ing panaliten menika informan. *Informan* inggih menika priyantun ingkang kagungan seserepan utawi kawruh ingkang mangertos saestu kaliyan bab ingkang badhe dipunteliti supados panaliten pikantuk data ingkang leres. Wonten panaliten menika ingkang dados sumber data panaliten inggih menika mbah kaum, sesepuh dhusun Mangunan, warga

masarakat Mangunan, saha kaluwarga utawi sedherek ingkang kagungan damel.

#### **D. Caranipun Ngempalaken Data**

Cara ngempalaken data wonten ing panaliten menika ngginakaken *obsevasi berperanserta, wawancara mendalam, saha dokumentasi*. Kanthi panjangka supados datanipun langkung kathah saha jangkep. *Obsevasi berperanserta, wawancara mendalam, saha dokumentasi* badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. *Observasi berperanserta* inggih menika panaliti ngamati saha ndherek langsung wonten ing salebeting kegiatan ingkang dipunteliti.
2. *Wawancara mendalam* inggih menika *teknik* pangempalan data ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken katrangan lisan saking pawicantenan kaliyan informan, kanthi cara ngajengaken pitakenan ingkang wonten gayutipun kaliyan panaliten.
3. *Dokumentasi* inggih menika bahan awujud gambar ingkang saged dipunginaaken kangge olah data supados saged ngiyataken data ingkang sampun wonten.

#### **E. Pirantining Panaliten**

Pirantining Panaliten wonten ing panaliten menika inggih *human instrumen* utawi panaliti piyambak. Guba & Lincoln lumantar Moleong, (2013:168-172), ngandharaken: *ciri-ciri umum dari manusia sebagai instrumen yaitu :*

1. *responsif,*

2. dapat menyesuaikan diri
3. menekankan pada keutuhan
4. mendasarkan diri atas peluang pengetahuan
5. memproses data secepatnya
6. memanfaatkan kesempatan untuk mengklarifikasi dan mengikhtisarkan.

Ingkang dipunkajengaken saking andharan ing nginggil inggih menika panaliti ngawontenaken observasi wonten ing papan panaliten saha wawancara dhateng para informan. Panaliti nglampahi, ngempalaken data, ngandharaken, saha nglaporaken asiling panaliten. Panaliti minangka *human instrument* satemah panaliti anggenipun pados data wonten tradhisi slametan menika ngginaaken satunggaling piranti kange nyengkuyung anggenipun panaliten supados pikantuk data ingkang akurat pirantinipun arupi.

1. Buku kange nyatet saha nyerat pengamatan menapa kemawon ingkang wonten gayutipun kaliyan panaliten.
2. *Kamera Foto*, ingkang ginanipun kange mundhut gambar.
3. *Voice Recorder*, kange ngrekam suwanten anggenipun wawancara kaliyan para informan supados menapa ingkang dipunandharaken narasumber gampil anggenipun nyerat.
4. *Laptop* ingkang ginanipun kange ngolah data sasampunipun nglampahi panaliten.

## F. Caranipun Nganalisis Data

Analisis data dipunwiiti kaliyan nelaah sedaya data miturut fokus panaliten ingkang dipunpikantuk saking mapinten-pinten sumber. Sumber-sumber kasebat antawisipun *observasi berperanserta, wawancara mendalam,*

saha *dokumentasi*. Sasampunipun ngempalaken data ingkang nyengkuyung panaliten dipunlajengaken analisis data. Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken wonten tradhisi slametan inggih menika analisis induktif. Analisis induktif dipunginakaken kangee nganalisis data ingkang sampun dipunfokusaken ing panaliten.

*Analisis data induktif bertujuan untuk memperjelas informasi yang masuk, melalui proses unitisasi dan kategorisasi* (Endraswara, 2006:215).

Ingkang dipunkajengaken saking andharan ing nginggil inggih menika teknik analisis data menika nggadhahi ancas supados informasi ingkang mlebet langkung cetha, kanthi proses *unitisasi* saha dipunlajengaken *kategorisasi*. *Unitisasi* inggih menika data mentah dipuntransformasiaken kanthi *sistematis* dipunperang dados *unit-unit*. *Kategorisasi* inggih menika upiya ngelompokaken miturut kelompokipun supados langkung cetha antawisipun bab setunggal saha setunggalipun.

## **G. Caranipun Ngesahaken Data**

Keabsahan Data menika kangee ngecek leres menapa boten data saking panaliten. Kangee ngecek menika ngginakaken teknik *triangulasi*.

*Triangulasi berupa pengumpulan data ganda, yang lebih dari satu sumber, yang menunjukan informasi yang sama* (Endraswara 2006:219).

Ingkang dipunkajengaken andharan wonten ing nginggil inggih menika *Teknik triangulasi* inggih menika ngempalaken data saking mapinten-pinten narasumber, ingkang nedahaken informasi ingkang sami utawi menapa

kemawon ingkang saged dipundadosaken tandhingan kaliyan data panaliten.

*Triangulasi* ingkang dipunginaaken wonten panaliten upacara tradhisi slametan inggih menika *triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*.

*Triangulasi sumber* inggih menika mawi nyuwun andharan utawi ngempalaken data panaliten saking kathah *informan*. Data *wawancara* saking *informan* setunggl saha satunggalipun dipuntandhingaken kaleresanipun. *Triangulasi metode* inggih menika ngecek data satunggal saha satunggalipun. Wondene kanthi njumbuhaken asiling *observasi berperanserta, wawancara* kaliyan *narasumber* saha asiling dokumentasi.

## **BAB 1V**

### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN**

#### **A. Deskripsi Setting Panaliten**

##### **1. Andharaning Papan Tradhisi Slametan**


Papan ingkang dipunginaaken kange upacara tradhisi slametan patangpuluhan dinten sedanipun tiyang inggih menika Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul. Dhusun Mangunan menika papanipun dumunung wonten ing sisih kidul wetan saking kitha Ngayogyakarta. Dhusun Mangunan menika letakipun kirang langkung 25 km saking kitha Ngayogyakarta. Desa Mangunan menika luwas wilayahipun 952,3715 Ha. Letakipun Desa Mangunan wonten peta kanthi *titik koordinat* 7°55'53.9"S100°25'42.0"E-7.931638,100.428324.

Dusun Mangunan dipunwatesi dening wilayah ing ngandhap inggih menika:

1. watesipun sisih ler wonten dhusun Cempluk
2. sisih kilen dipunwatesi dhusun Cempluk
3. sisih wetan dipunwatesi dhusun Kanigoro
4. sisih kidul dipunwatesi kali oya


Desa Mangunan kadadosan Saking 6 dusun inggih menika, dhusun Cempluk, Mangunan, Sukorame, Lemahbang, Kediwung, saha Kanigoro. Papan panaliten upacara tradhisi slametan menika wonten ing Dhusun Mangunan. Ing ngandhap menika denah papan upacara tradhisi slametan

patangpuluh dinten sedanipun tiyang wonten ing Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul. Ing ngandhap menika peta Desa Mangunan.



**Gambar 1. Peta Desa Mangunan**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Papan panaliten upacara tradhisi slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang menika lumampah wonten ing Dhusun Mangunan. Ing ngandhap menika denah papan upacara tradhisi slametan.



Gambar 2. Denah papan upacara slametan  
Sumber: dokumentasi Anik

## 2. Paraga Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten

Sedaya upacara tradhisi temtunipun mbetahaken paraga supados acara saged kalampahan kanthi lancar. Paraga wonten ing upacara tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten menika inggih menika para warga dhusun Mangunan.

Papan ingkang dipunginaaken kangge Slametan patangpuluh dinten inggih menika RT 12 dalemipun bapak Sumarjo. Dhusun Mangunan menika kadadosan saking (2) RW lan (8) RT. Kahanan masarakat wonten ing Dhusun Mangunan saged dipuntingali saking maneka warni aspek. Supados saged mangertosi kahanan paraga upacaara tradhisi saking cacahipun penduduk, pedamelan, kapitadosan, kahanan sosial budaya masarakat saged dipuntingali saking andharan wonten ngandhap menika.

a. *Data Kependudukan*

Saking data dinamis wonten ing Dhusun Mangunan tahun 2017, warga utawi penduduk dhusun Mangunan wonten 830 jiwa kadadosan saking balita, lare-lare, dewasa, tiyang sepuh, saha lansia.

**Tabel 1: Cacah penduduk dhusun Mangunan**

No	Yuswa	Jumlah
1.	Balita	58 tiyang
2.	Anak-anak	158 tiyang
3.	Dewasa	97 tiyang
4.	Orang tua	439 tiyang
5.	Lansia	78 tiyang
<b>Jumlah</b>		<b>830 tiyang</b>

**Sumber: data pedukuhan Mangunan tahun 2017**

b. *Data Pedamelan*

Miturut data pamarentah Dhusun Mangunan taun 2017 sampun dipunserat bilih pedamelan masarakat Dhusun Mangunan menika kadosta tani, buruh, pedagan, PNS, wiraswasta. Data prosentase masarakat saking sedaya masarakat ingkang sampun nyambut damel miturut pedamelanipun saged kaandharaken kados wonten ngandap menika.

**Tabel 2: Pedamelan warga dhusun Mangunan**

No	Pedamelan	Jumlah
1.	Tani	180 tiyang
2.	PNS	48 tiyang
3.	Buruh	95 tiyang
4.	Pedagang	12 tiyang
5.	Pengusaha Ageng	6 tiyang
7.	Dokter / bidan	2 tiyang
8.	Pengrajin kayu	10 tiyang
9.	Boten nyambut damel	263 tiyang
<b>Jumlah</b>		<b>606 tiyang</b>

**Sumber: data pedukuhan Mangunan tahun 2017**

c. *Data Tataran Pendidikan*

Menawi dipuntingali saking pendidikanipun masarakat wonten ing Dhusun Mangunan kaanggep sae amargi sampun kathah masarakat ingkang sampun nglampahi pendidikan kiranglangkung wonten 200 tiyang saking

sedaya warga Dhusun Mangunan ingkang tamat SMA. Ananging ugi kathah ingkang dereng sekolah utawi boten saged sekolah namung lulus tingkat SD kemawon kiranglangkung 267 tiyang denen ingkang lulus SMP kiranglangkung 99 tiyang, lulusan SMA kiranglangkung 153 tiyang, diploma (D3) wonten 7 tiyang, Sarjana (S1) wonten 24 tiyang, Magister (S2) wonten 2 tiyang.

**Tabel 3: Tingkat Pendidikan masarakat dhusun Mangunan**

No	Pendidikan	Jumlah
1.	Dereng sekolah	58 tiyang
2.	TK	45 tiyang
3.	SD	267 tiyang
4.	SMP	99 tiyang
5.	SMA	153 tiyang
6.	D3	9 tiyang
7.	S1	28 tiyang
8.	S2	2 tiyang
<b>Jumlah</b>		<b>660 tiyang</b>

**Sumber: data pedukuhan Mangunan tahun 2017**

d. *Data Sistem Religi*

Agami ingkang dipupitados dening warga masarakat wonten ing dhusun Mangunan menika saperangan ageng ngrasuk agami Islam, kajawi wonten 2 tiyang ingkang ngrasuk Agami Kristen.

**Table 4: Agami Pendhudhuk dhusun Mangunan**

No.	Agami	Jumlah
1.	Islam	828 tiyang
2.	Kristen	2 tiyang
<b>Jumlah</b>		<b>830 tiyang</b>

**Sumber: data pedukuhan Mangunan tahun 2017**

Cacahing masarakat wonten dhusun Mangunan ingkang ngrasuk agami Islam wonten 828 tiyang, saha ingkang ngrasuk agami Kristen wonten 2 tiyang. Masarakat Mangunan menika mayoritas ngrasuk agami islam. Lajeng menawi ngawontenaken satunggaling prakawis taksih ngginaaken donga kanthi tata cara islam kadosta maos surat *Al-Fatihah*. Wonten ing Mangunan menika ingkang nindakaken tradhisi slametan sedaya warga agami islam sae ingkang NU menapadene Muhamadiyah. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“ingkang ngawontenaken menika sedaya, NU menapa dene Muhamadiyah, amargi kula menika ingkang dados kaum ugi asring dipunundang wonten Muhamadiyah. Masarakat solidaritasipun sae, beda aliran ananging sami nindakaken tradisi ancasipun nggih sami kangge paring pandonga dhateng tiyang ingkang seda supados pinaringan papan ingkang sekeca”. (CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan* 02

“kang nganaake tradhisi slametan yen ning kene kabeh warga yo NU yo Muhamadiyah tujuane kanggo paring donga marang wong sik wis seda supaya diampuni kabeh lepate, pinaringan papan sik sekeca wonten kubur.” (CLW 02)

Andharan wonten nginggil Saged dipunpendhet dudutan, bilih tiyang ingkang ngawontenaken tradhisi slametan kematian mliginipun slametan

patangpuluh dinten menika sedaya masarkat ingkang ngrasuk agami islam, sae ingkang NU menapa dene Muhammadiyah, ananging ingkang ngrasuk agami Kristen boten ngawontenagenadicara slametan menika, amargi tatacranipun sampun beda. Masarkat sami nindaken amargi wonten ing Mangunan menika sesami islam tansah ngurmati warisan tradhisi kabudayan inggih menika tradhisi slametan meneti sedanipun tiyang. Ancasipun masarakat ngawontenaken tradhisi menika kangege paring pakurmatan dhateng tiyang ingkang seda supados dipunparigi pangaputen awit sedya dosa supados pikantuk papan ingkang sekeca wonten alam kubur.

## **B. Prosesi Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten**

Prosesi upacara tradhisi slametan dipuntindakaken dening warga masarakat panyengkuyung kangege meneti sedanipun tiyang kanthi lampah masrahaken sajen, ziarah kubur, saha yasinan. Awit saking menika sakderengipun ngawontenaken upacara tradhisi slametan langkung rumiyin dipunwiwiti kanthi nyawisaken sajen kangege upacara. Cecawis sajen kangege upacara slametan kaandharaken ing ngandhap menika.

### **1. Cecawis**

Lampahing upacara tradhisi slametan saged kaleksanan kanthi lancar tamtu mbetahaken cecawis. Anggenipun ngadani upacara menika ingkang kedah dipuncawisaken rumiyin inggih menika sajen. Sajen ingkang dipundamel kangege upacara tradhisi slametan menika kaperang dados tigang

werni, inggih menika sajen ingkang dipunpasrahaken wonten peturon, sajen kangge ziarah wonten makam, saha sajen kendhuri.

#### **a. Sajen Peturon**

Sajen wonten peturon menika minangka sesembahan dhateng arwah leluhur ingkang sampun seda. Wujudipun sajen ingkang dipunpapanaken wonten peturon inggih menika sajen sedaya daharan ingkang dipunolah wonten sekul kaliyan lawuh ingkang komplit, apem, rujak degan, kinang, saha sekar. Sedaya sajen ingkang badhe dipunginaaken kedah dipuntata rumiyin lajeng dipunsukaaken wonten ing peturon.

##### **1) Sajen sedaya daharan**

Anggenipun nyekapi sedaya sajen ingkang dipunbetahaken wonten ing upacara menika dipundamel dening sedaya kulawarga saha dipunbiyantu tangga tepalih kanthi sareng-sareng, saderengipun dipunpasrahaken sedaya sajen kedah dipundamel lanjeng dipuncawisaken dipuntata kanthi rapi.



**Gambar 3. Sajen sedaya daharan peturon**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Menawi daharan sampun mateng lajeng dipuntata wonten tambir lajeng dipunselehaken woten peturonipun tiyang ingkang seda. Sajen ingkang dipunpasrahaken wonten peturon menika sedaya daharan ingkang dipunolah. Andharan menika jumbuh dening pratelanipun *informan 05*

“sajen peturon kui kabeh olahan ana sega ambeng sak lawuhe ana jangan tholo, pindang, gudheg, sega golong, peyek, thonto, gebingan, wajik, apem, tempe, kolak, krupuk, bakmi, rujak degan. Sakliyane pangan uga ana kembang sajen, kinang, arta wajib.” (CLW 05)

Andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih sajen peturon dipunpapanaken wonten peturonipun tiyang ingkang seda, ingkang salajengipun dipunpasrahaken dening kaluwarga. Sajen peturon menika wujudipun arupi daharan, sekar, kinang dipuntata wonten tambir ingkang dipunsukani lemek godhong gedhang.

## 2) Kinang, sekar, arta wajib



**Gambar 4. Sekar, Kinang, Arta Wajib**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

1 : arta

4: gambir

2 : sekar	5: udud
3 : mbako	6: sedhah

Kinang inggih menika miturut Poerwadarminta ing salebetung Baoesastra Djawa (1939 : 223), kinang “ateges suruh saadune (dienggo ngabang lambe)”. Kinang menika ugi kalebet sajen ingkang dipunginaaken wonten sajen peturon. Wujudipun kinang menika wonten sedah, gambir, injet.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 02

“kinang kui jenenge abon-abon, abon-abon kui ana suruh, menyan, gambir sak komplite kui mau, karo arta wajib yen ana kurange kon nggo tuku dewe.” (CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 03

“kinang niku antarane suruh, gambir, injet. Nanging niku ditambahi arta wajib sisan. Karepe sedhekahe. Umpama ana sajen sing ora pepak utawa kura, duwit kuwi mau kanggo supaya sajene pepak.” (CLW 03)

Saking andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih kinang menika rerangken saking sedhah, gambir, mbako, injet saha udut, boten naming kinang kemawon ananging ugi wonten sekar abon-abon saha arta wajib. Arta wajib menika minangka kancing donga. Arta ingkang dipunginakaken menika boten wonten pathokanipun dados bebas sagadhahipun saged pinten kemawon saiklasipun.

### 3) Rujak Degan



**Gambar 5. Rujak Degan**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

1 : gendhis jawi

2: rujak degan

3 : teh legi

4: teh pait

Rujak degan inggih menika salah setunggaling sajen ingkang dipunginaaken wonten ing tradhisi slametan patangpuluhan dinten. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 05

“kambil sik iseh rada enom mau dibencah banjur dikerok lan dicampuri gula jawa supayane rasane legi.” (CLW 05)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 03

“rujak degan kui kelapa sik durung tuwa yaiku degan, degan dipunkerok lajeng dipunsukani gula jawa supados rasane legi.”(CLW 06)

Andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih rujak degan menika dipundamel saking kelapa ingkang taksih anem utawi taksih degan.

Kelapa menika dipunkerok, lajeng dipunsukani gendhis supados raosipun eca lan manis, lajeng dipunwadahi gelas dipunpapanaken kaliyan sajen sanesipun ingkang dipunselehaken wonten peturonipun tiyang ingkang seda.

### b. Sajen Ziarah

Sajen kangge ziarah menika minangka simbul saha sesembahan kangge leluhur ingkang dipunginaaken kangge ziarah. Sajen menika sanes arupi daharan ananing ingkang awujud sekar. Sajen menika dipunperang dados tiga inggih menika sekar telon, godhong dhadhap, saha menyan. Sedaya sajen kedah dipuncawisaken rumiyin saderengipun ziarah dahteng pasareyan. Ingkang nindakaken ziarah menika boten kedah sedaya keluwarga, ananging cekap perwakilan kemawon.

#### 1) Sekar Telon



**Gambar 6. Sekar Telon**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- 1 : mawar abrit
- 2 : mawar pethak
- 3 : mlati
- 4 : kanthil
- 5 : kenanga

Sekar telon inggih menika salah satunggaling sajen ingkang dipunginakaken wonten ziarah. Wujudipun sekar telon menika wonten sekar mawar abrit, mawar pethak, mlati, kanthil, saha kenanga. Sedaya sekar menika dipuntumbas wonten peken. Sekar menika sabibaripun ziarah dipunsawuraken wonten sanginggilipun makamipun tiyang ingkang seda.

## 2) Godhong Dhadhap



**Gambar 7. Godhong dhadhap Srep**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- 1 : toya
- 2 : godhong dhadhap
- 3 : arta wajib

Godhong dhadhap saha toya menika mlebet wonten sajen kange nyekar wonten ing makam ingkang dipuncampur kaliyan toya saha arta. Menawi

sampun rampung anggenipun ndedonga lajeng godhong dhadhap menika dipunsiramaken wonten pasareyanipun tiyang ingkang seda.

### 3) Menyan



Gambar 8. Menyan  
Sumber: dokumentasi Anik

Menyan asring dipunginaaken kangeziar wonen makam amargi menyan menika menawi dipunbesem kukusipun saged ngasilaken ganda ingkang arum. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 04

“menyan kui gunane sakjane udu kanggo ngundang jin, nanging supaya kukuse bisa kanggo ngusir kewan sing nganggu kayata lemot. Kukuse ganda menyan kui kanggo nglantarake donga supaya tekan marang ngarsane Gusti Allah.” (CLW 04)


Saking andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih menyan menika maknanipun kukusipun menyan menika kangee nglantaraken donga supados tumuju dhateng ngarsanipun Gusti ingkang Maha Kuwaos. Menyan menika sejatosipun sanes kangee ngundang makhluk gaib, ananging menyan menika menawi dipunbesem saged ngasilaken ganda ingkang arum, lajeng

ancasipun mbesem menyan menika kange ngusir kewan-kewan ingkang saged nganggu kadosta lemot.

### c. Sajen kendhuri

Sajen Kendhuri inggih menika sajen ingkang dipunginaaken nalika kendhuri Slametan. Sajen ingkang dipunginaaken kange kendhuri menika kathah saget, mila kange nyekapi sajen ingkang badhe dipunginaaken, sedaya sajen kendhuri slametan menika dipundamel dening para Ibu-ibu ingkang rewang. Wujudipun sajen antawisipun ingkung, krecek, sekul ambeng, sekul golong, sekul liwet, jadah, wajik, jenang, pisang sale, sekar setaman.

#### 1) Ingkung



Gambar 9. **Ingkung**  
Sumber: dokumentasi Anik

Ingkung inggih menika miturut Poerwadarminta ing salebetting Baoesastra Djawa (1939 : 172), ingkung ateges “pitik diolah woetoehan ditaleni goeloe lan sikile”. Pitik ingkang dipunginaaken kange sajen inggih

menika pitik jago. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 05

“pitik jago sing wis diresiki diolah, dibumboni gurih banjur diungkep, Ingkung menika dipunmangsak gurih. Bumbu-bumbunipun bawang, brambang, laos, jahe, salam, sarem saha gendhis Jawi. Ingkung niku jodhone sekul wuduk, lalapane nganggo jengkol, kobis, mandhingan, thokolan, dhele ireng lan krecek. Diulet sambel pecel utawa sambel kacang.”(CLW 05)

Andharan in nggingil saged dipunpendhet dudutan bilih Ingkung menika dipundamel saking pitik jago ingkang dipunmangsak gurih. Bumbu-bumbunipun kadosta bawang, brambang, laos, jahe, salam, sarem santen, saha gendhis Jawi. Sedaya bumbu dipunuleg ngantos alus. Ingkung menika dados salah satunggaling sajen ingkang dipunangge wonten ing sajen kendhuri slametan patangpuluh dinten.



Gambar 10. **Ingkung, Sekul Wuduk, Sambel, Lalapan**  
Sumber: dokumentasi Anik

Katrangan:

- 1 : ingkung
- 2 : sekul wuduk

- 3 : lalapan (jengkol, kubis, mandhingan, thokolan)  
 4: sambel kacang

Ingkung menika jodhonipun sekul wuduk. Sekul wuduk menika warni nipun pethak, pethak menika gadhah teges suci. Dados tiyang menika kedah suci lan resik manahipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“seku suci ulam sari bumbu lembaran kagem sarana lan karana anggenipun tiyang ingkang gadhah damel slametan kala wau miangka wujud syukur dhumateng Gusti Allah Subhanahuataaa. Warni pethak menika mralambaken kesucian”. (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“sega wuduk kui disebut sega rasul. Sik maknane njaluk keslametan lan safaa kanjeng nabi Muhammad saw”. (CLW 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 06*

“sega biasa dikaru ngangge santen sik disukani uyah, bawang brambang salam, banjur didang. Segarurih iku biasane ana lalapanne nganggo manding, jengkol sik diiris cilik-cilik, thokolan, dhele ireng, lan nganggo sambel kacang.” (CLW 06)

Saged dipunpendhet dudutan bilih sekul wuduk menika sekul gurih amargi sekul ingkang dipunmasak gurih raosipun sami kaliyan ingkung, bumbunipun wonten brambang, bawang, salam, sarem ingkang dipunsukani santen. Lajeng dipundang, sekul guruh menika lalapanipun wonten manding, jengkol, thokolan, dhele cemeng, rambak, sambel kacang. Sekul wuduk dipunwastani sekul suci, saha dipunsebat sekul rasul amargi asring dipunginaaken nalika rasulan.

### Dhele saha rambak



**Gambar 11. Dhele, Rambak**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

1 : dhele cemeng

2 : rambak

Lalapan krecek menika ugi dados lalapan jodhonipun ingkung saha sekul wuduk. Anggenipun damel lalapan krecek menika bahanipun krecek utawi rambak ingkang dipuncampur dhele cemeng. Dhele ingkang dipungoreng lajeng dipuncampur kaliyan krecek ingkang dipunisris-iris alit.

### 2) Pisang Raja

Pisang raja inggih menika pisang ingkang dipunginaaken kange sajen kendhuri slametan Patangpuluh Dinten. Pisang ingkang dipunginaaken kange sajen slametan menika kedah gedhang raja setangkep. Gedhang raja menika raosipun langung eca. Gedhang raja setangkep menika gedhang ingkang jumlahipun kalih lirang ingkang dipunpapanaken adep-adepan utawi pasangan wonten ing tambir.



**Gambar 12. Pisang Raja**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 02

“pisang sanggan kui kudu pisang raja, marga raja kui minangka pimpinan yen ngendika sekali kemecap tan kena wola-wali.” (CLW 02)


Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan* 03

“pisang sanggan yaiku salah satunggaling sajen ingkang kapapanaken wonten tambir minangka sangganipun. Pisang sanggan iku wujude kang digunaake pisang raja satunggal tangkep sekar telon, kinang, sedaya sajen iku mau dipapanake ing tambir kang dilemekaken ron pisang. amargi pisang raja kui minangka pisang kang dianggep pisang kang paling sae, endah rupane lan eca rasane. ” (CLW 03)

Andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih ingkang dipunginaaken kangge sajen menika kedah pisang raja. Pisang raja ingkang wujudipun setangkep. Amargi pisang raja menika dipunanggep pisang ingkang langkung sae, raosipun eca saha arum gandanipun. Pisang raja menika maknanipun supados migunani kados dene raja.

### 3) Tukon Pasar

Tukon Pasar ingkang dipunginakaken inggih menika wonten lempeng, wajik jadah, who-wohan. Sedaya tetedhan menika dipuntumbas wonten ing peken. Wujudipun wonten ing ngandhap menika.



**Gambar 13. Tukon pasar**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- 1 : lempeng
- 2 : woh-wohan
- 3 : pisang raja
- 4 : wajik
- 5 : sekar setaman

Boten namung pisang raja kemawon nanging wonten ugi tukon pasar kados lempeng wajik, who-wohan saha sekar ingkang dipunwadahi wonten ing tambir. Tukon pasar inggih menika sedaya tukonan ingkang dipuntumbas wonten ing peken. Tukon pasar menika minangka pralambang ingkang nggambaraken kemirahan pangan.

#### 4) Sekar Konyoh



**Gambar 14. Sekar Konyoh**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

1 : mawar

2 : pupur

3 : kenanga

4 : mlati

5 : kanthil

“sekar konyoh kui wujude kembang mlati, mawar, kanthil, kenanga. sekar mawar menika ateges binawar utawi penawar. Sekar mlathi menika saking tembung lathi ingkang ateges sedaya ingkang dipunadharaken kedah dipunjagi. Sekar kanthil menika saking tembung kumanthil-manthil ateges ngraketaken pasederekan supados sedaya saged rukun. Sekar konyo menika gadah arahan arahipun supados anggenipun ngendhika kedhah ingkang ngatos-atos, dados menawi ngendika menika kedah ingkang sae.” (CLW 03)

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih sekar konyoh ingkang dipunginakaken inggih menika sekar mawar pethak, mawar abrit, melathi, kenanga kaliyan kanthil lajeng dipunsukani toya lan pupur. Nama sekar-sekar menika gadhah teges bilih binawar (mawar), saking kedaling lathi (mlathi), bisa kumanthil-kanthil

(kanthil), kumenang-kenang (kenanga) ing ati. Sedaya sekar kala wau dipuntumbas wonten ing peken.

### 5) Sekul Ambeng



**Gambar 15. Sekul Ambeng**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Sekul Ambeng menika dipundamel saking sekul ingkang dipundang menawi sampun mateng lajeng dipundamel ambeng. Caranipun damel ambeng ngginakaken cithakan wadhab ingkang bunder. Sekul dipunlebetaken wonten ing cithakan lajeng dipundet-det ngantos madhet lajeng dipuntumplak wonten ing wadah ingkang dipunlemeki godhong gedhang. Ingkang dados jodhonipun sekul ambeng inggih menika maneka warni lawuh ingkang kathah, kados ing ngandap menika.



**Gambar 16. Sekul Ambeng**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- |                 |                             |
|-----------------|-----------------------------|
| 1 : peyek gereh | 6 : sambel goring tempe     |
| 2 : krupuk      | 7 : blenyeakan              |
| 3 : tokholan    | 8 : jangan brongkos (tholo) |
| 4 : gudheg      | 9 : thontho                 |
| 5 : gebingan    | 10 : tempe kencong          |

Sekul ambeng miturut Poerwadarminta ing salebetting Baoesastra Djawa (1939 : 8), ambeng ateges ‘sega sarampadane’. Segar sarampadane kang dikepung ing nalikane slametan, inggih menika Sekul Ambeng kaliyan lawuhipun. Lawuhipun sekul Ambeng menika katah sanget. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 03

“sekul ambeng yaiku sekul ingkang lawuhipn kathah. Sekul ambeng dipunkepung nalika wilujengan. Sabibaripun yasinan lajeng kendhuri, sajen dipundongani lajeng dipundum sedaya tiyang ingkang rawuh.” (CLW 03)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 06

“sega ambeng kui sega biasa mbak didang banjur diente-enet disukani awuh pepakan ana gudheg, thontho, blenyeikan, sambel goring tempe, jangan tholo, gebingan, krupuk, peyek.” (CLW 06)

Saged dipunpendhet dudutan bilih sekul ambeng inggih menika sekul ingkang dipuncithak ngginakaken wadhah ingkang bundher. Sekul Ambeng menika dipundamel saking sekul ingkang dipundang menawi sampun mateng lajeng dipundamel ambeng. Sekul ambemng menika dipunenet-enet ngangge citakan lajeng wonten ing nginggilipun dipunsukani lawuh pepakan ingkang kathah. Lawuhipun menika wonten gudheg, thontho, blenyeikan, sambel goreng tempe, jangan tholo, gebingan, krupuk, peyek.

## 6) Sekul liwet



Gambar 17. Sekul Liwet  
Sumber: dokumentasi Anik

Katrangan:

- 1 : gereh pethek
- 2 : srundeng
- 3 : tigan
- 4: godhong turi saha godhong pace
- 5 : intip

Sekul liwet menika sekul ingkang dipunliwet wonten intipipun, sambel srundeng, tigan, godhong turi, gereh pethek. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 06

“beras dimasak wonten ketel yen pun adem dikeruk mangkih dijupuk intipe disukani gereh, godhong turi godong pace lan sambel srundeng”. (CLW 06)

Andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih sekul liwet inggih menika sekul ingkang dipunliwet dipunpendhet intipun, dipunlawuhi srundeng, peyek gereh, godhong turi, saha tigan.

### 7) Sekul Golong



Gambar 18. **Sekul Golong**  
Sumber: dokumentasi Anik

Sekul Golong inggih menika sekul ingkang dipunkepel-kepel supados dados bunder utawi golong, supados bunder ngginakaken kalih asta. Dipuntingali saking wujudipun sekul ingkang dipundamel golong menika

nyawijining tekad. Kanthi tekat ingkang wetah kados dene golongipun sekul ndadosaken gegayuhanipun saged kaleksanan saha tebih ing sambekala. Wujudipun sekul golong kaliyan lawuhipun lajeng dipunwungkus godhong gedhang kados gambar ing ngandhap menika.



**Gambar 19. Sekul Golong saha lawuh**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- 1 : pindhang antep
- 2 : lalapan (brambang, godhong kelor)
- 3 : sekul golong
- 4 : thokolan

Sekul Golong inggih menika sekul ingkang dipuncithak golong ngginakaken kalih asta lajeng dipunwungkus godhong gedhang. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 05*

“Sega golong niku, sega digolong, dibentuk bunder, dikepel kepel nggo tangan loro banjur dibuntel godhong gedhang, lawuhe pindhang anteb”. (CLW 05)

Andharan kasebat dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 06*

“sega golong kui sega biasa sing dikepel-kepel bunder, dilawuhi pindang antep, thokolan.”(CLW 06)

Andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih sekul golong inggih menika sekul ingkang dipunkepep-kepel supados wujudipun saged bunder kados golong-golong. Sekul golong menika dipunkepel ginaaken asta supados nyawiji dados golongan (bunder).

### 8) Jenang



**Gambar 20. Jenang Pethak, Jenang Abrit, Jenang Baro-baro**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- 1 : jenang pethak
- 2 : jenang abrit
- 3 : jenang baro-baro

Jenang ingkang dipunginaaken wonten slametan menika wonten werni tiga inggih menika jenang pethak, jenang abrit, saha jenang baro-baro. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 05

“jenang kui aka glepung beras, dicampuri santen, uyah. kabeh bahan dimasak diudhak. Jenang Abang bahane pada karo jenang putih banjur dicampuri gula Jawa supaya rupane jenang dadi abang. Jenang baro-baro pada karo jenang abang dicampuri parutan kambil kambil karo gula jawa sitik neng ndhuwure jenang.” (CLW 05)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 06

“jenang digawe saking tepung beras. Jenang Putih menika dipundamel saking glepung, santen, toya kaliyan sarem. Sedaya bahan dipunmasak dipunudhak. Jenang Abang menika anggenipun damel bahanipun sami kaliyan damel jenang putih. Jenang putih ingkang tasih anget dipuntambahi gula Jawa sekedhik. Dipunsukani gula menika supados werninipun jenang dados abang. Jenang baro-baro menika jenang abang ingkang disukani parutan klapa kaliyan gula jawa sekedhik wonten ing nginggilipun.” (CLW 06)

Adhedasar andharan wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih jenang ingkang dipunginaaken wonten slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang menika wonten werni tiga inggih menika jenang pethak, jenang abrit, saha jenang baro-baro. Jenang Pethak menika kadamel saking beras, santen, toya kaliyan sarem. Sedaya bahan dipunmasak kaiyan dipunudhak.

Jenang Abrit menika anggenipun damel bahanipun sami kaliyan damel jenang pethak. Jenang pethak ingkang tasih anget dipuntambahi gendhis jawi sekedhik supados werninipun jenang dados abang. Jenang baro-baro inggih menika jenang abrit ingkang dipunsukani parutan klapa kaliyan gendhis Jawi sekedhik wonten ing nginggilipun. Jenang menika minangka pralambang kedadosan manungsa saking rama kaliyan ibu. Werni pethak saking rama werni abrit saking ibu.

## 9) Apem



**Gambar 21. Ketan Apem**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

1 : apem

2 : ketan

Apem inggih menika miturut Poerwadarminta ing salebeting Baoesastra Djawa (1939 : 17), apem ateges “serabi legi dianggo slametan”. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 05

“glepung beras sing wis digilih mau banjur dijladern dialet nganggo santen, gula jawa, tape banjur digoreng nggo citakan apem.” (CLW 05)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan* 06

“tepung beras dipunjladren dipunsukani gula jawa kaliyan santen dipuntambahi endok setunggal kalih tape supados saged empuk, mangke menawi sampun diulet sedaya lajeng dipungoreng ginaaken citakan apem.” (CLW 06)

Saking andharan ing ninggil saged dipunpendhet dudutan bilih apem menika dipundamel saking tepung beras ingkang dipunjladren dipunsukani gendhis jawi kaliyan santen dipuntambahi tigan setunggal kalih tape supados

saged empuk, mangke menawi adonanipun sampun ulet sedaya, lajeng dipungoreng ginaaken citakan apem.

#### **10) Jadah**



**Gambar 22. Jadah**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Jadah inggih menika dipundamel saking beras ketan. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 06

“beras ketan dikum lajeng didang dipunkaru kalian parutan kambil, didang maih, yen pun mateng ditutu, yen pun adem diler dipunemblek wonten tambir lajeng diiris” . (CLW 06)

Andharan wonten inggil saged dipundudut bilih jadah menika kadamel saking beras ketan. Caranipun damel inggih menika beras ketan dipunkum, lajeng dipundang dipunkaru kaliyan parutan klapa, lajeng dipundang malih, yen sampun mateng dipuntutu, lajeng dipunler dipunemblek, lajeng menawi sampun adem dipunirisi.

### 11) Ketan salak (wajik)



Gambar 23. Ketan Salak (Wajik)

Sumber: dokumentasi Anik

Ketan salak menika sami kaliyan wajik ingkang kadamel saking beras ketan ingkang dipun sukani gendhis jawi. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 06

“beras ketan dikum lajeng didang dikaru santen ingkang sampun disukani gula jawa supaya warine dados abang, didang maih, yen pun mateng dikepel-kepel supaya bunder”. (CLW 06)

Ketan salak utawi wajik menika dipundamel saking beras ketan ingkang dipunsukani santen, gendhis jawi, anggenipun damel wajik, beras ketan menika dipundang lajeng dipunkaru kaliyan santen ingkang dipunsukani gendhis jawi lanjeng werninipun dados soklat, raosipun wajik menika manis.sasampunipun dipunkaru lajeng dipunglintiri bunder-bunder.

## 12) Pisang Sale



**Gambar 24. Pisang Sale**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Pisang sale dipundamel saking pisang ingkang wetah. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 06*

“pisang dimasak wutuh dicampuri santen kalih gula jawa” (CLW 06)

Andharan kasebat dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 02*

“Pisang sale menika legi, lha uwong yen ngendika kudu sik sae-sae aja nganti ngendika sik ala utawa awon”.(CLW 02)

Andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih pisang sale menika dipundamel saking pisang ingkang wetah dipunsukani santen saha gendis jawi supados raosipun manis. Tiyang kedah ngendika ingkang sae supados menawi dipumirengaken tiyang sanes raosipun nggih eca kepenak wonten ing talingan kados dene raos ecanipun pisang sale.

### 13) Peyek



Gambar 25. Peyek  
Sumber: dokumentasi Anik

Katrangan:

- 1 : peyek kacang
- 2 : peyek dhele
- 3 : peyek gereh

Peyek menika dados lawuhipun Sekul Ambeng. Peyek ingkang dipunginaaken menika wonten werni tiga inggih menika peyek kacang, peyek dele, saha peyek gereh. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 05

“nggen peyek niku ontén peyek dhele, peyek kacang, peyek gereh. Carane damel peyek, glepung dijadreni karo dibumboni uyah bawang, banjur dicampur dhele sik peyek dhele, kacang sik peyek kacang, trus dicampur gereh, nek peyek gereh terus digoreng nganti garing. “ (CLW 05)

Peyek menika dipundamel saking glepung, gandum, sarem, bawang saha toya. Peyek ingkang dipunginaaken wonten slametan menika wonten tiga inggih menika eyek kacang, peyek dhele, saha peyek gereh.

## 2. Lampahingadicara

Lampahingadicara upacara tradhisi slametan menika kaperang dados tigang rerangken. Rerangken upacara tradhisi slametan patangpuluhan dinten inggih menika masrahaken sajen, ziarah kubur saha yasinan kendhuri.

### a. Masrahaken Sajen

Nalika badhe masrahaken sajen, agemanipun kedah rapi amargi masrahaken menika kados dene kita sowan dhateng Gusti Allah. Ing ngandhap menika gambar Pak Zabidi minangka salah satunggaling kulawarga ingkang kagungan damel ingkang nembe pasrahaken sesajen.



Gambar 25. **Masrahaken sajen**

**Sumber:** dokumentasi Anik

Sedaya sajen ingkang sampun dipuntata rapi dipunpapanaken wonten ing peturon ingkang dipunginaaken tiyang nalika taksih gesang menika anggenipun masrahaken sajen. Lajeng bapak Zabidi pasrahaken sajen minangka atur pakurmatan dhateng leluhur. Masrahaken menika donga utawi atur panyuwunan dhumateng Gusti Allah supados tiyang ingkang seda

pikantuk papan ingkang sekeca. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelnipun *informan* 02

“pasrahake sajen ing peturon kui maca Alfathihah, tujuane ngaturake salam karo leuwure tumuju ing Gusti Allah. Yen cara aku sing wis tak lakoni biasane maca donga kubur “ hadi shodakoh illa arwahi sing dihajati. ” (CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelnipun *informan* 03

“slametan patangpuluhan dino kui slametan kanggo mengeti utawa paring pankurmatan kangge tiyang sing uwis seda. Anggone masrahake sajen kui saben uwong sik diwaca beda-beda, nanging intine masrahake kanggo leuwur, lan nyenyuwun donga dhumateng Gusti Allah supaya sedaya kesalahane diampuni Gusti Allah.” (CLW 03)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelannipun *informan* 04

“*illaqadati mustofa nabi Muhammad*, maca *alfatikah* ping 3, maca *kulhu (aliklas)* ping 3 *tahlil*, ndongaake njalukake pangapura sik wis mati mau.” (CLW 04)

*Surat Al-Fatihah :*

*Bismillahir rahmaanir rahiim. Alhamdu lillaahi rabbil 'aalamiin. Arrahmaanir rahiim. Maaliki yaumiddiin. Iyyaaka na'buduwa iyyaaka nastaa'iin. Ihdinash shiraathal mustaqiim. Shiraathal ladziina an'amta 'alaikhim. Ghairil maghdhuubi 'alaikhim waladh dhaalliin. 3x*

*Al ikhlas :*

*Qul huwallahu ahad. Allahhus samad. Lam yalid wa lam yulad. Wa lam yakul lahu kufuhan ahad. 3x*

Saged dipunpendhet dudutan bilih masrahaken sajen menika minangka sedekah utawi sesembahan ingkang dipunaturaken dhateng leluhur. Donga kangge masrahaken sajen menika ingkang paling pokok maos surat al-fatihah, surat al ikhlas, saha tahlil. Ingkang salajengipun nyuwunken pangapura dhateng arwah leluhur ingkang sampun seda supados sedaya lepatipun

dipunapura, lan sedaya amal saenipun dipuntampi supados dipunparingi papan ingkang sekeca wonten ing alam kubur dening Gusti Allah Ingkang Maha Kuwaos.

### **b. Ziarah Kubur**

Ing ngandhap menika gambar Pak Zabidi kaliyan kulawarga ziarah wonten pasareyan. Ngirim menika miturut Poerwadarminta ing salebetung Baoesastra Djawa (1939 : 224), ngirim ateges memetri sarana nyajeni kembang ing kuburan.



**Gambar 26. Ziarah kubur**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Wonten ing salebetung tradhisi slametan menika wonten ziarah utawi nyekar wonten makam tiyang ingkang seda. Ziarah sampun dados tradhisi ingkang dipuntindhakaken dening masarakat dumugi samenika. Tradhisi ziarah ancasipun kangge ngintun donga dhumateng leluhur ingkang sampun seda supados sedaya dosa lan sepatipun dipunampuni Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Lumantar tradhisi ziarah masarakat ingkang nindhakaken saged

paraing raos ayem tentrem manahipun, amargi tradhisi ziarah menika saged mbeta berkah dhumateng ingkang nindakaken, saha saged ugi nyelakaken manah dhumateng Gusti ingkang maha kuwaos. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“Ziarah menika ancasipun kagem kentun donga dhateng sedaya aji luhuripun sae menika saking jaler saking estri ingkang ngrumat ingkang boten karumat ingkang saritawuga dipunmakomaken wonten makom pundi ingkang sesuai kaliyan kagungan damel dene pangajabipun sedaya aji luhur saged tinampi amal saenipun dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun saengga saged pinaringan papan ingkang sekeca, saged lepas paranipun jembar kuburipun, dipuntebihaken saking siksa kubur, dipuncedhakaken dhateng nikmat kubur lan saged tinampi suwarganipun Gusti Allah.”

Andharan kasebat dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 02*

“yarah makam kui awale tawasul para suhadak para sholikin para wali kui ditawasuli, terus bar kui sak keluwargane kabeh, maca alfathihah, al-ikhlas 3x, al-falak 3x, an-nas 3x, ayat kursi, tekan tumapake gawe maca dhikir, tahli sak rampunge, nek wis rampun maca donga ndonggake leluwure. (CLW 02)

*Surat Al-Fatiyah : Bismillahir rahmaanir rahiim. Alhamdu lillaahi rabbil 'aalamiin. Arrahmaanir rahiim. Maaliki yaumiddiin. Iyyaaka na'buduwa iyyaaka nasta'iin. Ihdinash shiraathal mustaqiim. Shiraathal ladziina an'amta 'alaihim. Ghairil maghdhuubi 'alaihim waladh dhaalliin. 3x*

*Al ikhlas : Qul huwallahu ahad. Allahhus samad. Lam yalid wa lam yulad. Wa lam yakul lahu kufwan ahad. 3x*

*Al-falaq : qul auzu bi rabbil falaq. Min syarri ma khalaq. Wa min syarri gasiqin iza waqab. Wa min syarrin naffasati fil uqad. Wa min syarri hasidin iza hasad.*

*An-nas : qul a uzu bi rabbin nas. Malikin nas. Ilahin nas. Min syarril waswasil khanas. Al lazi yuwaswisu fi sudurin nas.*

*Ayat kursi : allahu laa illa huwal hayull qayyum. Laa ta'khudzuhuu sinatuw wa laa nauum. Lahuu maa fissamaawaati wa maa fil ardhi. Man dzal ladzii yasfau indahuu illaa bi idznihi. Ya'lamu maa baina aidiihim wa maa khalfahum. Wa laa yuhituhuuna bi syai-in min*

*'ilmihii illaa bi maasyaa wasi'a kursiyyhussamaawaati wal ardha. Wa laa ya udhuuu hifzuhumaa wahuwal 'aliyyul azhiim. Dhikir*

*Tahlil : la illaha illallah 33x*

Andharan kasebat dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 03*

“ziarah kui tujuane kanggo ndongaake wong sik wis seda lan nyuwunake pangapura supaya diampuni kabeh dosa lan kesalahane.”  
(CLW 03)

Adhedhasar saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih ziarah menika minangka sowan dhateng pasareyan paring pandonga dhateng tiyang ingkang seda. Donga ingkang dipunwaos nalika ziarah inggih menika maos surat al fatihah al iklas, Al falaq, An-nas, ayat kursi, dhikir saha tahlil, sabibaripun maos donga kangem dongaaken saha nyuwunaken pangapunten, sarta kangge mengeti arwah leluhur ingkang sampun seda, pangajabipun tiyang ingkang sampun seda saged tinampi amal saenipun dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun satemah saged pinaringan papan ingkang sekeca, saged lepas paranipun jembar kuburipun, dipuntebihaken saking siksa kubur, dipuncedhakaken dhateng nikmat kubur lan saged tinampi suwarganipun Gusti Allah.

### 1) Mbesem menyan

Sabibaripun anggenipun tahlil saha ngintun donga nalika ziarah dhateng pasareyan sampun paripurn dipunlajengaken mbesem menyan. Wonten ing ngandhap menika gambaripun Pak Zabidi ingkang mbesem menyan wonten ing pasareyan / makam.



**Gambar 27. Mbesem Menyan**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Sasampunipun tahlil saha ndedonga wonten makam, bapak Zabidi lajeng mbesem menyan. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 04

“*Bismillahirahmannirahim.* Niat ingsun nyabar ganda arum, jagat paring berkat, bumi paring rejeki, lintang rembulan kang madhangi jagad pulung atiku. Nyuwun kawilujengan kanthi sarana slametan menika simbah mangun dipunparing jembar kubure, dipuntebihaken saking siksa neraka. menyan kui gunane sakjane udu kanggo ngundang jin, nanging supaya kukuse bisa kanggo ngusir kewan sing nganggu kayata lemot. Kukuse ganda menyan kui kanggo nglantarake donga supaya tekan marang ngarsane Gusti Allah”. (CLW 04)

Saged dipunpendhet dudutan bilih menyan inggih menika menawi dipunbesem kukusipun saged ngasilaken ganda ingkang arum, ingkang ancasipun kangge ngusir kewan-kewan kados lemut. Maknanipun saking menyan inggih menika nyuwun kawilujengan dhateng Gusti ingkang Maha Kuwaos, mugi-mugi kanthi kukusipun menyan menika sedaya donga saged dugi wonten ngarsanipun Gusti ingkang Maha Kuwaos.

## 2) Nyebar sekar telon



**Gambar 28. sekar telon, godhong dhadhap**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- |                  |             |
|------------------|-------------|
| 1 : mawar abrit  | 4 : kanthil |
| 2 : mawar pethak | 5 : kenanga |
| 3 : ron dadhap   | 6 : mlati   |

Sekar telon inggih menika sekar ingkang dipunginaaken kange  
nyekar wonten ing makam utawi pasareyan. Sekar telon menika wonten  
mawar abrit mawar pethak, kanthil, kenanga, mlati. Andharan kasebat  
jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 03*

“kembang mlati, mawar, kanthil, kenanga, sekar setaman menika  
nduweni makna kang endah, arum gandhane minangka pralambang.  
Ingkang dipunkajengaken nyebar ganda arum inggih menika tiyang  
gesang wonten ing alam donya menika menawi tumindak saha  
ngendikan ing padintenan kedah ingkang sae dhateng sinten  
kemawon.” (CLW 03)

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil sekar telon ingkang  
dipunginakaken inggih menika sekar mawar pethak, mawar abrit, melathi,  
kenanga kaliyan kanthil. Sedaya sekar kala wau dipuntumbas wonten ing  
peken. Sekar telon menika minangka simbul nyebar ganda arum.

### c. Yasinan

Yasinan menika miturut Poerwadarminta ing salebetung Baoesastra Djawa (1939 : 669), yasin ateges bab kang kaping 37 ing kuran, sok diwacakake marang wong sing arep mati. Sabibaripun ziarah wonten makam lan sampun dugi titi wancinipun inggih menikaadicara Yasinan saha tahlil kangge ngintun donga ingkang tiyang seda. Ing ngandhap menika gambar para warga ingkang yasinan.



**Gambar 29. Yasinan**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

#### 1) Maos Surat Yasin

Wonten nginggil gambar ingkang tiyang ingkang maos surat yasin. Yasinan ingkang dipunlaksanaaken 2 RT inggih menika RT 11 saha RT 12, Yasinan menika minangka ngintun dhonga, saha nyuwunaken pangapunten kangge tiyang ingkang sampun seda. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“ngintun donga dhateng tiyang ingkang seda (nyebataken namanipun ingkang dipunkirim donga), yasinan menika maos *surat yasin, tahlil, maos surat alfatihah, al iklas 3x, al falaq 3x, an nas 3x, al baqarah ayat 1-5, al baqarah ayat 163, ayat kursi, al baqarah 284-286, al hud 73, al ahzab 33, al ahyab 56, al anfal 40, istighfar, tahlil 100x, shalawat nabi 3x, tahmid 33x*, waosan donga tahlil, ingkang maknanipun saking yasinan inggih menika, kagem paring doa dhateng tiyang ingkang sampun seda, mugi-mugi kanthi lantaran yasinan menika sedaya amal saenipun saged tinampi, dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun saengga saged pinaringan papan ingkang sekeca, saged lepas paranipun jembar kuburipun, dipuntebihaken saking siksa kubur, dipuncedhakaken dhateng nikmat kubur lan saged tinampi suwarganipun Gusti Allah”. (CLW 01)

*Maos Surat Yasin.*

*Tahlil*

*Surat Al-Fatihah : Bismillahir rahmaanir rahiim. Alhamdu lillaahi rabbil 'aalamiin. Arrahmaanir rahiim. Maaliki yaumiddiin. Iyyaaka na'buduwa iyyaaka nastaa'iin. Ihdinash shiraathal mustaqiim. Shiraathal ladziina an'amta 'alaihim. Ghairil maghdhuubi 'alaihim waladhu dhaalliin. 3x*

*Al ikhlas : Qul huwallahu ahad. Allahhus samad. Lam yalid wa lam yulad. Wa lam yakul lahu kufuhan ahad. 3x*

*Al-falaq : qul auzu bi rabbil falaq. Min syarri ma khalaq. Wa min syarri gasiqin iza waqab. Wa min syarrin naffasati fil uqad. Wa min syarri hasidin iza hasad.*

*An-nas : qul a uzu bi rabbin nas. Malikin nas. Ilahin nas. Min syarril waswasil khanas. Al lazi yuwawisuu fi sudurin nas.*

*Al- Baqarah 1-5 : bismillaahir rahmaanir rahiim. Alif laammiim. Dzalilal kitaabu laa raiba fiihi hudal lil muttaqqiin. Alladziina yuu'minuuna bilhaibi wayuqiimuunash shalaata wa mimmaa razqnaahum yunfiqun. Wal ladziina yu'minuuna bimaa unzila ilaika wamaa unzila min qablik. Wa bil aakhiratuhum yuuqiniun. Ulaaika 'alaahud mirrabbihim. Wa ulaaika humul muflihuun.*

*Al Baqarah ayat 163 : wa ilaahukum ilaahuwwahid laa ilaaha illaa huwarrahmaanur rahiim*

*Al- Baqarah 225: allaahu laa illaa haillaa huwal hayy. Laa ta'khudzuhuu sinatuw wa laa nauum. Lahuu maa fissamaawaati wa maa fil ardhi. Man dzal ladzii yasfaa indahuu illaa bi idznihi. Ya'lamu maa baina aidihiim wa maa khalfahum. Wa laa yuhituhuuna bi syai-*

*in min ‘ilmihii illaa bi maasyaa wasi’ a kursiyyhussamaawaati wal ardh. Wa laa ya udhuhuu hifzuhumaa wahuwal ‘aliyyul azhiim.*

*Al Baqarah ayat 284-285 : birahmatika yaa arhamarraahimiin. Irhamnaa yaa arhamarrahimiin 7x.*

*Al Hud 73 : irhamnaa yaa arhamar raahimiin x7. Rahmatullaahi wabarakaatuh. Alaikuum aahlal baiti innahuu hamiidum majiid.*

*Al-Ahzab 33 : innamaa yuriidullaahu liyudzhiba ‘ankumurrijsa ahlal baiti wa yuthahhirakuum tathhiiraan.*

*alloohumma ishrrif ‘annas suu-a bimaa syi’ta wa kaifa syi’ta. Innaka ‘alaa maa tasyaa un qodiirun.*

*Al-Ahzab 56: innallaaha wamalaaiatahuu yushalluuna ‘alannabiyyi, yaa ayyuhal ladziina aamanuu shalluu ‘alaihi wasallimu tasliimaan.*

*Al-Anfal 40 : wa laa haula wa laa quwwata illa billaahil ‘alayyil ‘adhiim.*

*Shalawat nabi : Allaahumma shalli ‘alaa habiibika sayyidinaa muhammadin wa ‘alaa aalihii wa shabihii wasallim. 3x ajma’iin.*

*Tahlil : la illaha illallah 100x*

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratenanipun *informan 02*

“Yasinan kui maca surat yasin, sawise rampung maca yasin dilanjutke tahlil. Tujuane maca yasin kui supaya sik seda diapura kabeh lepate, diparingi syafaat, diparingi penak kubure, lan muga-muga pikantuk swargane Gusti Allah”. (CLW 02)

Saged dipunpendhet dudutan yasinan inggih menika maos surat yasin saha tahlil ingkang ancasipun kangge ngintun donga saha nyuwunaken pangapunten dhateng tiyang ingkang sampun seda, supados dipunapunten sedaya lepatipun, dipuntampi amal saenipun, dipuntebihaken saking siksa kubur, dipunparing papan ingkang sekeca, dipunlebetaken wonten swarganipun Gusti ingkang Maha Kuwaos.

## 1) Kendhuri

Kendhuri utawi kendhuren inggih menikaadicara dhahar sesarengan, sabibaripun sajen daharan dipundongani dipudahar sesarengan, minangka tradhisi ingkang sampun turun-temurun dumugi samenika. Kendhuren ancasipun minangka raos sukur sampun dipunparingi nikmat saha kagem nyuwun kawilujengan.



**Gambar 30. Kendhuri**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Menawi yasinan sampun rampung dipunlajengaken kendhuri. Sajen ingkang sampun dipuntata dipunwedalaken lajeng dipunpapanaken wonten ing tengah-tengahing tiyang ingkang sami lengkah lajeng dipundongani dening mbah kaum.

“Uparampe sesajen dipunwedalaken ing tengah-tengahing tiyang ingkang rawuh sabibaripun yasinan saha maos kalimah toyibah lajeng sajen kendhuri dipundongani dening kaum dipunlajengaken kepungan. Lajeng sedaya sajen kalawau dipunperang dipunwadahi godong jati ingkang naminipun berkat, lajeng berkat menika dipundumaken minangka sodakohan”. (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 03

“kendhuri kuwi, sakwise ubarampe wis dicepakake lan wis wayahe tekan biasane bar luhur, bar asar warga kumpu lan acara diwiwiti maca surat yasin, tahlil, nek wis rampung sesaji mau diselehke sakngarepe wong padha lungguh banjur didongani, sawise maca donga lan pinuwunan rampung diteruske kepungan, kepungan kui mangan bareng-bareng.” (CLW 03 )

Saged dipunpendhet dudutan bilih kendhuri inggih menika maos tahlil saha kalimah toyibah, lajeng sedaya sajen menika dipuncawisaken wonten tengah-tengahing tiyang ingkang lenggah, dipundongani dening mbah kaum, sabibaripun sajen dipundongani dipunlajengaken kepungan, kepungan inggih menika dhahar sareng-sareng.

#### **(a) Berkat**



**Gambar 31. Brekat**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Berkat inggih menika sedaya sajen daharan ingkang dipunulet campuran saking sekul ambeng, sekul wuduk, ingkung, apem, pisang, wajik, peyek, ingkang dipuncampur mawarni-warni lawuhipun. Sekul ambeng

dipunwastani berkat ingkang dipunpincuk ginaaken godhong jati. Sabibaripun yasinan kaiyan kendhuri, sajen dipundongani lajeng dipundumaken kangge sedaya tiyang ingkang rawuh. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“ya sajen kalawau dipunperang dipunwadahi godong jati ingkang naminipun berkat, lajeng berkat menika dipundumaken minangka sodakohan”. (CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan* 02

“berkat kui sego sak lawuhe sik bar diujubke banjur diddum. Berkat kui barokae bek mberkae sik ndongaake kui mau sawabe bekemberkah, ngirim donga istilahe pemalese minangka tanda tresna wis ndongaake”. (CLW 02)

Saged dipunpendhet dudutan bilih berkat inggih menika sedaya sajen daharan, ingkang dipunulet campuran saking sekul ambeng, sekul wuduk, ingkung, apem, pisang, wajik, peyek, krupuk. Sabibaripun sajen dipundongani lajeng dipunwadahi godhong jati lajeng dipundahar sareng-sareng saha dipundumaken sedaya tiyang ingkang rawuh, minangka sodakohan. Berkat menika maknanipun pikantuk berkah saking Gusti Allah sedaya sajen ingkang dipundongani menika paring berkah.

### **(b) Sodakohan**

Sodakoh menika kalebet wonten ing tradhisi slametan ingkang dipunbagekaken dhateng tiyang ingkang rawuh wonten ing yasinan minangka wujud raos sukur dhateng Gusti Allah Ingkang Maha Kuwaos awit sampun dipunparangi kacekapan rejeki lajeng saged nindhakaken tradhisi menika.

Sodakohan menika minangka raos syukur lajeng berbagi dhateng tiyang sanes.



**Gambar 32. Sodakohan**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Sodakoh menika wujudipun saged dhaharan saged ugi sembako, inggih menika sarimi, gendhis pasir, wos, teh. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“Sodakohan menika minangka raos syukur sampun pinaringan rejeki, lajeng awit dipunparangi rejeki kita ugi saged paring dhateng tiyang sanes”. (CLW 01)

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih sodakohan inggih menika maknanipun minangka raos syukur awit sampun dipunparangi rejeki ingkang cekap saking Gusti Allah lajeng saged *berbagi* dhateng tiyang sanes. Wujudipun sodakohan inggih menika sembako kadosta sarimi, gendhis pasir, wos, saha the, ananging bebas sagadiah saha saiklasipun ingkang kagungan damel.

## B. Makna Simbolik Sajen

Tiyang gesang menika gayut kaliyan kabudayan, satemah tiyang gesang dipunsebat makhluk budaya. Kabudayan piyambak kadadosan saking *gagasan, simbol-simbol*, saha *nilai-nilai* minangka asil saking tumindak tiyang gesang. Kabudayan tiyang gesang menika kathah gayutanipun kaliyan *simbolisme*. *Simbolisme* menika katingal sanget wonten ing upacara adat minangka warisan budaya. Wujud *simbolik* wonten ing masarakat tradhisional minangka sarana kangege damel caketing tiyang gesang kaliyan Gusti ingkang Maha Kuwaos.

Sajen menika gadhah makna-makna tartamtu kangege mujudaken pralambang-pralambang. Ancasipun sajen menika minangka sedhekah saha pakurmatan dhateng arwah leluhur. Sajen menika nggadhahi makna tartamtu wonten ing salebetung sajen ingkang dipunginakaken. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“sajen menika minangka ubarampe ingkang dipunginaaken kagem slametan. Sajenipun menika katah sanget lan saben sajenipun gadhah makana ingkang beda-beda.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening prathelanipun *informan* 03

“sajen menika kangege memberi tahu utawi ngawruhi ingkang ginane kanggo ngurmati uwong sik wis seda. Sajen miturut tradhisi Jawi kui dipunaturaken dhumateng arwah para leluwur minanka sarana pakurmatan lan nyuwunake pangapura dhateng Gusti Allah. (CLW 03)

Sajen menika minangka pratandha kangege sarana komunikasi dhateng arwah leluhur. Sajen menika maknanipun minangka sesembahan dhateng

arwah leluhur minangka sedekah. Sajen ingkang dipunginaaken menika kathah sanget lan gadah makna-makna tartamtu.

### **1. Sajen wonten peturon tiyang ingkang seda**

#### **a. Sedaya dhaharan ingkang dipunolah**

Sajen ingkang dipunginaaken wonten ing peturon inggih menika antawisipun peyek dele, pisang kolak sekul golong, gudheg, gebingan, peyek kacang, blenyekan, pindang antep, apem, jangan brongkos, thontho, rujak degan, sekar setaman, kinang, saha arta wajib. Sedaya sajen menika dipundamel dening para Ibu-ibu. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 05

“kabeh olahan ana sega ambeng sak lawuhe ana jangan tholo, pindang, gudheg, sega golong, peyek, thonto, gebingan, wajik, apem, tempe, kolak, krupuk, bakmi, rujak degan. Sakliyane pangan uga ana kembang sajen, kinang, arta wajib.” (CLW 05)

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih sajen inggih menika saged wujud dhaharan sedaya ingkang dipunoah, sajen menika minangka wujud syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos awit sedaya kaberkahan. Ancasipun sajen menika supados pikantuk berkah kawilujengan saha katentreman saking Gusti Ingkang Maha Agung. Paedahipun sajen menika minangka sedhekah saha kangge *komunikasi* kaliyan makluk kasat mata utawi arwah leluhur. Sedaya wujud sajen ingkang dipunginakaken menika gadhah ancas tartamtu ingkang dipunanggep wigatos wonten ing salebetung pagesangan.

### **b. Kinang, sekar, arta wajib**

Kinang menika salah satunggaling sajen ingkang kalebet wonten sajen peturon. Kinang menika wujudipun sedhah, gambir, injet, saha dipuntambahi udud. Kinang menika mujudaken simbul sesembahan kita dhateng para leluwur, supados dipunparangi berkah pangestunipun para leluwur. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 03

“kinang niku antarane suruh, gambir, injet. Nanging niku ditambahi arta wajib sisan. Karepe sedhekahe. Umpama ana sajen sing ora pepak utawa kurang, duwit kuwi mau kanggo njangkepi supaya sajene pepak. Kinang niku wujud anggenipun kita kudu ngaosi tradhisi para leluwur kita supados dipunkabulaken para leluwur disuwun berkahe. Dadi kinang kuwi lambang kanggo sesembahan dhateng leluwur.” (CLW 03)

Saking andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih kinang menika rerangken saking sedhah, gambir, injet. Kinang menika gadhah makna kanthi pangajab supados anggenipun nglampahi tradhisi slametan saged lumampah kanthi lancar boten wonten alangan satunggal menapa ugi dipunparigi berkah pangestunipun saking Gusti Allah Ingkang Maha Kuwaos.

Arta Wajib menika minangka salah satunggaling sajen ingkang dipunsukaaken wonten ing papan anggenipun sare (peturon) tiyang ingkang seda nalika taksih gesang. Arta wajib menika kange njangkepi sajen ingkang kirang. Ingkang dipunkajengkane inggih menika mbok bilih taksih wonten sajen ingkang kirang, arta wajib menika ndadosaken sajen menika jangkep. Adhedhasar kanthi iklas pinten kemawon arta wajib ingkang dipunginakaken.

### c. Rujak Degan

Rujak degan inggih menika salah setunggalin sajen ingkang dipunginaaken wonten ing tradhisi slametan patangpuluh dinten. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“Rujak degan menika raosipun manis seger. Maknanpun saking rujak degan menika seger sumringah ingkang manahipun sumeleh lega lila lan legawa. Kedah ngiklasaken tiyang ingkang pejah supados sekeca wonten kubur.”(CLW 01)

Saking andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih Rujak degan menika raosipun manis seger. Ingkang maknanpun saking rujak degan menika seger sumringah ingkang manahipun sumeleh lega lila lan legawa. Kita kedah ngiklasaken tiyang ingkang seda supados pikantuk papan ingkang sekeca wonten ing alam kubur.

## 2. Sajen Ziarah

Sajen ziarah inggih menika sajen ingkang dipunginaaken kangeziarah dhateng makam utawi pasareyan. Sajen ziarah menika wujudipun sanes daharan. Wujudipun menika arupi sekar telon, godhong dhadhap, saha menyan.

### a. Sekar Telon

Sekar telon inggih menika sekar ingkang dipunginaaken kangeziarah nyekar wonten ing makam utawi pasareyan. Sekar telon menika wujudipun

wonten mawar abrit mawar pethak, kanthil, kenanga, mlati. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 03

“kembang mlati, mawar, kanthil, kenanga, sekar setaman menika nduweni makna kang endah, arum gandhane minangka pralambang. Ingkang dipunkajengaken nyebar ganda arum inggih menika tiyang gesang wonten ing alam donya menika menawi tumindak saha ngendikan ing padintenan kedah ingkang sae dhateng sinten kemawon. Lan mugia tiyang ingkang seda anggenipun sowan tumuju dhateng Gusti lantaran gandha arum kembang”. (CLW 03)

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil sekar telon ingkang dipunginakaken inggih menika sekar mawar pethak, mawar abrit, melathi, kenanga kaliyan kanthil. Sekar telon menika minangka simbul nyebar ganda arum. Maknanipun supados arwah saged tumuju dhateng Gusti luamantar ganda arum menika.

### **b. Godhong Dhadhap**

Godhong dhadhap menika mlebet wonten sajen kangge nyekar wonten ing makam ingkang dipuncampur kaliyan toya saha arta. Godhong dhadhap menika dipunsiramaken wonten pasareyanipun tiyang ingkang seda. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“maknanipun godhong dhadhap menika tiyang ingkang seda supados anggenipun sowan dhateng Gusti tenang adem ayem, dosa-dosanipu dipunapunten, dipunparangi dalan ingkang gampil”. (CLW 01)

Saking andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih godhong dhadhap srep menika gadhah makna supados tiyang ingkang seda dipunapunten sedaya lepatipun, dipunparangi dalan ingkang gampil adem ayem tenang anggenipun sowan dhateng Gusti ingkang Maha Kuwaos.

### c. Menyan

Menyan asring dipunginaaken kangee ziarah wonten makam amargi menyan menika menawi dipunbesem kukusipun saged ngasilaken ganda ingkang arum. Kukusipun menyan ingkang kabesem ngambar-ambar gandanipun menika dados pralambang nyebar ganda arum wonten ing alam donya menika. Ingkang dipunkajengaken nyebar ganda arum menika tiyang gesang wonten ing alam donya menika menawi tumindak saha ngendikan ing sakiwa tengen masarakat kedah ingkang sae dhateng sinten kemawon.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 04

“.... Kukuse ganda menyan kui kanggo nglantarake donga supaya tekan marang ngarsane Gusti Allah.” (CLW 04)

Saking andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih menyan menika maknanipun kukusipun menyan menika kangee nglantaranen donga supados tumuju dhateng ngarsanipun Gusti ingkang Maha Kuwaos. Maknanipu menyan menika kangee nglantaranen donga supados dugi wonten ngarsanipun Gusti Allah.

### 3. Sajen Kendhuri

Sajen kendhuri inggih menika sajen ingkang dipunginaaken kangee kendhuri. Kendhuri minangka raos sukur sampun dipunparangi rejeki ingkang cekap. Sajen kendhuri gadah makna supados tnyang ingkang seda dipunparangi kawilujengan, katentreman anggenipun sowan dhateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

### a. Ingkung

Ingkung menika dados salah satunggaling sajen ingkang dipunangge wonten ing sajen kendhuri slametan patangpuluh dinten. Ingkung mralambaken tiyang ingkang pasrah wonten ing ngarsaning Gusti ingkang Maha Agung. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“....Ingkung ugi gadhah makna ingkang wujudipun inkung menika pasrah utawi nyembah minangka ketaatanipun dhateng Gusti allah Subhanahuataala.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“ingkung kuwi maknane nyembah njalok pangapura marang Gusti lan wujude ingkung kuwi manekung utawa nyembah minangka wujud pasrah lan njalok kuwi among marang Gusti” (CLW 04)

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih ingkung gadhah makna nggamaraken patrap ingkang pasrah dhateng Gusti ingkang Maha Kuwaos. Wujudipun ingkung menika dados pratandha bilih tiyang gesang wonten ing alam donya menika pasrah saha nyembah kedah remen nyuwun pangapura dhateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos

Sekul wuduk menika warninipun pethak, pethak menika gadhah teges suci. Dados tiyang menika kedah suci lan resik manahipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“seku suci ulam sari bumbu lembaran kagem sarana lan karana anggenipun tiyang ingkang gadhah damel slametan kala wau miangka wujud syukur dhumateng Gusti Allah Subhanahuataaa. Warni pethak menika mralambaken kesucian”. (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“sega wuduk kui disebut sega rasul. Sik maknane njaluk keslametan lan safaa kanjeng nabi Muhammad saw”. (CLW 04)

Saged dipunpendhet dudutan bilih sekul wuduk menika sekul suci, ingkang raosipun gurih, dipunsebat sekul rasul amargi asring dipunginaaken nalika rasulan ingkang maknanipun nyuwun permohonan kawilujengan, kesejahteraan, supados pikantuk syafaatipun saking kanjeng nabi Muhammad SAW.

### **b. Pisang Raja**

Miturut masarakat jawi menawi badhe nyiapaken sajen menika kedah ngatos-atos kedah milih ingkang sae amargi kangge nyenyuwun supados dipunkabulaken pangajabipun. Pisang ingkang dipunpilih menika pisang raja. Pisang raja menika maknanipun gadhah pangajab supados pikantuk kamulyan, migunani kados dene raja. Pisang ingkang dipunginaaken pisang raja setangkep, wujudipun ageng-ageng, alus lan sampun mateng, awit pisang raja menika raosipun eca saha arum gandanipun.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“pisang raja maknanipun gadhah pangarep-arep kamulyan kadaos dene raja. Pisang sanggan menika biasanipun dipunginaaken wonten ing mantenan. Menawi wonten ing slametan menika pisang ingkang dipunginaaken menika pisang raja santen rangkaianipun tumbasan peken. (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 04

“pisang sanggan kui pisang raja sing maknane maknane kui awaked minangka nyingga, nyingga kui pada karo ndonggake leluwur”. (CLW 04)

Pisang raja menika maknanipun supados pikantuk kamulyan kados dene raja. Pisang raja ugi gadhah makna bilih kita menika kedah nyingga utawi paring pandonga dhateng tiyang ingkang sampun seda.

### **c. Tukon Pasar**

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 01*

“boten namung pisang nanging wonten ugi tukon pasar buah-buahan, pala kapendhem, sekar saha kinang. Tukon pasar menika maknanipun haramapan supados diparingi kemakmuran pangan. Pisang sanggan menika dipunpapanaken wonten tambir.” (CLW 01)

Boten namung pisang raja kemawon nanging wonten ugi tukon pasar kados lempeng wajik, who-wohan saha sekar ingkang dipunwadahi wonten ing tambir. Tukon pasar inggih menika sedaya tukonan ingkang dipuntumbas wonten ing peken. Tukon pasar maknanipun sepados pikantuk kemakmuran, dipunparingi murah pangan. Tukon pasar menika mralambangaken kemirahan pangan.

### **d. Sekar Konyoh**

Sekar konyoh inggih menika salah satunggaling sajen ingkang dipunginakaken wonten kendhuri tradhisi slametan patangpuluhan dinten. Sekar konyoh menika sedaya sekar ingkang wonten ing patamanan, ingkang kagolong sekar setaman inggih menika sekar mawar, melathi, kanthil lan kenanga. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“sekar konyoh menika maknanipun paring pangarum-arum. Menggah panyuwunipun nyuwun seger arum kados sekar konyoh menika. Wujudipun sekar konyoh menika wonten mawar abrit, mawar pethak, kanthil, kenanga, saha pupur ingkang dipuncampur toya, mangkikh dipunginaaken kangge boreh. Nama sekar-sekar menika gadhah teges

bilih binawar (mawar), saking kedaling lathi (mlathi), bisa kumanthil-kanthil (kanthil), kumenang-kenang (kenanga) ing ati.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 03

“sekar konyoh kui wujude kembang mlati, mawar, kanthil, kenanga. sekar mawar menika ateges binawar utawi penawar. Sekar mlathi menika saking tembung lathi ingkang ateges sedaya ingkang dipunadharaken kedah dipunjagi. Sekar kanthil menika saking tembung kumanthil-manthil ateges ngraketaken pasederekan supados sedaya saged rukun. Sekar konyo menika gadah arahan arahipun supados anggenipun ngendhika kedhah ingkang ngatos-atos, dados menawi ngendika menika kedah ingkang sae.” (CLW 03)

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil sekar konyoh ingkang dipunginakaken inggih menika sekar mawar pethak, mawar abrit, melathi, kenanga kaliyan kanthil. Nama sekar-sekar menika gadhah teges bilih binawar (mawar), saking kedaling lathi (mlathi), bisa kumanthil-kanthil (kanthil), kumenang-kenang (kenanga) ing ati. Sedaya sekar kala wau dipuntumbas wonten ing peken. Sekar menika minangka simbul nyabar ganda arum. Inggih menika arahipun dhateng pangandikan saha tumindak ingkang sae dhateng sinten kemawon.

#### e. Sekul Ambeng

Sekul ambeng inggih menika salah satunggaling sajen ingkang dipunginakaken wonten ing kendhuri slametan. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“sekul ambeng menika menawi kula mujudaken menika kagem sarana anggenipun kentun donga dhateng sedaya aji luhuripun sae menika saking jaler saking estri ingkang ngrumat ingkang boten karumat ingkang dipunmakomaken wonten makom pundi ingkang sesuai

kaliyan kagungan damel dene pangajabipun sedaya aji luhur saged tinampi amal saenipun dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun saengga saged pinaringan papan ingkang sekeca, saged lepas paranipun jembar kuburipun, dipuntebihaken saking siksa kubur, dipuncedhakaken dhateng nikmat kubur lan saged tinampi suwarganipun Gusti Allah.” (CLW 01)

Saged dipunpendhet dudutan bilih sekul ambeng inggih menika sekul ingkang lawuhipun kathah. Maknanipun Sking sekul ambeng inggih menika sedaya aji luhur saged tinampi amal saenipun dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun satemah saged pinaringan papan ingkang sekeca, saged lepas paranipun jembar kuburipun, dipuntebihaken saking siksa kubur, dipuncedhakaken dhateng nikmat kubur lan saged tinampi suwarganipun Gusti ingkang Maha Kuwaos.

#### **f. Sekul liwet**

Sekul liwet menika sekul ingkang dipunmasak wonten intipipun, sambel gepeng, tigan, godhong turi, gereh pethek. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“....nyuwun wilujeng boten wonten alangan satunggal menapa salajengipun menawi wonten lepat anggenipun ngelampahi slametan mugi tansah pinaringan pangapunten lan pinaringan kabegjan kabagyan katentrema, mugi tansah pinaringan margining gesang, pinaringan rejeki ingkang halal ingkang cekap murakabi kagem kabetahan pagesangan sawontennipun saha tetek anggenipunnipun ngibadah siang saha dalunipunlan mugi tansah rineksa saking sedaya ingkang dipunjagi saking kiwa miyah tengen ugi ngajeng wingkingipun nuninggih magersari ingkang cumetha mapan ing kiblat sekawan sedaya hajad kala wau dipunparangi ridho saking ngarsa Gusti Allah.” (CLW 01)

Andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih sekul liwet menika maknanipun minangka raos syukur sampun dipunparangi riski, saha kange nyuwun keslametan supados dipunjagi saging kiblat papat, supados boten wonten alangan satunggal menapa ugi nyuwun pangaputen menawi wonten lepatipun anggenipun nglampahiadicara slametan, mugi-mugi dipunparangi kaberkahan saking Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

#### **g. Sekul Golong**

Sekul Golong inggih menika sekul ingkang dipunkepel-kepel supados dados bunder utawi golong, supados bunder ngginakaken kalih asta. Dipuntingali saking wujudipun sekul ingkang dipundamel golong menika nyawijining tekad. Kanthi tekat ingkang wetah kados dene golongipun sekul ndadosaken gegayuhanipun saged kaleksanan saha tebih ing sambekala. Wujudipun sekul golong kaliyan lawuhipun lajeng dipunwungkus godhong gedhang kados gambar ing ngandhap menika.

Sekul golong menika mralambangaken tekad ingkang wetah. Bilih dipuntingali saking wujudipun sekul ingkang dipundamel golong menika nyawijining tekad. Pindhang anteb, thokolan menika dados lawuhipun nalika nedha sekul golong. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“sekul golong menika magepokan kaliyan menapa hajadanipun. Sekul golong giling menika maknanipun tiyang ingkang sampun pejah saged golong giling sowan wonten ngarsa dalem allah sampun dugi titi wancinipun saha ingkang tinilar ugi tansah jejeg iman islamipun mugi

tansah kaparingan kabegjan kamulyan wadini walaakhirah. Sekul golong ugi mralambangaken tekad ingkang wetah anggenipun nggayuh panjangkanipun” (CLW 01).

Andharan kasebat dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan* 03

“nggih wujudipun sega golong, segane digawe bunder nika nggih tegese niku supaya duweni kemantepan mbak.” (CLW 03)

Saking andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih sekul golong menika mralambangaken tekad ingkang madhep mantep. Gadhah ancas supados anggenipun ngadani Upacara Tradisi slametan saged kaleksanan kanthi lancar lan menapa ingkang dipunpengini dening kulawarga saged dipungayuh. Bilih tiyang ingkang sampun seda menika saged golong giling lancar anggenipun sowan wonten ngarsa dalem Gusti Allah Ingkang Maha Kuwaos.

#### **h. Jenang**

Jenang ingkang dipunginaaken wonten werni tiga inggih menika jenag pethak, jenang abrit, saha jenang baro-baro. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“jenanang baro-baro, jenang abrit, jenang pethak niyatipun mengeti rumaketing wahyu dalem Gusti allah lumantar rama ibu....” (CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan* 02

“Jenang kui maknane nggamarake kedadeane manungsa kui saka rama ibu, putih iku saka rama lan abang kui saka ibu, dene jenang baro-baro kui nggamarake sedulur papat kang ngemong awak, kakang kawah adi ari-ari”. (CLW 02)

Saking andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih jenang menika gadhah makna simbolik asal usulipun kedaosan tiyang menika saking rama saha ibu, warni pethak nggamaraken saking rama, ingkang warni abrit saking ibu. Jenang baro-baro menika maknanipun manungsa menika gadah sedulur patat inggih menika kakang kawah adi ari-ari, darah saha puser. Ingkang dipunsebat sedulur papat inggh menika ingkang ngemong manungsa nalika tasih gesang.

### i. Apem

Apem inggih menika dipundamel saking tepung beras. Apem gadhah teges nyuwun ampunan. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“apem menika makna simbolikipun minangka sarana lan karana kagem nyuwun pangapunten dhumateng sinten ingkang dipunslameti kala wau sae saking jaler saking estri mugi tansah dipunapunten saking sedaya dosa lepatipun lan mugi malaikat mukar nakir tansah saged njangkungi menggah arwahipun ingkang dipunslameti kalawau tansah sekeca anggenipun sumare kubur.” (CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan* 04

“apem kuwi saka tembung ampun, dadi manungsa kudu akeh njalok pangapura marang gusti Allah supaya diapura kabaeh dosa-dosane.” (CLW 04)

Saged dipunpendhet dudutan bilih apem gadhah makna simbollik inggih menika kange nyuwun pangapunten utawi ampunan, supados tiyang ingkang sampun seda menika diapunten sedaya dosa saha lepatipun dening Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

### **j. Jadah Ketan**

Jadah utawi ketan menika sami kaliyan wajik ingkang kadamel saking beras ketan. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“ketan menika ra kelet utawi kraket tegesipun tiyang kedah langkung rumaket kaliyan gusti Allah.” (CLW 01)

Adhedasar andharan wonten ing ninggil ketan menika gadhah makna simbolik kita minangka ciptaanipun Gusti Allah tiyang menika kedah langkung eling saha raket dhateng Gusti Allah supados kita tansanh dipunlindhungi.

### **k. Ketan salak (wajik)**

Ketan salak menika sami kaliyan wajik ingkang kadamel saking beras ketan ingkang dipun sukani gendhis jawi. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“ketan menika ra kelet utawi kraket tegesipun tiyang kedah langkung rumaket kaliyan gusti Allah.” (CLW 01)

Adhedasar andharan wonten ing ninggil manungsa menika kedah kados ketan kraket, ingkang gadhah makna simbolik kita minangka ciptaanipun Gusti Allah tiyang menika kedah langkung eling saha rumaket dhateng Gusti Allah supados kita tansanh dipunlindhungi.

### **l. Pisang Sale (Kolak)**

Pisang sale dipundamel saking pisang ingkang wetah. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“kolak ketan apem menika maknanipun tiyang ingkang sampun seda nyawiji dhateng gusti allah, supados pikantuk kawilujengan boteng dados klambrangan kita kedah ndongaaken”. (CLW 01)

Andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih pisang sale menika dipundamel saking pisang ingkang wetah dipunsukani santen saha gendis jawi supados raosipun manis. Pisang sale menika gadhah makna simbolik inggih menika kita kedah mendekatkan diri dhateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos bilih kita kedah ndongaaken tiyang ingkang sampun seda supados pikantuk papan ingkang sekeca.

Ketan, kolak, apem menika gadah makna nggamaraken tiyang ingkang sampun seda menika kempal dados setunggal kaliyan Gusti. Supados wilujeng lan sampurna, supados tiyang ingkang seda arwahipun nyawiji dhateng Gusti Allah supados boten nglambarang.

### **C. Paedah Tradhisi Slametan patangpuluhan Dinten**

Upacara tradhisi slametan kasebat taksih dipuntindakaken dening masarakat ngantos dumugi samenika, amargi wontenipun paedah-paedah saking upacara tradhisi nggadhahi paedah-paedah inggih menika paedah religi, paedah sosial, saha paedah nglestantunaken budaya.

#### **1. Paedah Religi**

Paedah religiadicara upacara slametan menika ingkang ngginakaken donga-donga islam anggenipun gintun donga dhateng leluhur, wontenipun yasinan, tahlilan, ziarah dhateng kubur ingkang ancasipun kangge dongaaken

saha nyuwunaken pangapunten, sarta kange mengeti arwah leluhur ingkang sampun seda, pangajabipun tiyang ingkang sampun seda supados saged tinampi amal saenipun dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun satemah saged pinaringan papan ingkang sekeca, saged lepas paranipun jembar kuburipun, dipuntebihaken saking siksa kubur, dipuncedhakaken dhateng nikmat kubur lan saged tinampi suwarganipun Gusti Allah. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“bilih sakingadicara slametan menika paedah religinipun ingkang wonten gayutipun “kaiyan agami inggih menika maos surat yasin, maos kalimah toyibah, tahlil, ziarah wonten makam menika ugi maos ayat-ayat suci Al-Qur'an, saha anggenipun ngabulaken pasraha sajen nalika kendhuri kepungan ugi maos donga, sedaya ngedonga menika ancasipun supados dipunparingi kawilujengan rahmat, berkah saking Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Saha kagem nyuwunaken pangapunten dhumateng sinten ingkang seda mugi saged tinampi sedaya amalsaenipun,mugi dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun, lan mugi wonten kubur tansah pinaringan papan ingkang sekeca.” (CLW 01)

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*

“paedahe bisa nyedhake manungsa marang Gusti Allah, kanthi maos ayat al Qur'an kui bisa gawe tentreming ati lan oleh ganjaran saka Gusti Allah.” (CLW 02).

Paedahipun religiadicara migunaaken donga agami islam maos yasin, tahlil. Paedahipun dhateng tiyang ingkang gesang wontenipun religi menika kange nyuwun kawilujengan, berkah, saged damel manah kita dados adem, ayem, tentrem saha saged damel manah kita rumaket dhateng Gusti Allah, saha ndadosaken kita minangka tiyang ingkang taat dhatang Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

## 2. Paedah Sarana Shodaqoh

Sodakoh menika kalebet wonten ing tradhisi slametan ingkang dipunbagekaken dhateng tiyang ingkang rawuh wonten ing yasinan minangka wujud raos sukur dhateng Gusti Allah Ingkang Maha Kuwaos awit sampun dipunparangi kacekapan rejeki lajeng saged nindhakaken tradhisi menika.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratanipun *informan* 01

Sodakohan menika minangka raos syukur sampun pinaringan rejeki, lajeng awit dipunparangi rejeki kita ugi saged paring dhateng tiyang sanes". (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dhumateng andharan *informan* 02

bisa nganake slametan kui minangka diparingi rejeki sik luwih saka Gusti Allah banjur ngundang tangga teparo kanggo ndongaake sik seda, maringi sodakohan minangka rasa sukur rejekini cukup lan bisa menehi wong liya, yen awakedwe berbagi Gusti Allah yo bakal nambahi rejeki sik akeh. (CLW 02)

Saking andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih paedah sarana shodaqoh inggih menika maknanipun minangka raos syukur awit sampun dipunparangi rejeki ingkang cekap saking Gusti Allah lajeng saged *berbagi* dhateng tiyang sanes. Sabibaripun kendhuri saderengipun tiyang sami wangslipun dipunparangi berkat saha sodakohan dening tiyang ingkang ngawontenaken slametan. Menawi kita ikhlas anggenipun berbagi dhateng tiyang sanes Gusti Allah bakal ugi nambahi rejeki ingkang langkung kathah.

## 3. Paedah Sosial

Tradhisi Slametan Patangpuluhan Dinten menika dipunsengkuyung dening masarakat Mangunan, mliginipun RT 12. Wontenipun tradhisi

slametan ndadosaken pasedherekan para warga langkung rumaket. Masarakat sesarengan anggenipun nyamaptakaken sedaya ubarampe kangge slametan. Kaluwarga saha tangga tepalih wonten ingkang masak kangge damel sesajen, saperangan malih wonten ingkang nyamaptakaken pirantos ingkang badhe dipunginaaken kanggeadicara kendhuri, saha saperangan sanesipun wonten ingkang madahi senek saha daharan kanggeadicara yasinan saha kendhuri.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“bilih tradhisi slametan menika ndadosaken rumaketing tangga teparo para warga sami kempal amargi sami sareng-sareng anggenipun ndongaaken tiyang ingkang seda kalawau, saha ndadosaken rumaketing paseduluran saged kajiwakasarira.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dhumateng andharan *informan* 03

“Paedah sosialipun menika saged ndamel rumaket dhateng sedherek tangga teparo, sami ngayahi sesarengan supados celak anggenipun paseduluran. Temtunipun sesarengan anggenipun nyengkuyung ewuh slametan menika dadosake paseduluran ingkang sae, sae dhateng leluwur saha dhateng sedherek tangga teparo nggih istilahipun saged ndamel pasederekan ingkang harmonis.” (CLW 03)

Kantri wontenipun upacara tradhisi slametan patangpuluhdinten sedanipun tiyang menika damel pasederekan ingkang guyup rukun langkung rumaket kaliyan tangga teparo, sanak sedherek sami gotong royong kempal sesaraengan ngayahi damel menika mbetahaken *kerjasama* ingkang dadosaken rumaketing pasedherekan wonten ing pagesangan dhateng masarakat.

#### **4. Paedah Nglestantunaken Budaya**

Paedah saking tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten inggih menika minangka sarana kangge nglestantunaken budaya wonten ing salebetung upacara menika. Tradhisi slametan patangpuluh dinten menika minangka tradhisi ingkang sampun dipunwarisaken turun-temurun. Supados boten ical kita kedhah nglestantunake tradhisi. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“kangge nglestantunaken budaya utawi tinggalanipun para nenek moyang kita, bilih slametan kala wau wujud salahsatunggaling bekti tiyang ingkang taksih gesang dhateng tiyang ingkang sampun seda, saha wontenipun sajen menika minangka ubarampe kangge njangkepi tradhisi slametan.

...menawi wonten dhusun menika taksih ngginaaken maneka warnining sajen amargi masarakat tasih pitados kaliyan tradhisi jaman rumiyin, amargi sajen gadhah pralambang kagem pados kaslametan.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 02

“bisa kanggo nguri-uri budaya, budaya kui karebe bek lestari ing masarakat. Yen neng mangunan kene masarakat iseh nggunaake maneka warnine sajen merga masarakate iseh podo percaya karo tradhisi jaman biyen warisan mbah buyut sik kudu dilestareake, maneka warnine sajen kui nduwensi lambang gegambaran ing masarakat.” (CLW 02)

Kantri upacara slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang menika ngemot acara ingkang wonten gayutipun kaliyan nglestantunaken kabudayan inggih menika kangge nguri-urui kabudayan Jawi supados boten ical wonten ing perkembangan *zaman* samenkia ingkang sampun *modern*. Wonten ing Mangunan menika masarakat tasih pidatos kaliyan tradhisi ingkang wonten

gayutipun kaliyan budaya, kangge nglestantunaken kabudayan tasih migunaaken manekawarnining sajen, ingkang saged damel pangrembakanning kabudayan supados masarakat tansah emut marang kabudayan tradhisional ingkang sampun dipunwarisaken para leluhur. Masarat pitados bilih sajen wonten ing salebeting upacara tradhisi menika gadhah makna ugi saged paring piwulang kangge saranan pagesangan kangge tuntunan.

## **BAB V** **PANUTUP**

### **A. Dudutan**

Panaliten upacara tradhisi slametan patangpuluhan dinten sedanipun tiyang wonten ing Dusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul menika ngandharaken lampahing upacara Tradhisi Slametan Patangpuluhan Dinten, makna simbolik ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing upacara Slametan Patangpuluhan Dinten saha paedah upacara Slametan Patangpuluhan Dinten.

Kangge ngandharaken ancasing panaliten menika, panaliti migunakaken panaliten *kualitatif*. Anggenipun ngempalaken data kanthi *pengamatan berperanserta, wawancara mendalam* saha *dokmentasi*. Anggenipun nglampahi *pengamatan berperanserta* kanthi cara panaliti ndherek langsung wonten lampahing upacara tradhisi slametan patangpuluhan dinten wonten ing lapangan. Cara menika ugi nggampilaken anggenipun *wawancara mendalam* kaliyan para informan. Pirantinipun panaliten inggih menika Buku kangge nyatet saha nyerat pengamatan inggih menapa kemawon ingkang gayut kaliyan panaliten. *Kamera Foto*, ingkang ginanipun kangge mundhut gambar. *Voice recorder* kangge ngrekam suwanten anggenipun wawancara kaliyan para informan supados menapa ingkang dipunandharaken narasumber gampil anggenipun nyerat. *Laptop* ingkang ginanipun kangge ngolah data sasampunipun nglampahi panaliten.

Caranipun Nganalisis Data ngginaaken Teknik analisis ingkang dipunginakaken inggih menika teknik analisis data induktif. Analisis data menika kange ngandharaken saking tradhisi slametan patangpuluhan dinten sedanipun tiyang inggih menika prosesi lampahing tradhisi slametan, makna simbolik saking ubarampe saha paedahipun slametan. Caranipun ngesahaken data menika nginaaken *triangulasi*. *Triangulasi* ingkang dipunangge wonten panaliten menika inggih *triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*. *Triangulasi sumber* inggih menika ngempalaken data panaliten saking kathah *narasumber*, data saking wawancara setunggalan narasumber saha satunggalipun dipuntandhingaken kaleresanipun. *Triangulasi metode* inggih menika ngecek data satunggal saha satunggalipun. Wondene kanthi njumbuhaken asiling *observasi berperanserta* saha *wawancara* kaliyan *narasumber*.

Lampahing upacara slametan patangpuluhan dinten menika lumampah ing dinten Jumu wah Wage surya kaping 6 Oktober 2017 wonten RT 12 dalemipun bapak Sumarjo, inggih menika slametan patangpuluhan dinten sedanipun simbah Almarmum Mangun Ikromo. Prosesi upacara slametan menika wonten pasrah sesjen wonten peturon tiyang ingkang seda, ziarah dhateng pasareyan, yasinan saha kendhuri.

Makna simbolik sajen ingkang dipunginakaken wonten ing upacara tradhisi slametan inggih menika. (a) Sajen Peturon, 1) Sedaya daharan ingkang dipun olah dipunsukaaken kange sesajen. Sedaya daharan menika

ingkang maknanipun minangka sesembahan dhateng leluwur. 2) Rujak degan maknanpun seger sumringah ingkang manahipun sumeleh lega lila lan legawa. 3) Sekar setaman gadhah makna simbolik nyabar ganda arum. Ingkang paring tuntunan saha arahan dhateng pangandikan saha tumindak ingkang sae dhateng sinten kemawon. 4) Kinang maknanipun supados dipunparangi berkah pangestunipun para leluwur. Arta wajib menika kange njangkepi sajen ingkang kirang. Ingkang dipunkajengaken sajen ingkang kirang inggih menika mbok bilih wonten sajen ingkang kirang, arta wajib menika ndadosaken sajen menika jangkep. (b) Sajen Ziarah inggih menika wonten 1) Sekar telon simbul nyabar ganda arum. Maknanipun Ingkang paring arahan dhateng pangandikan saha tumindak ingkang sae dhateng sinten kemawon. 2) Godhong Godhong dhadhap srep menika gadhah makna supados tiyang ingkang seda adem ayem tentre tenang anggenipun sowan dhateng Gusti ingkang Maha Kuwaos. 3) Menyan maknanipun kukusipun menyan menika kange nglantaraken donga supados tumuju dhateng ngarsanipun Gusti ingkang Maha Kuwaos. (c) Sajen kendhuri, 1) Ingkung maknanipun mralambangaken tiyang ingkang pasrah wonten ing ngarsaning Gusti ingkang Maha Agung. 2) Sekul ambeng maknanipun sedaya aji luhur saged tinampi amal saenipun dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun saengga saged pinaringan papan ingkang sekeca. 3) Sekul liwet maknanipun minangka raos syukur sampun dipunparangi riski mugi-mugi dipunparangi kaberkahan saking Gusti Ingkang Maha Kuwaos. 4) Sekul golong mralambangaken tekad ingkang wetah. Dipuntingali saking wujudipun sekul ingkang dipundamel

golong menika nyawijining tekad. 5) Pisang Raja maknanipun gadhah pangajab supados pikantuk kamulyan kados dene raja. 6) Tukon pasar maknanipun sepados pikantuk kemakmuran, dipunparingi mirah pangan. 7) Sekar Konyoh maknanipun inggih menika paring arahipun dhateng pangandikan saha tumindak ingkang sae dhateng sinten kemawon. 8) Jenang simbolik nggamaraken kedosan manungsa menika saking rama ibu, warni pethak saking rama warni abrit saking ibu. 9) Apem maknanipun nyuwun ampunan, dados tiyang kedah remen nyuwun pangapunten kiliansinten emawon saha gusti Allah supados diapunten sedaya dosa saha lepatipun. 10) Jadah menika gadah makna rumaket, kados dene wujudipun ketan menika ingkang kraket. Kita kedah rumaket dhateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos. 11) Ketan kolak (wajik) maknanipun sami kaliyan jadah inggih menika kedah rumaket dhateng Gusti ingkang Maha Kuwaos, 12) Kolak pisang Pisang sale menika gadhah makna simbolik kita kedah mendekatkan diri dhateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos bilih kita kedah ndongaaken tiyang ingkang sampun seda supados pikantuk papan ingkang sekeca. Ketan, kolak, apem menika gadah makna nggamaraken tiyang ingkang sampun seda menika kempal dados setunggal nyawiji kaliyan Gusti.

Adhedasar saking andharan ing nginggil, Wujudipun sedaya sajen menika gadhah makna wonten pagesangan inggih menika kangge sarana nyuwun kawilujengan, kaberkahan, kemakmuran, saha minangka raos syukur. Kados ingkang kita mangertosi bilih upacara tradhisi slametan patangpuluhan

dinten minangka adat kebiasaan ingkang dipunwarisaken kanti cara turun temurun minangka warisan leluhur ingkang taksih dipunlestantunaken dening masarakat kangge ngurmati leluhur.

Slametan menika gadhah paedah religiadicara migunaaken donga agami islam maos yasin, tahlil. Paedahipun dhateng tiyang ingkang gesang wontenipun religi menika kangge nyuwun kawilujengan, berkah, saged damel manah kita dados adem, ayem, tentrem saha saged damel manah kita rumaket dhateng Gusti Allah, saha ndadosaken kita minangka tiyang ingkang taat dhatang Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

Paedah sarana shodaqoh inggih menika maknanipun minangka raos syukur awit sampun dipunparangi rejeki ingkang cekap saking Gusti Allah lajeng saged *berbagi* dhateng tiyang sanes. Sabibaripun kendhuri saderengipun tiyang sami wangsul dipunparangi berkat saha sodakohan dening tiyang ingkang ngawontenaken slametan. Menawi kita ikhlas anggenipun berbagi dhateng tiyang sanes Gusti Allah bakal ugi nambahi rejeki ingkang langkung kathah.

Paedah sosial kanthi wontenipun upacara tradhisi slametan patangpuluhdinten sedanipun tiyang menika damel pasederekan ingkang guyup rukun langkung rumaket kaliyan tangga teparo.

Paedah kangge nglestantunaken budaya Kanthi upacara slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang menika kangge nguri-urui kabudayan

Jawi supados boten ical wonten ing perkembangan *zaman* samanika ingkang sampun *modern*. Kangge nglestantunaken kabudayan tasih migunaaken manekawarnining sajen, ingkang saged damel pangrembakaning kabudayan supados masarakat tansah emut marang kabudayan tradhisional ingkang sampun dipunwarisaken para leluhur. Masarat pitados bilih sajen wonten ing salebeting upacara tradhisi menika gadhah makna ugi saged paring piwulang kangge saranan pagesangan kangge tuntunan.

### **B. Implikasi**

Asiling Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken lampahing upacara tradhisi, makna simbolik ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing upacara tradhisi slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang saha paedah upacara tradhisi slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang tumrap warga masyarakat. Upacara tradhisi slametan menika tasih dipunlampahi amargi masarakat tasih pitados bilih gadah paedah kangge masarakat inggih menika saged kangge sarana nglestantunaken kabudayan, supados pinaringan berkah kawilujengan, saha damel rumaket pasederekan wonten ing masarakat.

### **C. Pamrayogi**

Upacara tradhisi slametan kematian menika taksih dipunlestantunaken wonten ing dhusun Mangunan ingkang gayut kaliyan tradhisi taksih asring dipunlaksanaaken dening masarat panyengkuyungipun, amargi dhusun menika taksih gadhah kapitatosan bab-bab kajawen ingkang gayut kaliyan

kapitadosan, saha taksih nginaaken maneka warninipun sesajen. Ananging para mudha sampun boten mangertos bab ingkang gayut kaliyan tradhisi jawi kados dene slametan kematian, kangge njagi saha nglestantunaken tradhisi slametan satemah para mudha kedah ndherek nglestantunaken tradhisi supados boten ical wonten ing perkembang jaman.

## KAPUSTAKAN

- Alfan, Muhammad. 2013. *Filsafat Kebudayaan*. Bandung. Pustaka Setia.
- Danandjaja, James. 1994. *Folklore Indonesia*. Jakarta. Graffiti.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta. Gajah Mada University Press.
- Herusatoto. 2003. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Hanindita Graha Widia. Yogyakarta
- Koentjaraningrat. 1974. *Beberapa Pokok Antropologi Sosial*. Jakarta. Dian Rakyat.
- \_\_\_\_\_. 1994. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. PT. Yogyakarta. Gramedia.
- Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. PT. Jakarta. Bumi Aksara.
- Minanda, Monica Valent. 2013. *Upacara Bancakan wonten ing TIRENGGO Bantul. Skripsi SI*. Yogyakarta. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Moleong, Lexy J. 2013. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung. Pemaja Rosdakarya.
- Mustopo, dkk. 1984. *Upacara Tradisional (Upacara Kematian)*. Jakarta. Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Proyek Inventarisasi dan Dokumentasi Kebudayaan Daerah Jakarta.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. J. B Wolters Uitgevers Maatschappij. Batavia.
- Purwadi. 2005. *Upacara Tradisional Jawa (Menggali Untaian Kearifan Lokal)*. Yogyakarta. Pustaka Pelajar.
- \_\_\_\_\_. 2012. *Folklore Jawa*. Yogyakarta. Pura Pustaka.
- Soepanto, dkk. 1992. *Upacara Tradisional Sekaten Daerah Istimewa Yogyakarta*. Yogyakarta : Depdikbud.
- Soerjono Soekanto. 1987. *Sosiologi suatu pengantar*. CV. Rajawali. Jakarta.
- Suharti, dkk. 2006. *Apresiasi Budaya*. Yogyakarta: Departemen Pendidikan Nasional Universitas Negeri Yogyakarta Fakultas Bahasa dan Seni.
- Sumadi, I Wayan Suca. 2013. *Tradisi Nyongkol dan Eksistensinya di Pulau Lombok*. Yogyakarta. Ombak.
- Sutrisno, Budiono Hadi. 2009. *Islam Kejawen*. Yogyakarta. Eule Book.

Tim Penyusun. 2016. *Panduan Tugas Akhir*. Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. Yogyakarta.

Tim Penyusun. 2017. *Suplemen Pedoman Tugas Akhir*. Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

# LAMPIRAN


## Catatan Lapanagan Observasi (CLO 01)

Dinten / Surya : Selasa / 3 Oktober 2017

Tabuh : 14.00 Wib


Papan : Kalurahan Mangunan

Bab : Deskripsi Papan Panaliten



Gambar 1. Peta Desa Mangunan  
Sumber: dokumentasi Anik

Papan panaliten upacara tradhisi slametan patangpuluhan dinten sedanipun tiyang menika lumampah wonten ing Dhusun Mangunan. Ing ngandhap menika denah papan upacara tradhisi slametan.



**Gambar 2. Denah papan upacara slametan**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Papan ingkang dipunginaaken kangge Slametan patangpuluhan dinten inggih menika RT 12 dalemipun bapak Sumarjo. Dhusun Mangunan saged dipuntingali saking maneka warni aspek. Supados saged mangertosi kahanan paraga upacaara tradhisi saking cacahipun penduduk, pedamelan, kapitadosan,

kahanan sosial budaya masarakat saged dipuntingali saking andharan wonten ngandhap menika.

e. *Data Kependudukan*

**Tabel 1: Jumlah penduduk dhusun Mangunan**

No	Yuswa	Jumlah
1.	Balita	58 tiyang
2.	Anak-anak	158 tiyang
3.	Dewasa	97 tiyang
4.	Orang tua	439 tiyang
5.	Lansia	78 tiyang
Jumlah		830 tiyang

**Sumber: data pedukuhan Mangunan tahun 2017**

f. *Data Pedamelan*

**Tabel 2: Pedamelan warga dhusun Mangunan**

No	Pedamelan	Jumlah
1.	Tani	180 tiyang
2.	PNS	48 tiyang
3.	Buruh	95 tiyang
4.	Pedagang	12 tiyang
5.	Pengusaha Ageng	6 tiyang
7.	Dokter / bidan	2 tiyang
8.	Pengrajin kayu	10 tiyang

9.	Boten nyambut damel	263 tiyang
<b>Jumlah</b>		<b>606 tiyang</b>

**Sumber: data pedukuhan Mangunan tahun 2017**

g. *Data Tataran Pendidikan*

**Tabel 3: Tingkat Pendidikan masarakat dhusun Mangunan**

No	Pendidikan	Jumlah
1.	Dereng sekolah	58 tiyang
2.	TK	45 tiyang
3.	SD	267 tiyang
4.	SMP	99 tiyang
5.	SMA	153 tiyang
6.	D3	9 tiyang
7.	S1	28 tiyang
8.	S2	2 tiyang
<b>Jumlah</b>		<b>660 tiyang</b>

**Sumber: data pedukuhan Mangunan tahun 2017**

h. *Data Sistem Religi*

**Table 4: Agami masarakat dhusun Mangunan**

No.	Agami	Jumlah
1.	Islam	828 tiyang
2.	Kristen	2 tiyang
<b>Jumlah</b>		<b>830 tiyang</b>

**Sumber: data pedukuhan Mangunan tahun 2017**

Catatan Refleksi:

1. Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluhdinten Sedanipun Tiyang dipunwontenaken wonten, RT 12 Dalemipun bapak Sumarjo, Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul.
2. Peta penduduk desa Mangunan.
3. Peta adicara prosesi slametan patang puluh dinten.
4. Table penduduk warga dhusun Mangunan, wonten 830 jiwa kadadosan saking balita, lare-lare, dewasa, tiyang sepuh, saha lansia.
5. table padamelan warga dhusun Mangunan, pedamelan masarakat Dhusun Mangunan menika kadosta tani, buruh, pedagan, pengusaha, PNS, dokter, wiraswasta, pengrajin kayu.
6. Table pendidikan warga dhusun Mangunan, tingkat SD, SMP, SMA, (D3), (S1), (S2) wonten 1 tiyang.
7. Table Agami warga dhusun Mangunan, warga mangunan menika sedaya ngrasuk agami Islam, kajawi wonten 2 tiyang ingkang ngrasuk agami Kristen.

## **Catatan Lapanagan Observasi (CLO 02)**

Dinten / Surya : Jumuah / 5 Oktober 2017

Tabuh : 19.30 Wib

Papan : dalemipun Bapak Sumarjo

Bab : Cawisaken Sodakohan

### **Deskripsi**

Dinten kemis surya kaping 5 Oktober 2017 para kaluwaraga saha tangga teparo kempal wonten dalemipun bapak Sumarjo rewang saha damel sodakohan.



**Gambar 32. Sodakohan**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Para tangga tepalih sami rewang madahi sodakohan ingkang badhe dipunparingkaen dahteng tiyang ingkang ndherek yasinan saha tahlil.

Catatan Refleksi:

1. Sedherek lan tanggateparo sami rewang madahi sodakohan.
2. Masak damel sajen.

### **Catatan Lapanagan Observasi (CLO 03)**

Dinten / Surya : Jumuah/ 6 Oktober 2017

Tabuh : 06.00 Wib

Papan : Dalemipun Bapak Sumarjo

Bab : Masak saha cawisaken sesjen

#### **Deskripsi**

Dinten Jemuah Wage surya kaping 6 Oktober 2017 sabibaripun sedaya oalahan sampun mateng lajeng sajen dipun tata rapi lajeng menawi sampun dipuncawisaken dipunpasrahaken minangka sesembahan dhateng arwah leluwur utawi wujud seserahan dhateng tiyang ingkang dipunslameti.



**Gambar 3. Sajen kaliyan Lawuhipun**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Ibu Wasi nyawisaken saha nata sajen ingkang badhe dipunginaaken wonten sajen peturon. Sejen menika ingkang wujudipun daharan inggih menika sedaya ingkang dipun olah wonten sekul golong, peyek dele, kolak

sekul golong, gudheg, krecek, dele, gebingan, peyek kacang, blenyakan, pindang antep, apem, jangan thontho, wajik, krupuk.



**Gambar 4. Sekar, Kinang, Arta Wajib**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- |            |           |
|------------|-----------|
| 1 : arta   | 5 : udud  |
| 2 : sekar  | 6: sedhah |
| 3 : mbako  |           |
| 4 : gambir |           |

Ibu Wasi nyawisaken kinang sakomplitipun. kinang menika rerangken saking sedhah, gambir, injet. Arta wajib menika kangge njangkepi sajen ingkang kirang. Ingkang dipunkajengaken sajen ingkang kirang. Ingkang dipunkajengkane inggih menika mbok bilih taksih wonten sajen ingkang kirang, arta wajib menika ndadosaken sajen menika jangkep. Adhedhasar kanthi iklas pinten kemawon arta wajib ingkang dipunginakaken. Arta wajib menika ugi minangka kancing donga.

### Rujak Degan



**Gambar 5. Rujak Degan, Teh**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- 1 : gendhis jawi
- 2: rujak degan
- 3 : teh legi
- 4: teh pait

Ibu Wasi ingkang damel rujak degan. Rujak degan inggih menika salah setunggaling sajen ingkang dipunginaaken wonten ing tradhisi slametan patangpuluh dinten. Rujak degan menika raosipun manis seger. Rujak degan menika dipundamel saking klapa, dipusukani gendhis jawi. Boten namung rujak degan anganging ugi wonten unjukan teh pait, teh legi, saha the tubruk.

### Sekar telon



Gambar 6. Sekar Telon  
Sumber: dokumentasi Anik

Katrangan:

- 1 : mawar abrit
- 2 : mawar pethak
- 3 : mlati
- 4 : kanthil
- 5 : kenanga

### Godhong Dhadhap



Gambar 7. Godhong dhadhap Srep  
Sumber: dokumentasi Anik

Katrangan:


- 4 : toya
- 5 : godhong dhadhap
- 6 : arta wajib

### **Menyan**



**Gambar 8. Menyan**  
Sumber: dokumentasi Anik

### **Ingkung**



**Gambar 9. Ingkung**  
Sumber: dokumentasi Anik



**Gambar 10. Ingkung, Sekul Wuduk, Sambel, Lalapan**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- 1 : ingkung
- 2 : sekul wuduk
- 3 : lalapan (jengkol, kubis, mandhingan, thokolan)
- 4 : sambel kacang

Ibu Sugi damel ingkung. Ingkung inggih menika pitik jago sing wis diresiki diolah, dibumboni gurih banjur diungkep, Ingkung menika dipunmangsak gurih. Bumbu-bumbunipun bawang, brambang, laos, jahe, salam, sarem saha gendhis Jawi. Ingkung niku jodhone sekul wuduk, lalapane nganggo jengkol, kobis, mandhingan, thokolan, dhele ireng lan krecek. Diulet sambel pecel utawa sambel kacang.

**Dhele saha rambak krecek**

Gambar 11. Dhele lan Rambak  
Sumber: dokumentasi Anik

Katrangan:

1 : dhele cemeng

2 : rambak

**Pisang Raja**

Gambar 12. Pisang Raja  
Sumber: dokumentasi Anik

### Tukon Pasar




**Gambar 13. Tukon Pasar**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- 1 : lempeng
- 2 : woh-wohan
- 3 : pisang raja
- 4 : wajik
- 5 : sekar setaman

Ibu Supi menika nata sajen pisang raja saha jodhonipun wonten tukon pasar, who-wohan saha sekar setaman. Pisang raja santen inggih menika pisang raja ingkang dipunginaaken kangge sajen slametan Patangpuluh Dinten. Pisang raja setangkep, pisang raja ingkang ageng-ageng, alus lan sampun mateng, awit pisang raja menika raosipun eca saha arum gandanipun. Boten namung raja sanggan kemawon nanging ugi wonten tukon pasar kados lempeng wajik, who-wohan saha sekar ingkang dipunwadahi wonten ing tambir. Tukon pasar inggih menika sedaya tukonan ingkang dipuntumbas wonten ing peken.

### Sekar Konyoh



Gambar 14. Sekar Konyoh  
Sumber: dokumentasi Anik

Katrangan:

1 : mawar

2 : pupur

3 : kenanga

4 : mlati

5 : kanthil

Ibu Supi nyawisaken sekar konyoh. Sekar konyoh inggih menika salah satunggaling sajen ingkang dipunginakaken wonten kendhuri tradhisi slametan patangpuluh dinten. Sekar konyoh menika sedaya sekar ingkang wonten ing patamanan, ingkang kagolong sekar setaman inggih menika sekar mawar, melathi, kanthil lan kenanga.

### Sekul Ambeng



**Gambar 15. Sekul Ambeng**  
**Sumber: dokumentasi Anik**



**Gambar 16. Sekul Ambeng**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

#### Katrangan:

- |                 |                             |
|-----------------|-----------------------------|
| 1 : peyek gereh | 6 : sambel goring tempe     |
| 2 : krupuk      | 7 : blenyeikan              |
| 3 : tokholan    | 8 : jangan brongkos (tholo) |
| 4 : gudheg      | 9 : thontho                 |
| 5 : gebingan    | 10 : tempe kencong          |

### Sekul liwet



**Gambar 17. Sekul Liwet**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

1 : gereh pethek

2 : srundeng

3 : ligan

4: godhong turi saha godhong pace

5 : intip

Ibu Rinto ndamel intip saha nyawisaken sekul liwet saha lawuhipun. Sekul liwet menika sekul ingkang dipunliwet wonten intipipun, sambel srundeng, tigan, godhong turi, gereh pethek. Cara anggenipun damel intip wos dipunolah ginaaken ketel lajeng dipundem menawi sampun adem lajeng dipunkeruk intipipun.

### Sekul Golong



**Gambar 18. Sekul Golong**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Sekul Golong inggih menika sekul ingkang kepel-kepel golong ngginakaken kalih asta supados wujudipun bunder, sekul golong lajeng dipunwungkus ginaaken godhong gedhang. Wujudipun sekul golong kaliyan lawuhipun kados gambar ing ngandhap menika.



**Gambar 19. Sekul Golong saha lawuh**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

### Katrangan:

- 1 : pindhang antep
- 2 : lalapan (brambang, godhong kelor)
- 3 : sekul golong
- 4 : thokolan

Ibu Sugi damel sekul golong. Ingkang awuhipun wonten Pindhang anteb, thokolan menika dados lawuhipun nalika nedha sekul golong. Bilih tiyang ingkang sampun seda menika saged golong giling soswan wonten ngarsa dalem Allah. Dipuntingali saking wujudipun sekul ingkang dipundamel golong menika nyawijining tekad.

### Jenang



**Gambar 20. Jenang Pethak, Jenang Abrit, Jenang Baro-Baro**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

### Katrangan:

- 1 : jenang pethak
- 2 : jenang abrit
- 3 : jenang baro-baro

Ibu suminah ingkang damel Jenang Putih menika kadamel saking glepung, santen, toya kaliyan sarem. Sedaya bahan dipunmasak sinambi dipunudhak. Jenang menika jenang putih saengga jenang menika mboten

dipuntambahi napa-napa malih. Jenang Abrit menika anggenipun damel bahanipun sami kaliyan damel jenang putih. Jenang putih ingkang tasih anget dipuntambahi gendhis Jawi sekedhik. Gendhis menika supados werninipun jenang dados abang. Jenang baro-baro inggih menika jenang abrit ingkang dipunsukani parutan klapa kaliyan gendhis Jawi sekedhik wonten ing nginggilipun.

### **Apem saha ketan**



**Gambar 21. Apem**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

1 : apem

2 : ketan

Ibu Suti ingkang damel apem. Apem inggih menika dipundamel saking tepung beras. Tepung beras menika dipunjladren dipuncampuri santen kaliyan tape saha gendhis jawi, lajeng dipuncithak ginaaken citakan kados wajan. Apem menika gadhah makana kangge nyuwun ampunan, dados tiyang kedah remen nyuwun pangapunten kalian gusti Allah supados diapunten sedaya dosa saha lepatipun.

**Jadah**

**Gambar 22. Jadah**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Ibu Tumilah damel jadah ingkang kadamel saking beras ketan dipunsukani parutan klapa saha dipunsukani sarem sekedhik. Menawi sampun dipunulet lajeng dipunsukaaken wadah lajeng jadah menika dipuniris.

**Ketan kolak (wajik)**

**Gambar 23. Ketan Kolak (wajik)**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Ibu Yatmi ingkang damel ketan koak (wajik). Anggenipun damel sami kaliyan jadah ananging beras ketan ingkang dipundang menika dipunkaru ginaaken santen saha gendhis jawi, supados warninipun dados coklat lan raosipun manis, lajeng dipun kepel-kepel bunder.

### **Pisang Sale**



**Gambar 24. Pisang Sale**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Ibu wasirah ingkang damel pisang sale. Pisang ingkang dipunginaken menika pisang kepok Anggenipun damel menika pisangipun taksih wetah lajeng dipunmasak dipuncampur kaliyan santen saha gendhis jawi supados raosipun legi.

## Peyek



**Gambar 25. Peyek**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Katrangan:

- 1 : peyek kacang
- 2 : peyek dhele
- 3 : peyek gereh

Peyek menika dados lawuhipun Sekul Ambeng. Kangge damel peyek bahanipun glepung, gandum, sarem, bawang saha toya. Peyek ingkang dipunginaaken wonten slametan menika wonten tiga inggih menika peyek kacang, peyek dhele, saha peyek gereh.

Catatan Refleksi:

1. Maneka warni jinis-jinisipun sajen.
2. Para ibu-ibu ingkang rewang sami damel maneka warni daharan kangge sajen.
3. Sajenipun ingkang arupa daharan wonten ingkung, sekul gurih, sekul liwet, sekul golong, jenang, apem, ketan salak (wajik), jadah, pisang sale, saha peyek.
4. Nata sesajen ingkang badhe dipunginaaken. Sajen dipuntata kanti rapi.

### **Catatan Lapanagan Observasi (CLO 04)**

Dinten / Surya : Jumuah / 6 Oktober 2017

Tabuh : 09.00 Wib

Papan : dalemipun Bapak Sumarjo

Bab : Pasrahaken Sajen

#### **Deskripsi**

Ing ngandhap menika gambar Pak Zabidi minangka salahsatunggaling kulawarga ingkang kagungan damel ingkang nembe pasrahaken sesajen.



**Gambar 26. bapak Zabidi pasrahaken sajen**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Sajen sampun dipuncawisaken lan sampun dipunpakaken kanthi rapi. Sajen dipunpakaken wonten ing peturon papanipun tiyang ingkang seda. Sajenipun menika sedaya daharan ingkang dipun olah, rujak degan, sekar, kinang, arta wajib. Lajeng bapak Zabidi pasrahaken sajen minangka atur pakurmatan dhateng leluhur.

**Catatan Refleksi:**

1. Sajen ingkang dipuncawisaken dipunpapanaken wonten peturon.
2. Sajen sedaya daharan ingkang dipunolah, rujak degan, sekar, kinang, arta wajib.
3. Bapak Zabidi pasrahaken sajen wonten peturon tiyang ingkang seda.

## **Catatan Lapanagan Observasi (CLO 05)**

Dinten / Surya : Jumuah / 6 Oktober 2017

Tabuh : 13.00 Wib

Papan : Makam Suci Mangunan

Bab : Ziarah Kubur

### **Deskripsi**

#### **Ziarah wonten Pasareyan**

Dinten jumuah bakda luhur kaluwarga ziarah dhateng makam. Ing ngandhap menika gambar Pak Zabidi kaliyan kulawarga ziarah wonten pasareyan.




**Gambar 26. Ziarah  
Sumber: dokumentasi Anik**

Wonten ing salebetung tradhisi slametan menika wonten ziarah utawi nyekar wonten makam tiyang ingkang sedo. Ziarah sampun dados tradhisi ingkang dipuntindhakaken dening masarakat dumugi samenika. Tradhisi

ziarah ancasipun kangge ngintun donga dhumateng leluhur ingkang sampun seda supados sedaya dosa lan sepatipun dipunampuni Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Lumantar tradhisi ziarah masarakat ingkang nindhakaken saged paraing raos ayem tentrem manahipun, amargi tradhisi ziarah menika saged mbeta berkah dhumateng ingkang nindhakaken, saha saged ugi nyelakaken manah dhumateng Gusti ingkang maha kuwaos.

### **1) Mbesem menyan**

Ing ngandhap menika gambar Pak Zabidi mbesem menyan wonten ing pasareyan / makam



**Gambar 27. mbesem menyan**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Sasampunipun tahlil saha ndedonga wonten makam, bapak Zabidi lajeng mbesem menyan. Menyan menika minangka wkangge nyuwun kawilujengan.

## 2) Nyebar sekar telon



Gambar 28. Nyebar Sekar Telon, Godhong Dhadhap  
Sumber: dokumentasi Anik

Katrangan:

- |                  |             |
|------------------|-------------|
| 1 : mawar abrit  | 5 : kenanga |
| 2 : mawar pethak | 6 : mlati   |
| 3 : ron dadhap   |             |
| 4 : kanthil      |             |

Ibu wasi lajeng nyabaraken sekar telon. Sekar telon inggih menika sekar ingkang dipunginaaken kangege nyekar wonten ing makam utawi pasareyan. Sekar telon menika wonten mawar abrit pethak, kanthil, kenanga, mlati.

Catatan Refleksi:

1. Bapak zabidi kaliyan kaluwarga ziarah dhateng makam. Doangaaken tiyang ingkang seda.
2. Bapak Zabidi Mbesem menyan.
3. Ibu Wasi nyabaraken sekar telon, sekar menika wonten mawar abrit, pethak, kanthil, kenanga, mlati.

## **Catatan Lapanagan Observasi (CLO 06)**

Dinten / Surya : Jumuah / 6 Oktober 2017

Tabuh : 15.30 Wib

Papan : dalemipun Bapak Sumarjo

Bab : Yasinan saha Kendhuri

### **Deskripsi**

#### **Yasinan**

Sabibaripun ziarah wonten makam lan sampun dugi wancinipun inggih menikaadicara Yasinan kangge ngintun donga ingkang seda. Ing ngandhap menika gambar para warga ingkang yasinan.



**Gambar 29. yasinan**

**Sumber: dokumentasi Anik**

Yasinan saha kendhuri ingkang dipunlaksanaaken 2 RT inggih menika RT 11 saha RT 12, Yasinan menika minangka ngintun dhonga, saha nyuwunaken pangapunten tiyang ingkang seda.

## Kendhuri



**Gambar 30. Kendhuri**

**Sumber: dokumentasi Anik**

kendhuri inggih menika maos tahlil saha kalimah toyibah, lajeng sedaya sajen menika dipuncawisaken wonten tengah-tengahing tiyang ingkang lenggah, dipundongani dening mbah kaum, sabibaripun sajen dipundongani dipunlajengaken kepungan, kepungan inggih menika dhahar sareng-sareng.



**Gambar 31. Brekat**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Berkat inggih menika campuran saking sekul ambeng, sekul wuduk, ingkung, apem, pisang, wajik, peyek, ingkang dipuncampur mawarni-warni lawuhipun. Sekul ambeng inggih menika sekul ingkang lawuhipn kathah. Sekul ambeng dipunkepung nalika wilujengan. Sekul ambeng dipunwastani berkat ingkang dipunpincuk ginaaken godhong jati. Sabibaripun yasinan kaiyan kendhuri, sajen dipundongani lajeng dipundumaken kangge sedaya tiyang ingkang rawuh.



**Gambar 32. Sodakohan**  
**Sumber: dokumentasi Anik**

Sodakohan menika minangka raos syukur ingkang dipunparingaken dhateng tiyang ingkang ndherek yasinan saha kendhuri. Sodakoh menika wujudipun saged dhaharan saged ugi sembako, inggih menika sarimi, gendhis pasir, wos, teh. Sodakohan menika minangka raos syukur sampun pinaringan rejeki, lajeng awit dipunparingi rejeki kita ugi saged paring dhateng tiyang sanes.

Catatan Refleksi:

1. Para warga RT 11 saha RT 12 sami ngrawuhi dalemipun bapak Sumarjo, ndherek yasinan.

2. Sedaya sajen ingkang dipuntata dipunwedalaken lajeng dipundongani mbah kaum.
3. Para warga sami kendhuri ingkang dipunpimpin mbah kaum.
4. Sabibaripun sajen dipundongani adum berkat ingkang dipunwadahi godhong jati dipuncaosaken dhateng tiyang ingkang rawuh.
5. Sodakohan dipunparingaken dhateng sedaya tiyang ingkang rawuh.

### **Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 01)**

**Hari / Tanggal : Senin, 9 Oktober 2017**

**Jam : 19.20 WIB**

**Tempat : dalemipun bapak Sargito**

**Narasumber : Bapak Sargito (pak kaum)**

Anik : assalammualaikum, kula nuwun.

Pak Sargito : waalaikumsalam. Manga.

Anik : pak nyuwun pangapunten kula sowan mriki badhe nyuwunpirsa bab upacara tradhisi slametan patangpuluh dinten.

Pak Sargito : nggih mangga dhik.

Anik : slametan patangpuluh dinten menika menapa nggih pak?

Pak Sargito : upacara slametan patangpuluh dinten meniku pengetan kagem tiyang ingkang sampun pejah lan sampun dugi wayahipun patngpuluh dina menika ingkang kawastanan upacara slametan patangpuluh dina.

Anik : lajeng menapa ginanipun upacara patangpuluh dinten menika pak?

Pak Sargito : ingkang bagan ginanipun upacara slametan sae saking pitung dina, patangpulih dina, satus dina dumugi sewu dina intinipun kagem nyuwunaken pangapunten dhumateng sinten ingkang seda mugi saged tinampi sedaya amalsaenipun,mugi dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun, lan mugi wonten kubur tansah pinaringan papan ingkang sekeca.

- Anik : lajeng menawi sajen menika menapa pak? Lajeng sajenipun kathah sanget? Menapa kedah ngginaaken sedaya sajen menika pak?
- Pak Sargito : sajen menika minangka ubarampe ingkang dipunginaaken kagem slametan. Sajenipun menika katah sanget lan saben sajenipun gadhah makana ingkang beda-beda. Menawi wonten dhusun menika taksih ngginaaken maneka warnining sajen amargi masarakat tasih pitados kaliyan tradhisi jaman rumiyin, amargi sajen gadhah pralambang kagem pados kaslametan.
- Anik : pak rujak degan menika maknanipun menapa nggih?
- Pak Sargito : Rujak degan menika raosipun manis seger. Maknanpun saking rujak degan menika seger sumringah ingkang manahipun sumeleh lega lila lan legawa. Kedah ngiklasaken tiyang ingkang pejah supados sekeca wonten kubur.
- Anik : menawi pisang sanggan menika makna simboikipun menapa pak?
- Pak Sargito : pisang sanggan menika biasanipun dipunginaaken wonten ing mantenan. Menawi wontewn ing slametan menika pisang ingkang dipunginaaken menika pisang raja santen rangkaiannipun tumbasan peken boten namung pisang nanging wonten ugi buah-buahan, pala kapendhem, sekar saha kinang. Pisang sanggan menika dipunpapanaken wonten tambir.
- Anik : menawi ingkung menika makna simbolikipun menapa nggih pak?
- Pak Sargito : ingkung menika namanipun seku suci ulam sari bumbu lembaran kagem sarana lan karana anggenipun tiyang ingkang gadhah damel slametan kala wau miangka wujud syukur

dhumateng Gusti Allah Subhanahuataaa awit sedaya peparingannipun ingkang sampun lumampah kalawau dene mbokbilih wonten kekirangan mugi Gusti Allah paring pangapunten lan mugi tiyang ingkang gadhah slametan kaa wau dene pangajabipun mugi tansah adem ayem tentrem mugi pinaringan kabegjan donya akhiratipun. Ingkung ugi gadhah makna ingkang wujudipun inkung menika pasrah utawi nyembah minangka ketaatanipun dhateng Gusti allah Subhanahuataala.

Anik : menawi sekul ambeng menika makna simbolikipun menapa nggih pak?

Pak Sargito : sekul ambeng menika menawi kula mujudaken menika kagem sarana anggenipun kentun donga dhateng sedaya aji luhuripun sae menika saking jaler saking estri ingkang ngrumat ingkang boten karumat ingkang sarika dipunmakomaken wonten makom pundi ingkang sesuai kaliyan kagungan damel dene pangajabipun sedaya aji luhur saged tinampi amal saenipun dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun saengga saged pinaringan papan ingkang sekeca, saged lepas paranipun jembar kuburipun, dipuntebihaken saking siksa kubur, dipuncedhakaken dhateng nikmat kubur lan saged tinampi suwarganipun Gusti Allah.

Anik : menawi sekul liwet makna simbolikipun menapa pak?

Pak Sargito : sekul liwet menika maknanipun kagem sarana lan karana anggenipun netepi wajib mbangun kulawarga bale wisma mugi tansah kukuh bakuh adem ayem tata titi tentrem nyuwun wilujeng boten wonten alangan satunggal menapa salajengipun menawi wonten lepat anggenipun ngelampahi slametan mugi

tansah pinaringan pangapunten lan pinaringan kabegjan kabagyan katentreman.

Ugi kinantenan kulupan ingkang isinipun wonten tigan, pethek, sambel gepeng , godhong turi kagem saranan lan karana anggenipun nambut damel kintun kalawan dalu mugi tansah pinaringan margining gesang, pinaringan rejeki ingkang halal ingkang cekap murakabi kagem kabetahan pagesangan sawontennipun saha tetek anggenipunnipun ngibadah siang saha dalunipunlan mugi tansah rineksa saking sedaya ingkang dipunjagi saking kiwa miwah tengen ugi ngajeng wingkingipun nuninggih magersari ingkang cumetha mapan ing kiblat sekawan sedaya hajad kala wau dipunparingi ridho saking ngarsa Gusti Allah.

Anik : menawi sekul golong makana simbolikipun menapa pak?

Pak Sargito :sekul golong menika magepokan kaliyan menapa hajadanipun. Sekul golong giling menika maknanipun tiyang ingkang sampun pejah saged golong giling sowan wonten ngarsa dalem allah sampun dugi titi wancinipun saha ingkang tin ilar ugi tansah jejeg iman islamipun mugi tansah kaparingan kabegjan kamulyan wadini walaakhirah. Sekul golong ugi mralambangaken tekad ingkang wetah anggenipun nggayuh panjangkanipun.

Anik : pak menawi apem makna simbolikipun menapa?

Pak Sargito : apem menika makna simbolikipun minangka sarana lan karana kagem nyuwun pangapunten dhumateng sinten ingkang dipunslameti kala wau sae saking jaler saking estri mugi tansah dipunapunten saking sedaya dosa lepatipun lan mugi malaikat mukar nakir tansah saged njangkungi menggah arwahipun

ingkang dipunslameti kalawau tansah sekeda anggenipun sumare kubur.

Anik : ketan menika menapa nggih pak maknanipun?

Pak Sargito : ketan menika ra kelet utawi kraket tegesipun tiyang kedah langkung rumaket kaliyan gusti Allah

Anik : pak menawi kola menika maknanipun menapa?

Pak Sargito : Kola ketan apem menika maknanipun tiyang ingkang sampun seda nyawiji dhateng gusti allah, supados pikantuk kawilujengan boteng dados klambrangan kita kedah ndongaaken

Anik : pak wonten ing slametan menika ugi wonten jenangipun, jenang pethak, jenang abrit, saha jenang baro-baro. Jenang menika makananipun sami menapa beda-beda?

Pak Sargito : jenang baro-baro, jenang abrit, jenang pethak niyatipun mengeti rumaketing wahyu dalem Gusti allah lumantar rama ibu, saha memetri lan ambekteni sedaya saderekipun saking jaler saking estri sepuh anem ingkang tunggil pertapan sanes panggenan sipembarep siwuragil niyat dipunpepetri sedaya ing pangajab sagesta sami atut runtut guyup rukun sambedipun kekadangan wonten ing praja punika, tebihna saking godha rencana mahra bahaya. Mugi tansah pinaringan adem ayem, tata tentrem, teguh timbuhan rahayu slamet widada lan sapiturutipun, allahhumma amiiin.

Anik : lajeng menawi sekar konyoh menika makananipun menapa pak?

Pak Sargito : sekar konyoh menika maknanipun paring pangarum-arum. Menggah panyuwunipun nyuwun seger arum kados sekar

konyoh menika. Wujudipun sekar konyoh menika wonten mawar abrit, mawar pethak, kanthil, kenanga, saha pupur ingkang dipuncampur toya, mangkih dipunginaaken kangge boreh. Nama sekar-sekar menika gadhah teges bilih binawar (mawar), saking kedaling lathi (mlathi), bisa kumanthil-kanthil (kanthil), kumenang-kenang (kenanga) ing ati.

Anik : pak menawi godhong dhadhap menika maknanipun menapa nggih?

Pak Sargito : maknanipun godhong dhadhap menika tiyang ingkang seda supados anggenipun sowan dhateng Gusti tenang adem ayem.

Anik : pak menawi yasinan menika maknanipun menapa nggih?

Pak Sargito : ngintun donga dhateng tiyang ingkang seda (nyebataken namanipun ingkang dipunkirim donga), yasinan menika maos surat yasin, tahlil, maos *surat alfatihah*, *al iklas 3x*, *al falaq 3x*, *an nas 3x*, *al baqarah ayat 1-5*, *al baqarah ayat 163*, *ayat kursi*, *al baqarah 284-286*, *al hud 73*, *al ahzab 33*, *al ahyab 56*, *al anfal 40*, *istighfar*, *tahlil 100x*, *shalawat nabi 3x*, *tahmid 33x*, waosan donga tahlil, ingkang maknanipun saking yasinan inggih menika, kagem paring doa dhateng tiyang ingkang sampun seda, mugi-mugi kanthi lantaran yasinan menika sedaya amal saenipun saged tinampi, dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun saengga saged pinaringan papan ingkang sekeca, saged lepas paranipun jembar kuburipun, dipuntebihaken saking siksa kubur, dipuncedhakaken dhateng nikmat kubur lan saged tinampi suwarganipun Gusti Allah.

*Maos Surat Yasin.*

*Tahlil*

*Surat Al-Fatiyah : Bismillahir rahmaanir rahiim. Alhamdu lillaahi rabbil 'adamiin. Arrahmaanir rahiim. Maaliki yaumiddiin. Iyyaaka na'buduwa iyyaaka nastaa'iin. Ihdinash shiraathal mustaqiim. Shiraathal ladziina an'amta 'alaikim. Ghairil maghdhuubi 'alaikim waladh dhaalliin. 3x*

*Al ikhlas : Qul huwallahu ahad. Allahhus samad. Lam yalid wa lam yulad. Wa lam yakul lahu kufuhan ahad. 3x*

*Al-falaq : qul auzu bi rabbil falaq. Min syarri ma khalaq. Wa min syarri gasiqin iza waqab. Wa min syarrin naffasati fil uqad. Wa min syarri hasidin iza hasad.*

*An-nas : qul a uzu bi rabbin nas. Malikin nas. Ilahin nas. Min syarril waswasil khanas. Al lazi yuwawis fī sudurin nas.*

*Al- Baqarah 1-5 : bismillaahir rahmaanir rahiim. Alif laammiim. Dzalilal kitaabu laa raiba fihi hudal lil muttaqqiin. Alladziina yuu'minuuna bilhaibi wayuqiimuunash shalaata wa mimmaa razqnaahum yunfiqun. Wal ladziina yu'minuuna bimaa unzila ilaika wamaa unzila min qablik. Wa bil aakhiratuhum yuuqiniun. Ulaaika 'alaahud am mirrabbihim. Wa ulaaika humul muflihuun.*

*Al Baqarah ayat 163 : wa ilaahukum ilaahuwwahid laa ilaaha illaa huwarrahmaanur rahiim*

*Al- Baqarah 225: allaahu laa illaa haillaa huwal hayull qayyum. Laa ta'khudzuhuu sinatuw wa laa nauum. Lahuu maa fissamaawaati wa maa fil ardhi. Man dzal ladzii yasfaa indahuu illaa bi idznihi. Ya'lamu maa baina aidiikhim wa maa khalfahum. Wa laa yuhituhuuna bi syai-in min 'ilmihii illaa bi maasyaa wasi'a kursiyyhussamaawaati wal ardha. Wa laa ya udhuuhu hifzuhumaa wahuwal 'aliyyul azhiim.*

*Al Baqarah ayat 284-285 : birahmatika yaa arhamarraahimiin. Irhamnaa yaa arhamarraahimiin 7x.*

*Al Hud 73 : irhamnaa yaa arhamar raahimiin x7. Rahmatullaahi wabarakaatuh. Alaikum aahlal baiti innahu hamiidum majiid.*

*Al-Ahzab 33 : innamaa yuriidullaahu liyudzhiba 'ankumurrijsa ahlal baiti wa yuthahhirakuum tathhiiraan.*

*alloohumma ishrrif 'annas suu-a bimaa syi'ta wa kaifa syi'ta. Innaka 'alaah maa tasyaa un qodiirun.*

*Al-Ahzab 56: innallaaha wamalaaiatahuu yushalluuna 'alannabiyyi, yaa ayyuhal ladziina aamanuu shalluu 'alaihi wasallimuut tasliimaan.*

*Al-Anfal 40 : wa laa haula wa laa quwwata illa billaahil 'alayyil 'adhiim.*

*Shalawat nabi : Allaahumma shalli 'alaa habiibika sayyidinaa muhammadin wa 'alaa aalihi wa shabihii wasallim. 3x ajma'iin.*

*Tahlil : la illaha illallah 100x*

*Doa.*

Anik : pak lajeng menawi kendhuri menika prosesinipun kados pundi?

Pak Sargito : saderengipun kendhuri menika maos surat yasin utawi yasinan, maos kalimah toyibah, lajeng kendhuri. Uparampe sesajen dipunwedaaken ing tengah-tengahing tiyang ingkang rawuh sabibaripun yasinan saha kaimah toyibah lajeng sajen kendhuri dipundongani saha kepungan. Lajeng sedaya sajen kalawau dipunperang dipunwadahi godong jati ingkang naminipun berkat, lajeng berkat menika dipundumaken minangka sodakohan.

Anik : menawi sodakohan menapa nggih pak?

Pak Sargito : Sodakohan menika minangka raos syukur sampun pinaringan rejeki, lajeng awit dipunparangi rejeki kita ugi saged paring dhateng tiyang sanes.

Anik : menawi paedah religi saking upacara slametan menika menapa pak?

Pak Sargito : bilih sakingadicara slametan menika paedah religinipun ingkang wonten gayutipun kaiyan agami inggih menika maos surat yasin, maos kalimah toyibah, tahlil, ziarah wonten

makam menika ugi maos ayat-ayat suci Al-Qur'an, saha anggenipun ngabulaken pasraha sajen nalika kendhuri kepungan ugi maos donga, sedaya ngedonga menika ancasipun supados dipunparingi rahmat, berkah saking Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

Anik : pak slametan menika wonten paedahipun sarana sodakoh menika ingkang kados pundi?

Pak Sargito : Sodakohan menika minangka raos syukur sampun pinaringan rejeki, lajeng awit dipunparingi rejeki kita ugi saged paring dhateng tiyang sanes.

Anik : Pak menawi paedah sosial saking tradhisi slametan menika menapa nggih?

Pak Sargito : bilih tradhisi slametan menika ndadosaken rumaketing tangga teparo para warga sami kempal amargi sami sareng-sareng anggenipun ngongaaken tiyang ingkang seda kalawau, saha ndadosaken rumaketing paseduluransaged kajawa kasarira.

Anik : lajeng menawi paedah budayanipun menapa?

Pak Sargito : kangge nglestantunaken budaya utawi tinggalanipun para nenek moyang kita, bilih slametan kala wau wujud salahsatunggaling bekti tiyang ingkang taksih gesang dhateng tiyang ingkang sampun seda, saha wontenipun sesajen menika minangka ubarampe kangge njangkepi tradhisi slametan.

Anik : pak kadospundi pamanggihipun panjenengan ngenggingi tradhisi samenika?

Pak Sargito : miturut pamanggih kula masarakat Mangunan dumugi samenika tasih njunjung tradhisi dereng saged nilaraken ingkang wonten hubunganipun kaliyan kejawen. Masarakat

tasih pitados bilih nindakaken tradhisi menika saged paring kawilujengan saha pikantuk berkah saking Gusti Allah.

- Anik : pak wonten Mangunan menika wonten ingkang ngrasuk agami islam NU kaliyan Muhamadiyah, lajeng ingkang ngawontenaken tradhisi slametan menika menapa nggih sedaya, menapa naming NU kemawon?
- Pak Sargito : ingkang ngawontenaken menika sedaya, NU menapa dene Muhamadiyah, amargi kula menika ingkang dados kaum ugi asring dipunundang wonten Muhamadiyah. Masarakat solidaritasipun sae, beda aliran ananging sami nindakaken tradisi ancasipun nggih sami kangge paring pandonga dhateng tiyang ingkang seda supados pinaringan papan ingkang sekeca.
- Anik : lajeng menapa nggih sajenipun ingkang dipunginaaken sami pak?
- Pak Sargito : sami, adicaranipun nggih sami, setunggal griya mawon wonten ingkang kali aliran. Menawi kula ngujubaken sesajenan kendhur menika ugi sami.
- Anik : pak gandheng wekdalipun sampun dalu saha sampun cekap, kula badhe nyuwun pamit, nyuwun pangapunten nggih pak sampun ganggu wekdalipun panjenengan, kula ugi nyuwun pangapunten mbok bilih katah lepatipun. Maturnuwun nggih pak.
- Pak Sargito : njih sami-sami dek.
- Anik : assalammualaikum.
- Pak Sargito : waalaikumsalam.

**Catatan Refleksi :**

1. Upacara slametan patangpuluh dinten menika pengetan kagem tiyang ingkang sampun seda lan sampun dugi wayahipun kangge nylameti sadangunipun patangpuluh dinten.
2. Ancasipun slametan menika kagem nyuwunaken pangapunten dhumateng tiyang ingkang seda mugi saged tinampi sedaya amalsaenipun, mugi dipunapunten sedaya dosa lan lepatipun, lan mugi wonten kubur tansah pinaringan papan ingkang sekeca.
3. Prosesi tradhisi slametan patangpuluh dinten. Masrahaken sajen, ziarah kubur, yasian saha tahlil.
4. Makna Simbolik Sajen slametan patangpuluh dinten.
5. Paedah tradhisi slametan patangpuluh dinten menika wonten paedah spiritual, paedah sosial saha paedah nglestantunaken budaya.
6. Pamanggih masarakat Mangunan bilih warga dereng saged nilaraken tradhisi ingkang taksih wonten gayutipun kaliyan tradhisi jawa, inggih menika tasih ngginaaken maneka warni sesajen.

## **Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 02)**

**Hari / Tanggal : Selasa, 10 Oktober 2017**

**Jam : 16.30 WIB**

**Tempat : dalemipun simbah Sagimin**

**Narasumber : Simbah Sagimin (mbah kaum)**

Anik : kula nuwun.

Mbah Sagimin: mangga. Kene-kene ana apa nok?

Anik : badhe silaturahmi mbah, nyuwun pangapunten kula badhe nyuwu Pirsa bab upacara slametan tiyang ingkang seda.

Mbah Sagimin: ya nok, yen aku ngerti tak omongi. Bab apa sik arep tok takoke?

Anik : slametan patangpuluh dinten menika menapa nggih mbah?

Mbah Sagimin: slametan patangpuluh dina kui, wayahe sik sua sedo wes Tekan patangpuluh dina, kanggo mengeti karo ndongaake sik wis seda mau.

Anik : lajeng menapa nggih mbah ginanipun saha ancasipun slametan Patangpuluh dinten menika?

Mbah Sagimin: gunane kanggo mengeti uwong sik wes seda, kanggo ndongake Supaya sik seda diparingi pangapura, ditampa amal

saene, tansah tinebih saka siksa kubur, diparirngi papan sing sekeca ing alam kubur.

Anik : lajeng sajen menika ginanipun kangge menapa mbah? Lajeng sajenipun kok kathah sanget mbah menapa nggih kedah sedaya sajen menika?

Mbah Sagimin: sajen kui kanggo diujubke kanggo memetri leluwure sing wes seda. sajen menika kangge sesembahan Sultan Agung lan sak keturunane.

Anik : mbah menawi ingkang dipunginaaken kangge ingkung menika menapa kedah pitik jago jawa? Pawadanipun menapa?

Mbah Sagimin: kudu pitik jago jawa. Merga pitik jago kui minangka sesembahan supaya kabeh hajad kui bisa kasil. Nanging pitik jawa kui uga due watak kang kurang apik kang kudu didohi karo manungsa, wong jawa sing cok ngarani Malima, madon, madad, main, mabuk, maling. Mula pitik jago dibeleh supaya watak sik ora apik kui bisa ilang. Ingkung kui wujude sujud, minangka njalok pangapura marang gusti.

Anik : ingkung menika maknanipun menapa nggih mbah?

Mbah Sagimin: ingkung kui maknane kanggo muji sukur kanggo ngarsane gusti allah minangka raos sukur, karo nyuwun saafatae kanjeng nabi supaya diparingi saafat saka ngarsane nabi agung Muhammad SAW. piyantun sing wis pejah kui wis ora isa ngapa-ngapa kaya wujude ingkung sing kaku, mula dadi manungsa aja nganti sompong, angkuh amarga besuke yen wis pejah amung kaku. Lan sujud kui minangka njaluk pangapura.

Anik : lajeng menawi apem menapa mbah maknanipun?

Mbah Sagimin: apem kui maknane sarana kangge nyeyuwunake pangapura  
leluwure sing dipepetri, ana tuna lupute supaya diapura sedaya  
leplate.

Anik : lajeng sajen menika wonten ugi jenang nggih mbah, jenang  
menika maknanipun menapa?

Mbah Sagimin: jenang kui makna fadilahe kanggo memetri wahyu dalem  
gusti allah ingkang lumantar rama ibu.

Anik : lajeng wonten pisang sanggan. Menapa ingkang  
dipunginaaken kedah pisang raja mbah?

Mbah Sagimin: pisang sanggan kui kudu pisang raja, marga raja kui  
minangka pimpinan yen ngendika sekali kemecap tan kena  
wola-wali.

Anik : lajeng kedah pisang raja nggih mbah. Menawi sekul golong  
menika maknanipun menapa mbah?

Mbah Sagimin: sgal golong kui dikepel-kepel supaya bunder. Sega golong kui  
merga peparinge Gusti Allah men gumolong, marang sing due  
hajad men tinampi kali sing rubeda tinebih lir ing sambikala,  
kangge memetri nyambut gawe siyang ing dalu nambah lebak  
wukir wana daratan ngalap dahar sadinane lan mbok menawa  
ana turahane kanggo ngibadah uga ya sakkomplite ana  
kalepatane diapura karo Gusti Allah, yen ana benere diparingi  
ganjaran sak mestine saka ngarsane Gusti Allah karo le  
ngetooke shodakoh golong kemau.

Anik : lajeng wonten kinang, suruh menika maknanipun menapa  
mbah?

Mbah Sagimin: kui jenenge abon-abon, abon-abon kui ana suruh, menyan, gambir sak komplite kui mau, karo arta wajib yen ana kurange kon nggo tuku dewe.

Anik : mbah menawi berkat menika menapa? Lajeng maknanipun menapa?

Mbah Sagimin: berkat kui sego sak lawuhe sik bar diujubke banjur diddum. Berkat kui barokae bek mberkae sik ndongaake kui mau sawabe bekmberkahi, ngirim donga istilahe pemalese minangka tanda tresna wis ngongaake.

Anik : lajeng menawi kolak pisang menika menapa mbah tegesipun?

Mbah Sagimin: kolak pisang kui jenenge pisang sale. Kolak kui rasane legi, lha tiyang kudu iso ngendika sik sae-sae aja nganti ngendika sik ala utawa ora apik.

Anik : mbah menawi jenang menika maknanipun menapa nggih?

Mbah Sagimin: Jenang kui maknane ngambarake kedadeane manungsa kui saka rama ibu, putih iku saka rama lan abang kui saka ibu. baro-baro kui nggamarke sedulur papat kang ngemong awak, kakang kawah adi ari-ari

Anik : lajeng prosesinipun pasrahaken sajen wonten peturon tiyang ingkang seda menika maos menapa kemawon mbah?

Mbah Sagimin: pasrahake sajen ing peturon kui maca Alfathihah, tujuane ngaturake salam karo leuwure tumuju ing Gusti Allah. Yen cara aku sing wis tak lakoni biasane maca donga kubur “ hadi shodakoh illa arwahi sing dihajati.

Anik : lajeng sabibaripun pasrahaken sajen menika wonten ziarah nggih mbah? naika Ziarah menika maos menapa?

Mbah Sagimin: yarah makam kui awale tawasul para suhadak para sholikin para wali kui ditawasuli, terus bar kui sak keluwargane kabeh, maca alfathihah, al-ikhlas 3x, al-falak 3x, an-nas 3x, ayat kursi, tekan tumapake gawe maca dhikir, tahli sak rampunge, nek wis rampun maca donga ndonggake leluwure.

*Surat Al-Fatihah : Bismillahir rahmaanir rahiim. Alhamdu lillaahi rabbil 'aalamiin. Arrahmaanir rahiim. Maaliki yaumiddiin. Iyyaaka na'buduwa iyyaaka nasta'iin. Ihdinash shiraathal mustaqiim. Shiraathal ladziina an'amta 'alaihim. Ghairil maghdhuubi 'alaihim waladhu dhaalliiin. 3x*

*Al iklas : Qul huwallahu ahad. Allahhus samad. Lam yalid wa lam yulad. Wa lam yakul lahu kufuhan ahad. 3x*

*Al-falaq : qul auzu bi rabbil falaq. Min syarri ma khalaq. Wa min syarri gasiqin iza waqab. Wa min syarrin naffasati fil uqad. Wa min syarri hasidin iza hasad.*

*An-nas : qul a uzu bi rabbin nas. Malikin nas. Ilahin nas. Min syarril waswasil khanas. Al lazi yuwaswisu fi sudurin nas.*

*Ayat kursi : allahu laa illa huwal hayull qayyum. Laa ta'khudzuhuu sinatuw wa laa nauum. Lahuu maa fissamaawaati wa maa fil ardhi. Man dzal ladzii yasfaa indahuu illaa bi idznihi. Ya'lamu maa baina aidiithim wa maa khalfahum. Wa laa yuhituhuuna bi syai-in min 'ilmihii illaa bi maasyaa wasi'a kursiyyhussamaawaati wal ardha. Wa laa ya udhuhuu hifzuhumaa wahuwal 'aliyyul azhiim.*

### *Dhikir*

*Tahlil : la illaha illallah 33x*

Anik : menawi yasinan menika maos surat yasin nggih mbah, lajeng menapa maknanipun mbah?

Mbah Sagimin: Yasinan kui maca surat yasin, sawise rampung maca yasin dilanjutke tahlil. Tujuane maca yasin kui supaya sik seda diapura kabeh lepate, diparingi syafaat, diparingi penak kubure, lan muga-muga pikantuk swargane Gusti Allah.

Anik : lajeng paedahipun sosial kangge masarakat menapa nggih mbah saking tradhisi slametan patangpuluh dinten menika?

Mbah sagimin: paedah kanggo masarakat onone slametan kang bisa dadeake sing due gawe sak tanggane mau dadi raket, amarga podo disengkuyung bareng-bareng.

Anik : menawi paedah religi kangge masarakat menapa nggih mbah saking tradhisi slametan patangpuluh dinten menika?

Mbah Sagimin: paedah bisa nyedhake manungsa marang Gusti Allah, kanthi maos ayat al Qur'an kui bisa gawe tentreming ati lan oleh ganjaran saka Gusti Allah.

Anik : menawi paedah kangge nglestantunaken budaya menapa nggih mbah wontenipun slametan menika?

Mbah sagimin: bisa kanggo nguri-uri budaya, budaya kui karebe bek lestari ing masarakat. Yen neng mangunan kene masarakat iseh nggunaake maneka warnine sajen merga masarakate iseh podo percaya karo tradhisi jaman biyen warisan mbah buyut sik kudu dilestareake, maneka warnine sajen kui nduwensi lambang gegambaran ing masarakat.

Anik : mbah anggenipun slametan menika ugi dipunparangi sodakohan nggih menika maknanipun menapa?

Mbah Sagimin: bisa nganake slametan kui minangka diparingi rejeki sik luwih saka Gusti Allah banjur ngundang tangga teparo kanggo ndongaake sik seda, maringi sodakohan minangka rasa sukur rejekini cukup lan bisa menehi wong liya, yen awakedwe berbagi Gusti Allah yo bakal nambahi rejeki sik akeh.

Anik : mbah kadospundi pamanggihipun panjenengan ngenggingi tradhisi menika?

Mbah Sagimin: yen miturutku yo masarakat kene isih ngurmati tradisi, tekan saiki masarakat urung bisa ninggalkake tradhisi, masarakat isih podo percaya karo sajen sik digunaake nduwensi makna. Yo pancen sajen kui amung gegambaran nangiing nduwensi teges sik apik kang bisa ditiru.

Anik : tuladanipun menapa mbah menawi saged dipuntiru?

Mbah Sagimin: contone sik gampang wae apem, apem kui maknane njaluk ngapura ana tuna lput diparingi pangapura, wong yen salah yo kudu njaluk ngapura.

Anik : mbah menawi ingkang ngawontenaken slametan menika warga NU kemawon menapa ingkang Mhammadiyah ugi?]

Mbah Sagimin: kang nganaake tradhisi slametan yen ning kene kabeh warga yo NU yo Muhammadiyah tujuane kanggo paring donga marang wong sik wis seda supaya diampuni kabeh lepate, pinaringan papan sik sekeca wonten kubur.

Anik : nggih mbah gandheng wekdalipun sampun sonten, lan anggenipun wawancara kaliyan simbah sampun cekap kula bade wangsul, kula nyuwun agunging pangapunten sampun ganggu wekdalipun simbah. Maturnuwun sanget nggih mbah. Assalammualaikum.

Mbah sagimin: ya nak neng yo gur iki sik iso tak wangsuli. Waalaikumsalam.

Catatan Refleksi :

1. Slametan patangpuluh dinten menikasampun dugi wayahipun kangge mengeti saha ndongaake tiyang ingkang seda.
2. Ancasipun salmetan kangge mengeti tiyang ingkang sampun seda, kanggo ndongake supados tiyang ingkang seda diparingi pangapura,

dipuntampa amal saenipun, tansah tinebih saking siksa kubur, diparirngi papan sing sekeca ing alam kubur.

3. Prosesi tradhisi slametan patangpuluh dinten wonten masrahaken sajen, ziarah, yasinan saha kendhuri.
4. Donga ziarah. *Surat al-fatihah, Al ikhlas, Al-falaq, An-nas, Ayat kursi Dhikir, Tahlil.*
5. Makna Simbolik Sajen slametan patangpuluh dinten.
6. Paedah tradhisi slametan patangpuluh dinten wonten padah spiritual, paedah sosial, saha paedah nglestantuaken budaya.
7. Pamanggih masarakat bilih dereng saged nilaraken tradhisi jawi tasih ngginaaken sesajen anggenipun ngawonten aken tradhisi.

### **Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 03)**

**Hari / Tanggal : Selasa, 11 Oktober 2017**

**Jam : 09.45 WIB**

**Tempat : SMA N 1 Imogiri**

**Narasumber : Bapak Sarjana (Guru Bahasa Jawa)**

Anik : Sugeng siyang pak.

Pak Sarjana : Sugeng siyang

Anik : nyuwun sewu pak, badhe nyuwun wekdalipun sekedhap menapa Pareng nggih pak?

Pak Sarjana : nggih saged. Ana apa?

Anik : kula badhe wawancara kaliyan bapak bab tradhisi slametan Patangpuluhan dinten sedanipun tiyang pak, menapa bapak mangertos?

Pak Sarjana : yo, ngertos.

Anik : menapa nggih pak ingkang dipunwastani sametan Patangpuluhan dinten menika?

Pak Sarjana : slametan patangpuluhan dino kui slametan kanggo mengeti utawa paring pankurmatan kangge tiyang sing uwis seda.

Anik : lajeng kadospundi pak anggenipun ngetang dintenipun?

- Pak Sarjana : carane ya saka sedane dina apa tekan dina sing genep tekane patangpuluh dina.
- Anik : sajen menika kangge menapa pak?
- Pak Sarjana : sajen menika kangge memberi tahu utawi ngawruhi ingkang ginane kanggo ngurmati uwong sik wis seda. Sajen miturut tradhisi Jawi kui dipunaturaken dhumateng arwah para leluhur minanka sarana pakurmatan.
- Anik : pisang sanggan menika menapa pak tegesipun?
- Pak Sarjana : pisang sanggan yaiku salah satunggaling sajen ingkang kapapanaken wonten tambir minangka sangganipun. Pisang sanggan iku wujude kang digunaake pisang raja satunggal tangkep sekar telon, kinang, sedaya sajen iku mau dipapanake ing tambir kang dilemekaken ron pisang.
- Anik : menapa kedah pisang raja pak ingkang dipuginaaken kangge sajen menapa menawi ginaaken pisang sanes boten pareng?
- Pak Sarjana : boten pareng, amargi pisang raja kui minangka pisang kang dianggep pisang kang paling sae, endah rupane lan eca rasane.
- Anik : menawi kinang menika menapa pak?
- Pak Sarjana : kinang niku antarane suruh, gambir, injet. Nanging niku ditambahi arta wajib sisian. Karepe sedhekahe. Umpama ana sajen sing ora pepak utawa kura, duwit kuwi mau kanggo supaya sajene pepak.
- Anik : makna simbolikipun saking kinang menika menapa nggih pak?
- Pak Sarjana : Kinang niku wujudipun anggenipun kita kudu ngaosi tradhisi para leluwur kita supados dipunkabulaken para leluwur

disuwun berkahe. Dadi kinang kuwi lambang kanggo sesembahan dhateng leluwur.

Anik : sekar setaman menika menapa nggh pak?

Pak Sarjana : sekar konyo kui wujude kembang mlati, mawar, kanthil, kenanga. sekar mawar menika ateges binawar utawi penawar. Sekar mlathi menika saking tembung lathi ingkang ateges sedaya ingkang dipunadharaken kedah dipunjagi. Sekar kanthil menika saking tembung kumanthil-manthil ateges ngraketaken pasederekan supados sedaya saged rukun. Sekar setaman menika gadah arahan arahipun supados anggenipun ngendhika kedhah ingkang ngatos-atos, dados menawi ngendika menika kedah ingkang sae.

Anik : maknanipun saking sekar setaman menapa nggih pak?

Pak Sarjana : sekar setaman menika nduweni makna kang endah, arum gandhane minangka pralambang. Ingkang dipunkajengaken nyebar ganda arum inggih menika tiyang gesang wonten ing alam donya menika menawi tumindak saha ngendikan ing padintenan kedah ingkang sae dhateng sinten kemawon.

Anik : menawi ingkung maknanipun menapa nggih pak?

Pak Sarjana : ingkung manekung utawi nyembah pasrah dhateng gusti Allah. Ingkung kui kanggo ngurmati nabi Muhammad, rasul kui minangka pemimpin umat islam supados kangge ngongaake lan nyuwunaken ngapura dhumateng kalepatanipun sedaya umatipun.

Anik : sekul ambeng menika menapa nggih pak?

Pak sarjana : sekul ambeng yaiku sekul ingkang lawuhipn kathah. Sekul ambeng dipunkepung nalika wilujengan. Sabibaripun yasinan

lajeng kendhuri, sajen dipundongani lajeng dipundum sedaya tiyang ingkang rawuh.

Anik : pak menawi sekul golong menikasekul ingkang dipunkepel nggih pak, lajeng maknaniun menapa pak?

Pak Sarjana : nggih nika wujude sega golong, segane digawe bunder nika nggih tegese supaya duweni kemantepan mbak.

Anik : paedah sosialipun menapa pak saking tradhisi slametan menika?

Pak Sarjana : fungsi sosialipun menika saged ndamel rumaket dhateng sedherek tangga teparo, sami ngayahi sesarengan supados celak anggenipun paseduluran. Temtunipun sesarengan anggenipun nyengkuyung ewuh slametan menika dadosake paseduluran ingkang sae, dhateng leluwur saha dhateng sedherek tangga teparo ngggih istilahipun saged ndamel pasederekan ingkang harmonis.

Anik : lajeng fungsi pelestari tradisinipun menapa nggih pak?

Pak Sarjana : ya minangka funsi kanggo nglestareake budaya kangge ngawruhi minangka penghormatan dhateng tiyang sing wis seda. Slametan menika minangka cara nglestarekake kabudayan, wontene kendhurenan, pasang sesajen, ngirim neng makam nyekar kui miangka budaya jawa, banjur sinten malih nek mboten awake dhewe sik nglestareake.

Anik : maturnuwun sanget nggih pak sampun paring pangertosan bab slametan patangpuluh dinten sedanipun tiyang. Mbok menawi kula kathah lepatipun, saha sampun nggangu wekdalipun bapak, kulu nyuwun agunging pangapunten.

Pak Sarjana : ya padha-padha mbak.

**Catatan Refleksi :**

1. Slametan patang puluh dinten menika minangka pengetan saha pakurmatan dhateng tiyang ingkang sampun seda.
2. Sajen minangka pakurmatan kangge leluhur.
3. Prosesi tradhisi slametan patangpuluh dinten.
4. Makna Simbolik Sajen slametan patangpuluh dinten.
5. Paedah tradhisi slametan patangpuluh dinten.

### **Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 04)**

**Hari / Tanggal : Jum'at, 13 Oktober 2017**

**Jam : 18.35 WIB**

**Tempat : dalemipun bapak Zabidi**

**Narasumber : bapak Zabidi**

Anik : Sugeng sonten pak dhe.

Pak Zabidi : sugeng sonten.

Anik : sowan kula mriki badhe silaturahmi sahabadhe nyuwun pirsa bab sesajen ingkang dipunginaaken kangge slametan patangpuluhan dinten sedanipun tiyang.

Pak Zabidi : ya nok, slametan kui sajene akeh, ana kembang, ingkung gedhang raja, apem.

Anik : menawi slametan patangpuluhan dinten maknanipun menapa?

Pak Zabidi : slametan patangpuluhan dino kuwi minangka slametan kanggo mengeti sedane leluwur kanggo njaokake pangapura supaya diapura dosa-dosane nalika isih urip. Sakliyanne njalokake pangapura uga karo ngirim donga supaya oleh papan kang kepenak ing kubur.

Anik : nalika pasrahaken sajen menika maos menapa?

Pak Zabidi : illaqadati mustofa nabi Muhammad, maca alfatikah ping 3, maca kulhu (aliklas) ping 3, tahlil, ndongaake njaluk pangapura sik wis mati mau.

*Surat Al-Fatihah : Bismillahir rahmaanir rahiim. Alhamdu lillaahi rabbil 'aalamiin. Arrahmaanir rahiim. Maaliki yaumiddiin. Iyyaaka na'buduwa iyyaaka nasta'iin. Ihdinash shiraathal mustaqiim. Shiraathal ladziina an'amta 'alaihim. Ghairil maghdhuubi 'alaihim waladh dhaalliin. 3x*

*Al ikhlas : Qul huwallahu ahad. Allahhus samad. Lam yalid wa lam yulad. Wa lam yakul lahu kufuhan ahad. 3x*

*Tahlil: la illaha illallah 33x*

Anik : menawi kendhuri menika menapa pak dhe?

Pak Zabidi : kendhuri kuwi, sakwise ubarampe wis dicepakake lan wis wayahe tekan biasane bar luhur, bar asar warga kumpu lan acara diiwiti maca surat yasin, tahlil, nek wis rampun sesaji mau diselehke sakngarepe wong padha lungguh banjur didongani, sawise maca donga lan pinuwunan rampung diteruske kepungan, kepungan kui mangan bareng-bareng.

Anik : wonten sesajen menika kathah sanget nggih pak, menawi ingkung menika menapa?

Pak Zabidi : sajene sing dinggo kenduren kuwi meh podo karo sajen kendhuri liyane, ana ingkung, peyek, sega ambeng, sega golong, jenang, kembang setaman gedhang raja. Ingkung kuwi pitik jawa jago kang dimasak gurih minangka sajen.

Anik : maknanipun saking ingkung menapa nggih?

- Pak Zabidi : ingkung kuwi maknane nyembah njaluk pangapura marang gusti lan pasrah wujude ingkung kuwi nyembah pasrah nyenyuwun kuwi amung marang Gusti.
- Anik : ingkung menika biasanipun dipunkancani sekul wuduk nggih pak, sekul wuduk menika menapa maknanipun?
- Pak Zabidi : sega wuduk kui disebut sega rasul. Sik maknane njaluk keslametan lan safaa kanjeng nabi Muhammad saw.
- Anik : menawi apem menika maknanipun menapa nggih?
- Pak Zabidi : apem kuwi maknane kanggo njalokake pangapura marang Gusti.
- Anik : menawi menyan menika menapa nggih pak maknanipun. Kok wonten ingkang mastani bilih kangge ngundang makhluk gaib, menapa leres?
- Pak Zabidi : menyan kui gunane sakjane udu kanggo ngundang jin, nanging supaya kukuse bisa kanggo ngusir kewan sing nganggu kayata lemot. Kukuse ganda menyan kui kanggo nglantarake donga supaya tekan marang ngarsane Gusti Allah.
- Anik : menawi pisang sanggan menika maknanipun menapa pak? Lajeng menapa ingkang dipunginaaken kedah pisang raja?
- Pak Zabidi : pisang sanggan kui pisang raja sing maknane kui awaked minangka nyingga, nyingga kui pada karo ndonggake leluwur.
- Anik : pak kados pundi pamanggih panjenengan ngenging tradhisi ing jaman samenika?
- Pak Zabidi : miturutku masarakat tekan saiki isih percaya karo tradhisi. Wong yen wis seda kui bakal kumpul karo Gusti Allah kang

diarani Manunggaling Kawula Gusti, yaiku wong kang wis seda rohe bakal bali marang Gusti Allah.

- Anik : lajeng kados pundi pak tradhisi menika nganggu menapa kedah dipunlestantunaken miturut bapak?
- Pak Zabidi : tradhisi kui ora nganggu, justru kudu dilestareaken bek ora ilang, saiki akeh wong enom sik wis ra reti tradhisi. Apem ingkung rak ra ono sik reti maknane.
- Anik : nggi pak cekap semanten, kula badhe wangsul, nyuwun pangapunten sampun ngganggu, mbok bilih kathah lepatipun nyuwun agunging pangapunten. Assalamualaikum pak.
- Pak Zabidi : waalaikumsalam. ya nak, yen bali ngati-atি.
- Anik : nggih pak.

#### Catatan Refleksi :

1. Prosesi tradhisi slametan patangpuluh dinten.
2. Masrahaken sajen. Maos surat alfatihah, al iklas, tahlil.
3. Yasinan. Maos surat yasin, tahlil.
4. Makna Simbolik Sajen slametan patangpuluh dinten.
5. Pamanggih masarakat tradhisi dipunterima wonten ing masarakat.

### **Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 05)**

**Hari / Tanggal : Jum'at, 13 Oktober 2017**

**Jam : 18.30 WIB**

**Tempat : dalemipun ibu wasiyem**

**Narasumber : Ibu Wasiyem**

Anik : sugeng dalu bu

Ibu Wasiyem : sugeng dalu

Anik : sowan kula mriki badhe silaturahmi saha badhe nyuwun pirsa  
bab tradhisi patangpuluh dinten.

Ibu Wasiyem : ya nok, sik arep tok takoke bab apa?

Anik : sesajen ingkang dipunginaaken wonten peturon menika  
menapa mawon nggih bu?

Ibu Wasiyem : kabeh olahan ana sega ambeng sak lawuhe ana jangan tholo,  
pindang, gudheg, sega golong, peyek, thonto, gebingan, wajik,  
apem, tempe, kolak, krupuk, bakmi, rujak degan, ketan kuning,  
lan kabeh sak rupane sik diolah kui. Sakliyane pangan uga ana  
kembang sajen, kinang, menyan, udud, arta wajib.

Ibu wasiyem : pitik jago sing wis diresiki diolah, dibumboni gurih banjur  
diungkep, Bumbu-bumbunipun bawang, brambang, laos, jahe,  
salam, uyah saha gula jawa.. ingkung niku jodhone sekul  
wuduk, lalapanne nganggo jengkol, kobis, mandhingan,  
thokolan, dhele ireng lan krecek. Diulet sambel pecel utawa  
sambel kacang.

Anik : Peyekipun menika werni pinten bu? Napa kemawon isinipun?

Ibu wasiyem : nggen peyek niku onteng peyek dhele, peyek kacang, peyek gereh. Carane damel peyek, glepung dijadreni karo dibumboni uyah bawang, banjur dicampur dhele sik peyek dhele, kacang sik peyek kacang, trus dicampur gereh, nek peyek gereh terus digoreng nganti garing.

Anik : menawi apem kados pundi bu anggenipun damel?

Ibu wasiyem : glepung beras sing wis digilih mau banjur dijadern diulet nganggo santen, gula jawa, tape banjur digoreng nggo citakan apem.

Anik : menawi sekul golong bu?

Bu Wasiyem : Segalilok niku, seka sik golong, dibentuk bunder, dikepel-kepel nggo tangan loro banjur dibuntel godhong gedhang, lawuhe pindhang anteb.

Anik : menawi rujak degan kadospundi bu anggenipun damel?

Ibu Wasiyem : kambil sik iseh rada enom mau dibencah banjur dikerok lan dicampuri gula jawa supayane rasane legi.

Anik : jenang ingkang dipunginaaken menika wonten tiga nggih bu, wonten jenang pethak, abrit, kaliyan baro-baro, menawi jenang kadospundi bu anggenipun damel?

Ibu wasiyem : saka glepung beras, dicampuri santen, uyah. kabeh bahan dimasak diudhak. Jenang Abang bahane pada karo jenang putih banjur dicampuri gula Jawa supaya rupane jenang dadi abang. Jenang baro-baro pada karo jenang abang dicampuri parutan kambil kambil karo gula jawa sitik neng ndhuwure jenang.

Anik : bu kadospundi pamanggih panjenengan ngenggingi tradhisi  
slametan menika?

Ibu Wasiyem : miturutku tradhisi kui tetep kudu dilakoni nok, supaya sik  
seda oleh papan kang kepenak, uga kanggo nglestareake  
tradhisi supaya para mudha pada mangerti.

Anik : bu lajeng sesajen menapa nggih ingkang dados titikan utawi  
mbedaaken ingkang dipunginaaken wonten slametan menika?

Ibu Wasiyem : sajene niku sami kaliyan mitung dina, nanging ditambahi  
ingkung, sekul wuduk, lan lalapan dhele ireng.

Anik : menapa kedah ngginaaken ingkung bu, lajeng pawadanipun  
menapa?

Ibu Wasiyem : amarga ingkung kui, kaluwarga due pangajab minangka  
nyuwunaken pangapura marang sik seda supaya diparingi  
ampunan saka dosa lan lepate, oleh papn kang kepenak.

Anik : nggih gandheng sampun cekap kula badhe wangsul bu, kula  
nyuwun pangapunten sampun ganggu lan menawi kathah  
lepatipun kula nyuwun pangapunten.

Ibu wasiyem : ya padha-padha nok, yen bali ngati-ati.

Anik : nggih bu, maturnuwun, assalammualaikum.

Ibu wasiyem : waalaikumsalam.

#### Catatan Refleksi :

1. Jinis-jinisipun sajen ingkang dipunginaaken.
2. Cara anggenipun damel masakan daharan ingkang dipunginaaken  
kangge sajen.

3. Pamanggihipun bilih tradhisi kedah dipunlesstantunaken supados para mudha mangertos.

### **Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 06)**

**Hari / Tanggal : Selasa, 17 Oktober 2017**

**Jam : 17.00 WIB**

**Tempat : dalemipun ibu Ngadiyah**

**Narasumber : ibu ngadiyah (warga)**

Anik : assaammuaikum, kula nuwun.

Ibu ngadiyah : waalaikumsalam, mangga.

Anik : sowan kula mriki badhe nyuwun pirsa bab anggenipun damel daharan sajaen bu, nyuwun pangapunten menawi nganggu.

Ibu ngadiyah : rene-rene nok. Ya tak wangslane sak retiku.

Anik : bu sajen menika menapa nggih?

Ibu ngadiyah : sajen menika sedaya daharan lan sekar ingkang dipuginaaken kangge slametan.

Anik : bu sajenipun ingkang dipunginaaken kok katah sanget, menapa nggih kedah sedaya sajen menika, lajeng kadospundi menawi boten sedaya sajen ingkang kathah menika?

Ibu ngadiyah : masarakat mangunan yen ngunaake sajen nggih kados menika mbak, amargi para warga tasih njalanaken amargi sajen menika warisan saking mbah buyut, para warga boten ngewahi warnining sajen nggeh kedah pepakan menika.

Anik : bu menawi ingkung menika anggenipun damel kadospundi?

Ibu ngadiyah : ingkung menika saking pitik jago dipunolah wutuhan, dimasak gurih, bumbune uyah salam, bawang, brambang, santen.

Anik : menawi apem kadospundi anggenipun damel?

Ibu ngadiyah : tepung beras dipunjladren dipunsukani gula jawa kaliyan santen dipuntambahi endok setunggal kalih tape supados sagep empuk, mangke menawi sampun diulet sedaya lajeng dipungoreng ginaaken citakan apem.

Anik : menawi rujak dengan kadospundi bu anggenipun damel?

Ibu ngadiyah : kelapa sik dereng tuwa dipunkerok lajeng dipunsukani gula jawa supados rasane legi.

Anik : jenang menika anggenipun damel kadospundi bu, jenang pethak, jenang abrit saha jenang baro-baro.

Ibu ngadiyah : jenang digawe saking tepung beras. Jenang Putih menika dipundamel saking glepung, santen, toya kaliyan sarem. Sedaya bahan dipunmasak dipunudhak. Jenang Abang menika anggenipun damel bahanipun sami kaliyan damel jenang putih. Jenang putih ingkang tasih anget dipuntambahi gula Jawa sekedhik. Dipunsukani gula menika supados werninipun jenang dados abang. Jenang baro-baro menika jenang abang ingkang disukani parutan klapa kaliyan gula jawa sekedhik wonten ing nginggilipun.

Anik : menawi wajik anggenipun damel kados pundi bu?

Ibu ngadiyah : beras ketan dikum lajeng didang dikaru santen ingkang sampun disukani gula jawa supaya warine dados abang, didang maih, yen pun mateng dikepel-kepel supaya bunder.

Anik : menawi jadah kadospundi bu anggenipun damel?

Ibu ngadiyah : beras ketan dikum lajeng didang dipunkaru kalian parutan kambil, didang maih, yen pun mateng ditutu, yen pun adem diler wonten tambir lajeng diiris.

Anik : kadospundi bu anggenipun damel pisang sale?

Ibu ngadiyah : pisang dimasak wutuh dicampuri santen kalih gula jawa.

Anik : anggenipun masak sekul liwet kadospundi bu?

Ibu ngadiyah : beras dimasak wonten ketel yen pun adem dikeruk mangkikh dijupuk intipe disukani gereh, godhong turi godong pace lan sambel srundeng.

Anik : wonten ugi sekul ambeng nggih bu, menawi sekul ambeng kados pundi anggenipun damel?

Ibu ngadiyah : seka biasa mbak didang banjur diente-enet disukani awuh pepakan ana gudheg, thontho, blenyekan, sambel goring tempe, jangan tholo, gebingan, krupuk, peyek.

Anik : menawi sekul golong kadospundi bua anggenipun damel?

Ibu ngadiyah : sega biasa kui dikepel-kepel bunder, dilawuhi pindang antep, thokolan.

Anik : wonten ugi sekul wuduk nggih bu, menawi sekul wuduk menika kadospundi anggenipun damel?

Ibu ngadiyah : sega biasa dikaru ngangge santen sik disukani uyah, bawang brambang salam, banjur didang. Segaluruh iku biasane ana lalapane nganggo manding, jengkol sik diiris cilik-cilik, thokolan, dhele ireng, lan nganggo sambel kacang.

Anik : bu kados pundi pamanggihipun panjenengan ngenggingi tradhisi ing jaman samenika?

Ibu Ngadiyah : yen menurutku yo tradhisi niku kudu ditindaake mbak kanggo nguri-uri supaya lestari, masarakat mangunan kene yo isih asrin nganaake tradhisi sik ana hubungane karo budaya, ya kui tradhisi mreti dhusun, tradhisi mitoni, tradhisi slametan kematian, sakliyan nika masarakat nggih tasih nginaaken ubarampe kangge nyengkuyung tradhisi.

Anik : bu ingkang sajenipu menawi patangpuluhan dinten menapa ingkang bedaaken nggih?

Ibu Ngadiyah : sajene pada mbak karo mitung dina, ning ditambah ingkung, sak komplite ana sega gurih, lalapan dhele ireng rambak, sambel kacang.

Anik : kadosipun sampun cekap bu, nggih gandheng sanpun cekap saha wekdalipun sampun dalu, kula badhe nyuwun pamit. Saderengipun kula nyuwun pangapunten menawi sampun ganggu, saha katah lepatipun anggnipun matur. Maturnuwun sanget nggih bu.

Ibu ngadiyah : nggih sami-sami mbak.

Anik : assalammualaikum.

Ibu ngadiyah : waalaikumsalam.

#### Cataran Refleksasi:

1. Masarakat Mangunan anggenipun nglampahi salametan tasih nginaaken maneka warninipun sajen.
2. Masarakat mangunan tasih pitados saha tasih nindaaken tradhisi dumugi samenika.
3. Masarakat pitados bilih sajen menika warisan saking mbah buyut, lan warninipun sajen boten dipunewahi.
4. Cara anggenipun damel daharan ingkang dipunginaaken kangge sajen.

**SURAT PERNYATAAN**

Yang bertandatangan dibawah ini saya :

Nama : *Sargito*

Umur : *51*

Agama : *Islam*

Pekerjaan : *Wirasaha*

Alamat: *Mangunan RT:12, Mangunan, Dlingo, Bantul*

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah benar-benar diwawancara secara mendalam oleh saudari Anik Wulandari untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul " Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul". Demikian surat pernyataan ini saya buat, supaya dapat digunakan sebagaimana mestinya.

Mangunan, 9 Oktober 2017

Yang menyatakan,



( *Sargito* )

**SURAT PERNYATAAN**

Yang bertandatangan dibawah ini saya :

Nama : *Sagimin*

Umur : *69*

Agama : *Islam*

Pekerjaan : *Tani*

Alamat: *Mangunan RT.14,*

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah benar-benar diwawancara secara mendalam oleh saudari **Anik Wulandari** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul “ Upacara Tradisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul ”. Demikian surat pernyataan ini saya buat, supaya dapat digunakan sebagaimana mestinya.

Mangunan, 10 Oktober 2017

Yang menyatakan,

( *Sagimin* )

### SURAT PERNYATAAN

Yang bertandatangan dibawah ini saya :

Nama : Sarjana. A.ma.Pd.

Umur : 69 th.

Agama : Islam .


Pekerjaan : Guru

Alamat: Sunggo, Selopamioro, Magetan

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah benar-benar diwawancara secara mendalam oleh saudari Anik Wulandari untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul " Upacara Tradisi Slametan Patangpuluhan Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul". Demikian surat pernyataan ini saya buat, supaya dapat digunakan sebagaimana mestinya.

Mangunan, 11 Oktober 2017

Yang menyatakan,



(Sarjana).

( )

### SURAT PERNYATAAN

Yang bertandatangan dibawah ini saya :

Nama : *Zabidi*

Umur : *52*

Agama : *Islam*

Pekerjaan : *Tani*

Alamat: *Cengkeh, Wukirsari, Jnoqire*

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah benar-benar diwawancara secara mendalam oleh saudari Anik Wulandari untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul " Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluhan Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul". Demikian surat pernyataan ini saya buat, supaya dapat digunakan sebagaimana mestinya.

Mangunan, 15 Oktober 2017

Yang menyatakan,

*Zabidi*  
(*Zabidi*)

**SURAT PERNYATAAN**

Yang bertandatangan dibawah ini saya :

Nama : *Was'yem*

Umur : 55

Agama : *Islam*

Pekerjaan : *Tani*  
Alamat: *Cengkeanan RT: 04 Jln. Loya*

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah benar-benar diwawancara secara mendalam oleh saudari **Anik Wulandari** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul " Upacara Tradisi Slametan Patangpuluhan Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul". Demikian surat pernyataan ini saya buat, supaya dapat digunakan sebagaimana mestinya.

Mangunan, 17 Oktober 2017

Yang menyatakan,

*WY*

( *Was'yem* )

**SURAT PERNYATAAN**

Yang bertandatangan dibawah ini saya :

Nama : Ngadiyah

Umur : 59

Agama : Islam

Pekerjaan : Tani

Alamat: Mangunan Rt II Mangunan Dlingo

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah benar-benar diwawancara secara mendalam oleh saudari **Anik Wulandari** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul " Upacara Tradhisi Slametan Patangpuluh Dinten Sedanipun Tiyang wonten ing Dhusun Mangunan, Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo, Kabupaten Bantul". Demikian surat pernyataan ini saya buat, supaya dapat digunakan sebagaimana mestinya.

Mangunan, 17 Oktober 2017

Yang menyatakan,

  
 Ngadiyah

**KEMENTERIAN RISET, TEKNOLOGI, DAN PENDIDIKAN TINGGI  
 UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
 FAKULTAS BAHASA DAN SENI**  
 Jalan Colombo No.1 Yogyakarta 55281 (0274) 550843, 548207, Fax. (0274) 548207  
 Laman: fbs.uny.ac.id, e-mail: fbs@uny.ac.id



**Nomor** : 737a/UN.34.12/DT/IX/2017  
**Lampiran** : 1 Berkas Proposal  
**Hal** : Permohonan Izin Penelitian

Yogyakarta, 12 September 2017

PRMFBD/23.01  
10 sep 2011

**Yth. Bupati Bantul**  
**c.q. Kepala BAPPEDA Kabupaten**  
**Bantul**  
**Komplek Parasamya Jl. R.W.**  
**Monginsidi No. 1 Bantul 55711**

Kami beritahukan dengan hormat bahwa mahasiswa dari Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta bermaksud mengadakan **Penelitian** untuk memperoleh data guna menyusun Skripsi dengan judul:

**UPACARA TRADHISI PATUNG PULUH DINTEN PEJAHIPUN TIYANG WONTEN ING DHUSUN MANGUNAN DESA  
 MANGUNAN KECAMATAN DLINGO KABUPATEN BANTUL**

Mahasiswa dimaksud adalah

**Nama** : ANIK WULANDARI  
**NIM** : 14205241013  
**Jurusan/Program Studi** : Pendidikan Bahasa Jawa  
**Waktu Pelaksanaan** : Oktober 2017  
**Lokasi** : Dhusun Mangunan Desa Mangunan Kecamatan Dlingo Kabupaten Bantul

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan kerjasama Bapak/Ibu, kami sampaikan terima kasih.





**PEMERINTAH KABUPATEN BANTUL  
BADAN PERENCANAAN PEMBANGUNAN DAERAH  
( B A P P E D A )**

Jln. Robert Wolter Monginsidi No. 1 Bantul 55711, Telp. 367533, Fax. (0274) 367796  
Website: bappeda.bantulkab.go.id Webmail: bappeda@bantulkab.go.id

**SURAT KETERANGAN/IZN**

**Nomor : 070 / Reg / 2961 / S1 / 2017**

<b>Menunjuk Surat</b>	:	Dari : Fakultas Bahasa dan Seni UNY Nomor : 737a/UN 34.12/DT/X/2017 Tanggal : 12 September 2017 Penhal : Ijin Penelitian
<b>Mengingat</b>	:	<ul style="list-style-type: none"> <li>a. Peraturan Daerah Nomor 17 Tahun 2007 tentang Pembentukan Organisasi Lembaga Teknis Daerah Di Lingkungan Pemerintah Kabupaten Bantul sebagaimana telah diubah dengan Peraturan Daerah Kabupaten Bantul Nomor 16 Tahun 2009 tentang Perubahan Atas Peraturan Daerah Nomor 17 Tahun 2007 tentang Pembentukan Organisasi Lembaga Teknis Daerah Di Lingkungan Pemerintah Kabupaten Bantul;</li> <li>b. Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 18 Tahun 2009 tentang Pedoman Pelayanan Perijinan, Rekomendasi Pelaksanaan Survei, Penelitian, Pengembangan, Pengkajian, dan Studi Lapangan di Daerah Istimewa Yogyakarta;</li> <li>c. Peraturan Bupati Bantul Nomor 17 Tahun 2011 tentang Ijin Kuliah Kerja Nyata (KKN) dan Praktek Lapangan (PL) Perguruan Tinggi di Kabupaten Bantul.</li> </ul>
<b>Dilizinkan kepada</b>	:	
Nama	:	<b>ANIK WULANDARI</b>
P. T / Alamat	:	Fakultas Bahasa dan Seni UNY Karangmalang
NIP/NIM/No. KTP	:	3402115007350001
Nomor Telp./HP	:	089687142439
Tema/Judul Kegiatan	:	<b>UPACARA TRADHISI PATUNG PULUH DINTEN PEJAHIPUN TIYANG WONTEM ING DHUSUN MANGUNAN DESA MANGUNAN KECAMATAN DLINGO KABUPATEN BANTUL</b>
Lokasi	:	Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo
Waktu	:	12 September 2017 s/d 12 Desember 2017

**Dengan ketentuan sebagai berikut :**

1. Dalam melaksanakan kegiatan tersebut harus selalu berkoordinasi (menyampaikan maksud dan tujuan) dengan institusi Pemerintah Desa setempat serta dinas atau instansi terkait untuk mendapatkan petunjuk seperlunya;
2. Wajib menjaga ketertiban dan mematuhi peraturan perundungan yang berlaku;
3. Izin hanya digunakan untuk kegiatan sesuai izin yang diberikan;
4. Pemegang izin wajib melaporkan pelaksanaan kegiatan bentuk softcopy (CD) dan hardcopy kepada Pemerintah Kabupaten Bantul c.q Bappeda Kabupaten Bantul setelah selesai melaksanakan kegiatan;
5. Izin dapat dibatalkan sewaktu-waktu apabila tidak memenuhi ketentuan tersebut di atas;
6. Memenuhi ketentuan, etika dan norma yang berlaku di lokasi kegiatan; dan
7. Izin ini tidak boleh disalahgunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu ketertiban umum dan kestabilan pemerintah.

Dikeluarkan di : B a n t u l  
Pada tanggal : 12 September 2017

A.n, Kepala,  
Kepala Bidang Pengendalian  
Penelitian dan Pengembangan u.b.  
Kasubbid Penelitian dan  
Pengembangan  
  
BAPPEDA  
HENY ENDRAWATI, SP.MP  
NIP: 19710608/199803.2.004  
BANTUL

**Tembusan disampaikan kepada Yth.**

1. Bupati Bantul (sebagai laporan)
2. Ka. Kantor Kesatuan Bangsa dan Politik Kab. Bantul
3. Camat Dlingo
4. Lurah Desa Mangunan, Kec. Dlingo
5. Dekan Fakultas Bahasa dan Seni UNY
6. Yang Bersangkutan (Pemohon)



**PEMERINTAH KABUPATEN BANTUL  
KECAMATAN DLINGO**  
**PEMERINTAH DESA MANGUNAN**  
 Alamat : Mangunan,Dlingo, Bantul kode Pos 55783

**SURAT IZIN PENELITIAN**

NO: 141/02

Berdasarkan surat dari Badan Perencanaan Pembangunan Daerah (BAPPEDA) Nomor : 070/reg/2961/s1/2017 perihal surat ijin penelitian, maka Lurah Desa Mangunan, Kecamatan Dlingo Kabuapten Bantul memberikan ijin penelitian kepada :

Nama	:	ANIK WULANDARI
Perguruan Tinggi	:	Fakultas Bahasa dan Seni UNY
Alamat PT	:	Karangmalang Yogyakarta
NIK	:	3402115007950001
No. HP	:	089687142439
Judul penelitian	:	UPACARA TRADHISI PATANGPULUH DINTEN SEDHANIPUN TIYANG WONTEN -ING DHUSUN MANGUNAN DESA MANGUNAN KECAMATAN DLINGO KABUPATEN BANTUL
Lokasi	:	DESA MANGUNAN, KECAMATAN DLINGO
Waktu	:	12 September 2017 s/d 12 Desember 2017

**Dengan Ketentuan:**

1. Terlebih dahulu melapor dukuh tempat kegiatan penelitian untuk mendapat petunjuk secukupnya.
2. Wajib menjaga tata tertib dan ketentuan yang berlaku.
3. Wajib memberikan hasil penelitian kepada pemerintah desa mangunan
4. Surat ijin ini dipergunakan untuk keperluan penelitian ilmiah dan dapat diajukan lagi untuk mendapatkan perpanjangan bila diperlukan.
5. Surat ijin ini dapat dibatalkan sewaktu-waktu apabila tidak mematuhi ketentuan tersebut.

Demikian surat ijin ini kami sampaikan, untuk dapat dipergunakan sebagaimana mestinya.



**Tembusan :**

1. Dukuh Mangunan
2. Yang bersangkutan
3. Arsip